Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ





**ХъахIабросулъа МахIмуд**
**1873 - 1918**

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2018**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат ЗургЬалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


### ЦIИЯЛ АСАРАЛ

**М.АхIмадов**. Суалазулги суал....3

### ЮБИЛЕЙ

**Т.Зургьалова.** Къаламги ритIухъай ракIги бацIцIадай....14

### ПЬЕСАБИ

**ГI.Аварский**. Векьарухъанги наибасул ясги....23

### ХIУСЕН ХIАЖИЕВ ГЪАВУРАЛДАСА 80 СОН

**ХI.ХIажиев**. МичIчIикъайи (къиясаялъул кесек)....29

### КIОЧОНАРЕЛ ЦIАРАЛ

**А.ГIамирханов.** Гъалъул цIар цIвалъун хутIила....39

### ХАРБАЛ

**ГI.Малачиева.** Ццидал боркьиги, рокьул гьалдейги....48

**Н.НурмухIамадов.** ГъотIода тIад рогьараб сордо....57

### КУЧIДУЛ

**М.ГIисаева.** Циялъ хъамурай яс....61

### ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Ш.Шагьмарданов.** Генул гъветI *(къисаялъул кескал)*....65

### ГIОЛОХЪАНАЛ ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАЖЛИСАЛЪУЛ ГIАХЬАЛЧАГIИ

**П.МухIамадова.** *КучIдул*....75

**З.ХIажиева.** *КучIдул*....76

**Ф.ТIагьирова** *КучIдул*....78

**С.МухIумаева.** *КучIдул*....79

**Р.Халидов.** *КучIдул*....80

**М.Нуцалханова.** *КучIдул*....82

**Ш.ГIабасова.** *Хабар.*....84

### ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

Хадуб ругьунлъула....87

### ГЪАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ

ГъалбацIхIажил махсараби....94



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография:** ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр. Петра 1, 61

**ДРУЖБА №3 2018 г.**
май - июнь
*На аварском языке*

Выход в свет 18.06. 2018 г.
Тираж 817 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 211 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# ЦIиял асарал



МухIамад АХIМАДОВ

## СУАЛАЗУЛГИ СУАЛ

Цого-цо суал буго
Суалазул суаллъун:
- Кин Аллагьасда цеве,
Мех щведал, эхетилев?

ЛъугIулеб нухтIа вуго,
Зобалазухъ валагьун,
Аллагьасе гьабулеб
ДугIадул заман хутIун.

РагIулеб буго гьаракь
Ракьалъул гIумруялъул:
- ГIемер хабар бицунге,
Хириял кIалал тоге.

Мунагьазул цIураб мех
ЦIар дир ахIулеб буго:
- Аллагьасе какал ран,
Камил гьабе гIумруйин.

ГIумруялъул бигъараб
ГIомо бичулев вуго:
- Бечед кIочон тогейин,
Аллагь рекIелъ цIунейин.

Аллагьасда бихьула,
Аллагьасда рагIула,
Аллагьасда лъикI лъала, -
Лъил, кинаб божи бугеб.

Кьижун руго гIадамал,
ГIедегIун буго заман,
Занал руго ралагьун,
АхIул ишарабилъун.

Гьезда гъоркь бахчун буго
Нилъер суал ишара:
- Аллагьас кьураб гIумру
Аллагьасе щай кьечIеб?

Суалазулги суал
Кьолеб буго диего:
- Аллагьасда цеве мун
Кин эхетизе вугев?

* * *

«ГIабасил МахIамад гIанситIе ккараб
ГIасру бачIун бугин абуна дица», -
Цинги ГIабасилав гьимун кIалъана,
ГIансиде дир ракIги кечIги ккун гьечIин.

Чанго лъагIел ана… ЛъагIилухье дун
Дур хабаде щвезе щун вуго, гьудул.
Мун, гIурччинаб ахикь, гьутIбузул рагIдукь
Кьижун вуго гьанже абадиялъго.

Гьенир хIанчIаз руго авар мацIалда
АхIулел дур кучIдул, рачун бакъналгун.
Гуро гьаб дунargential гьоболасул рукъ,
Буго гьаб дуниял шагIирасул ах.

Ахикь, дур хабаде тIадеги къулун,
Къваридго вуго дун, магIарул шагIир.

* * *

ТIаса раче, Аллагь,
Гьал гьерсихъаби,
Рехъаби лъугьарал
Гьал мацIихъаби.
МоцIазги къоязги,
Къасиги къадги,
Къадарлъи бекьулел
Рекьарухъаби.

Дица киданиги
Жаваб кьоларо,
Жанисеб жахIтадул
ЖужахI бугезе.

КочIол агьлу гурел,
Аллагьги кIочон,
Чорокал ракIалгун
РукIине риччай.

Гьезий тамихI дуца
Гьабе, БетIергьан,
Гьунар цIунун ругел
ЦIуне, БетIергьан…
ШагIирзаби ругин
Жалго гуккулел,
Руккелал гIемерлъи
Дир гIайиб гуро.

* * *

Нухал гIемерлъанагIан
ГIемерлъана мунагьал,
Аллагьасухъе нухда
Хадур чIана гьалатIал.

РакI бетIергун багъана
БетIергьанилан ахIун,
АхIи-хIуралда гьоркьоб
Гьаригун дугIа гьабун.

Дир рекIелъ рохалил ицц
Баккана, божилъи лъан,
Божалалда как байдал,
Каранлъ рещтIана хIалхьи.

ХIал лъугIулеб мехалда
Дица дугIа гьабуна,
Дунялалъул берцинлъи
Дий кьурав Аллагьасе.

РекIеда канлъи бихьун,
Каранзул зобал роцIун,
Кири щвезе анищгун,
Вуго дун дунялалда.

ТIасалъугьун тун руго
Тушбабигун квешлъаби, -
Квер гIунтIилеб батила
Балъго зобазда хъвазе.

Къилбаялдеги вуссун Вуго
какикьжоялда: Киданиги
букIинчIо ГьебгIан
талихIаб лахIзат.

АхIула дир рекIеца,
РикIкIуна пикрабаца:
- Рецц дуе буго, Аллагь,
Гьаб дуниял бижарав.

Лъугьуна мажгиталде
Божилъидул как базе, -
Замана хутIун буго
БетIергьанасе кьезе.

* * *

Херлъи, хасел гIадин, гIагарде щвана,
ГIазу балеб буго дир керемалде.
Дида гьелъул роржен буго бихьулеб,
Хьулал цIорон, цIер къан руго хутIулел.

БитIараб бицани, берцинлъиялъул
Роцен хисун буго, рецц лъугIун буго.
ЛъугIун унеб гIумру, гIазукь хутIараб
ГIазабазул тIегьлъун, гьимулеб буго.

Гьеб къваридаб гIумру, дир къасдалги чIван,
Къасиги радалги пикрабалъ буго.
Балъголъи лъан буго заманаялъул, –
Заназде хъван балеб бихьула гIазу.

ГIузрабазул цIураб дуниялалда
Дун цIорораб гъасда гъаримго вуго.
Гъираго гьечIого бакулеб буго,
Кумекалъе бугеб пикрабазул цIа.

ЦIар буго цIорораб цIа гIадин хутIун,
ХатI буго свакарал кверазукь хисун.
Хасел гIадин херлъи гIагарлъун буго,
ГIазу балеб буго дир керемалде.

Кинабго кIочон тун сихIкъотIиялъул
Къваридал бакъназухъ вуго гIенеккун.
ГIекколеб гIумрудул къатIраби руго
КъотIулареб гIазул рорженгун цолъун.

ГIазул хIулабилъун лъугьараб хIухьел
ХIехьезе тIамулев вуго сонаца…
Цо БетIергьанасде хутIана рокьи –
Ракьалдаса вуго зодой валагьун.

* * *

Унго, гьабичIого хутIарабщинаб,
Гьабизе ракIалда букIарабщинаб…
Щибаб лахIзаталда пикру гьабула:
- Гьаб дуниялалъ дун гуккун тарав куц!

КIудияб бугилан ккараб гьаб гIумру,
ГIаммаб чед гIадинан, буго лъугIулеб.
ГIумруялда рекъон кIетIараб дир ракI
БакI батуларого буго хутIулеб.

Унго, тIубачIого хутIарабщинаб,
ТIубазе анищлъун букIарабщинаб;
Щиб бицананиги, унго, гIумруялъ
Унеб бугеблъицин лъазе течIеб куц.

Дир къасдазул тIугьдул къанщулел руго,
Анищазул цIваби щинкIулел руго…
Щиб дица бицинеб цогиги гьанже:
- Аллагьасе гуреб замана гьечIо!

* * *

«Лъида данде рахъине
Рахъун ругел къватIире,
Лъида данде гьудуллъи
Гьабизе гIедегIарал?
ГIадамал нуж ратани,
Абе бадибе рагIи,
МагIарулал ратани,
Какуге магIарулал».

Гьедин абулеб буго
РекIеца щибаб къойил,
РекIедаса ун ругел
ГIабдалзаби рихьидал.

Рихьдае гIумру гьабун,
Гьерсие лагълъи гьабун,
Гьаб дуниял тирулел
Терхераби ратидал.

Дида чIалгIун бугеб куц
ЧIанда чагIазул гьаракь,
Дида рихун ругел куц
Хун ругел гьал гIадамал.
ГIадада гуро дица
ГIемерал соназ цебе
Берцинлъиги гьунарги
ГIужий босулин хъвараб.

## БЕЦЦАСУЛ МАКЬУ

Канлъул макьу бихьун,
Кьижула беццав,
Бицуна гьесие
Макьица маргьу.

ГIумруялъул кьерал,
Цо-цоккун рачIун,
ЧIола гьесда сверухъ,
Урхъун, нураллъун.

Рогьел бачIарабго
ЛъугIула маргьу,
Рагьарал беразулъ
РещтIуна бецIлъи.

Аллагьасе реццгун
Валагьула гьев
Гьаб дуниялалъухъ
РекIел бераца.

РакI беццлъарал руго
Беццасда сверухъ,
ТIом биццатал руго
Беццасда аскIор.

Гьезий маргьу гьечIо,
Мунагьал гурел,
Гьезий кьерал гьечIо
ЧIегIерал гурел.

Кьерхараб, кьер гьечIеб
Кьун буго макьу,
ЖахIтаяб, гьерсилаб
Кьун буго гIумру.

…ШагIир, мунги вуго,
Беццав гIадинан,
ГIадамазда гьоркьов
Гьаб дунялалда.

Амма рекIел бераз
Валагьун вуго
Аллагьасухъ даим…
Гьеб буго талихI.

* * *

Цо рахъалда – чиякълъи,
Цо рахъалда – чиярлъи,
Чи цадахъ гьечIеб сапар,
Чу щвечIеб гIодосан нух.

Хадуб балагьун буго
Гьонода росдал сухъмахъ,
Сундухъ дун хисарабин,
Хинаб росу тарабин.

Дица щибаб рогьалилъ
Рагьулеб буго горду,
Гордукь хъудула Каспий,
Каранда – магIарухълъи.

Цо рахъалда – гIаданлъи,
Цо рахъалда – гIадаллъи,
ГIадамазда гьоркьов дун
Даим гIицIго хутIана.

Шагьаралъул зобазда
ШагьримоцI бихьуларо,
РокьутIе гIарацги тIун,
ГIумру берцин гьабулеб.

Сверухъ квас-квас самулел
РусулнакIкIазда гьоркьоб
Росулъ угьдула хIухьел,
Угьун дица битIараб.

Цо рахъалда – рекIел нух,
Цо рахъалда – кочIол нух,
Гьезул цолъиялъ буго
Цо бугеб гIумру цIунун.

## ЖАКЪАСЕБ БАЛЛАДА

Хвана ракьалда шагIир,
ГIадамазда лъачIого, -
Хадусев щив?

ЧIвана ракьалда гIащикъ,
Рокьиги бичIчIичIого,
Хадусев щив?

Къанщана цоги инсан,
Инсухълъи гIодилеб тун,
Хадусев щив?

Холеб буго рахьдал мацI,
МацIалда гьоцIо лъугIун, -
Хадусеб лъил?

Лъимал руго чиярал,
Чиякъал, чилъи гьечIел, -
Хадусел щал?

Щун буго квешаб заман,
Заназда къвалал рараб, -
Хадусел щал?

Унтараб улка буго,
Каранда квешлъиги лъун, -
Хадусеб кин?

Киналго халкъал руго
Къварилъи баччун унел, -
Хадусел щал?

Намус буго соролеб,
Къадру буго къулулеб, -
Хадусеб щиб?

Хасият буго холеб,
ГIамал буго билулеб, -
Хадусеб щиб?

Гьеб кинабго цIунулев,
ЦIадулав шагIир хвана –
Хадусев щив?

Хадур рачIунел руго
МацIги цIарги кIочарал, -
Хадусев щив?

## КІУДИЯЛ ШАГЬАРАЛ

КІудиял шагьарал рокьуларо дий,
КІудиял рукІуна гьезул мунагьал.
Гьезул къватІазда мун, цІунцІра гІадинан,
ГІадаллъиялъ мал чІун, чІчІинтІизавула.

КІудиял шагьарал рагьарал руго
Балагьазул гьурал жанир рагъизе.
Ругъназул цІун руго гьенир къисматал,
Къасдалги къосуна къасиги къадги.

КІудиял шагьараз, ратІа тІезарун,
Зарукье рачунел руго гІадамал.
ГІатІидаб рекІее гьениб бакІ гьечІо,
БукІинесеб буго къориниб тІамун.

КІудиял шагьараз, ралъдалъ лъим гІадин,
ГІадамазул гІумру жубазабула.
Жули-гІалам буго гьезул къватІазда,
ЖужахІги алжанги рихьула цолъун.

КІудиял шагьарал, кІодолъиялъулъ
КІудияб цо гІицІлъи бахчарал руго.
КІудиял шагьарал кІудияб гІарцул
ГІорцІуларел квераз къан ккурал руго.

КІудиял шагьараз рухІги намусги
ЯхІ гьечІолъиялъул гьакида рала.
Аллагь кІочон тарал къапилабазе
Къап магІарде унеб шагьра рагьула.

КІудиял шагьараз чІвала рахьдал мацІ,
Рехьедлъун гьабула гІадамазул тІел.
ГІалам, берцинлъидул суратги кІочон,
Сурукълъи бокьизе ругьун гьабула.

КІудиял шагьараз рогьо хІехьола,
ХІалихьалъиги гьез хІалхьуда тола.
Рагъул майданалда ругел кинигин,
Киналго цоцаде кьал ахІун чІола.

КІудиял шагьарал рокьуларо дий,
Рокьула гьитІинал мугІрул росаби,
МагІуги бичІчІулел, рохелги лъалел, -
Лъала, гьез цІунараб буго Дагъистан.

## ПАЛЕСТИНАЯЛЪУЛ НУХАЗДА

Гьанже тIинкIулеб магIил
ТIириги ургъел гьечIо,
Ургъел гьечIел тIадчагIаз
ТIад малги чIун буго халкъ.
Рагъул гъугъаяз руго,
Гъурулел пачалихъал
Чвахулел руго биял,
Бидулаз цIун буго ракь.

Рокьул шагIирзабаца
ШигIрудал бусен лъураб
Востокалъул зобазда
Даимаб балагь буго,
Аллагьасе какги бан,
Кинабго дунял ккурал
Шайихзабазул дугIа
РагIулел лъугIун руго.

Биххун буго Ливия,
Ливан буго угьдилеб,
Огь, некIсияб Аль-Акса,
ГIакса сверана дунял.

Дур ракь тIутIулеб буго
ЖугьутIаз, Палестина,
Ва гIасилъиялъ щекъер
Къакъалеб бихьула дур.

Дур некIсияб ракьалда
Дун гьоболлъухъ вукIана.
РакIалдаса унаро
Дур руччабазул магIу, Дур
лъималазул гIоди,
ГIадамазул пашманлъи,
Рукъун заралгун унел,
Къирщун цабигун чIвалел.

Бусурбаби цолъараб
ЦохIо пачалихъ гьечIо,
Цо нух нусиде бикьун,
КъабгIелел руго цоцалъ…
…Цо вугев дир БетIергьан,
Гьарулеб буго ракIалъ,
РакIал цолъизе гьаре,
Гьаб ракь хвасар гьабизе.

* * *

Херав палестинас каранда къараб
Хвараб лъимер буго беразда цебе.
БухIараб рукъалъул хутIараб рахъу,
Рахъ-рахъалде унеб буго гьороца.

ГIадаллъарай гIадин, гIодулей эбел,
Эбелалъул квенчIел ккун чIарал лъимал.
ЧIварал рукъулаго, рекъел лъачIого,
БачIунеб бихьула мун, Палестина.

* * *

Данде бакIаризе кIвеладай гIумру
МугIрул рехун тарал магIарулазда?
Дагъистан, дур гьумер хисулеб буго,
Росабалъ чияр мацI бицунеб буго.

Данде бакIаризе кIвеладай къисмат
Къосараб нухдаса унеб халкъалда?
Къарну белъанхъулеб буго дуда тIад,
ТIадмагIарул гIумру дагьлъулеб буго.

**ЧIунтун руго хурзал, хун руго ахал,**
**Ахир заманаялъ хъвала накъищал:**
**Хъалаби рихьула, гIадамал гьечIел,**
**ГIадамал рихьула рехьедлъун унел.**

**Рогьалилъ хIелеко гIигIидуларо,**
**ГIиял гъади гьечIо, гъадил сас буго.**
**Гьанже рогьалида гIачи гъезегIан,**
**Маргьу бицунаро, кечI ахIуларо.**

**Мадиро лъаларо, гвай кIочон буго,**
**ЦIудул бусабазда илбисал руго.**
**Цин гIадамал какун, цинги какал ран,**
**Кинабали цIияб къапила буго.**

**Дица рахьдал мацIалъ цIалулеб шигIру,**
**ГIицIго хIажат буго мугIрул тIогьазе…**
**МагIарулал ана мугIрул рехун тун,**
**Риххана, рилана, ральдалъ иццаллъун.**

## «ДИЕ ШАГIИРЗАБИ РОКЬУЛАРИН» АБУЛЕСЕ

**Дурги дирги ватIан батIияб буго,**
**БатIияб гьелдехун рокьиги буго.**
**Бокьула дуй ватIан кьолеб-толелъухъ,**
**Дий ватIан бокьула – ватIан букIиналъ.**

**Нилъер ритIухълъиги буго батIияб,**
**Дуца гьеб бичула, дица баччула.**
**Ччунги хунги дунял кунев вуго мун,**
**Кида мун гIорцIилев? – ГIодове виччай!**

* * *

**ГIумруялъ хабалал руго рухъулел,**
**Хвалица гIадамал руго рахъулел.**
**Рагъул авлахъалда ругел кинигин,**
**Кинго хIалхьи толеб гьечIо халкъазе.**

**Цоязухъа ватIан буго бахъулеб,**
**Цогидазул къисмат буго бихъулеб, -**
**Хъудулеб, гьалдолеб, балагьаз цIураб,**
**ЦIар бидуца хъвалеб бачIун буго век.**

## ЖАВАБ

Руго дун вокьуларел,
Кьерда чIун, иргаялда.
Дун вокьулелги руго
Вокьуларезда гьоркьор.

Дида цебего лъана
Лъалебцин лъалареблъи,
ЛъикIлъиялъухъ кидаго
Баркала щолареблъи.

Бихьула хъахIаб тIамач –
ТIадвугесул сайигъат.
ТIадаб налъи тIубазе
БетIергьанас битIараб.

Гьелда тIад киданиги
Дица гьереси хъвачIо:
- ТIагIа дида цереса,
Цересел гьерсихъаби!

Дир жаваб буго нужей
Жавгьарлъун бугеб жугьа,
Дун вокьуларелщиназ
Щибаб кьойил цIализе.

* * *

Унге мун дир рекIелъа,
унге мун дир кочIолъа,
КунчIи батIияб буго
йокьулелъул беразул…
Базе те гIазугун цIад,
кьерхун – роцIине дунял,
Дунялалда бацIцIадго
букIине рекIел кIутIи.
Унге мун карандаса,
къисматалъул нухдаса,
Дидаса батIа тIечIеб
гьунаралъул цIва гIадин,
ХIалхьи къоязе кьолеб
къабулаб сагIат гIадин
Унге мун пикрабалъа,
рагIул балъголъи гIадин,
Балъго зобазде лъолеб
хIикматаб болъо гIадин.
Унге мун анищалъа,
шигIруял хиялалъа,
Унге, жеги соролел,
сагьвилал кIутIбузулъа,
КIутIи рекIел хехлъулел
хириял къоязулъа,
Хиянатлъи лъаларел
гIищкъул лахIзатазулъа.
ЯхIалъе къуват кьолеб
рокьул борхалъудаса,
Унге мун гIумруялъул
къеч буссинчIеб иццухъа,

Ццидаца рахIат течIеб
ритIухълъидул рокъоса…
Унге мун, унгейилан,
угьдулеб буго дир ракI, -
ГьечIо ракьалда талихI –
бухIун лъугIана рокьи.

## РОКЪОБЕ НУХ КЪОСАРАВ

Рокъове вуссине нух къосарав вас,
Росдал рагIалде щун, гIодилев вуго.
ГIагараб ракьалъул гьаракьги рагIун,
ГIумруялда хадув хапдолев вуго.

Гьас гIагараб тIалъи гьитIинго тана,
ТалихI балагьизе къватIив вахана.
Ун батана гIумру, лахIзат гIадинан,
ГIолохъанал ихал хутIана гIазукь.

ГIазу балеб буго гьанже рекIелъе,
РикIкIалъана талихI, ватIан танагIан.
ТIадвугесде вуссун, гьарделев вуго,
Аллагьасе ралев какал кIочарав.

Аллагь кIочарасда ватIан кIочона,
ВатIан кIочарасда Аллагь кIочона…
ЧанцIул бицаниги, гьав пакъирасе
Панкъ чияца бежун кьураб букIана.

Гьанже рокъобе нух ракIалдеги щун,
Щун вуго росулъе, хасел рещтIиндал…
ТIаде къулун ругел рорхатал мугIруз
МагIу бацIцIине квер бегьулеб гьечIо.

Гьав тIуркIулев вуго рахьдал мацIалъул
ЩIудулаб гьаракьалъ, росулъан чIвалеб…
ЧIвараб гIумру чIаго гьабизе гIадин,
Гьав гIодулев вуго росдал рагIалда.

## КЕЧI ЧIВАРАБ ГУЛЛА

Дир соназул чIумал, мехазул маххал,
Рихх-риххулел руго, тIун унел руго.
Унтиги бухIиги хIехьолеб рекIелъ
БакIаб ургъел буго – ана гьаб гIумру!

**Ана гIурул ханал рухулеб гIорлъун,**
**ГIуру бухъулаго унеб бартилъун:**
**БатичIо, батилин анищ букIараб,**
**ЩвечIо, щвелин абун хиял букIараб.**

**Буго гьанже рагьдухъ хъван балеб гIазу,**
**ГIазабазул цIураб цIорораб дунял.**
**Дун, куркьбал рекараб мугIрул цIум гIадин,**
**ГIодове вортулев вуго гIумрудулъ.**

**РагIиги дугIаги цолъараб шигIру**
**ЦохIо лъиданиги гьечIо рагIулеб:**
**МагIарул мацIалъул цIар ахIулелъул,**
**ГIурус мацIалъ буго жаваб гьабулеб.**

**ГьечIо, ватуларо хадув вачIунев,**
**Валагьун чIун вуго бесдал лъимерлъун.**
**Росабалъги бакъан къотIана кочIол –**
**Къоло цоабилеб векалъ чIвана дун.**

**ЧIана гьеб дандбитIун, Дантес гIадинан,**
**Дуэлалде ахIун дир рахьдал мацIгун…**
**МахIмудлъун болъиде щапулев вуго**
**Щолеб буго дида мацI чIвараб гулла.**



# Юбилей

## КЪАЛАМГИ РИТIУХЪАЙ РАКIГИ БАЦIЦIАДАЙ

*(МагIарулазул хъвадарухъан ПатIимат МуртазагIалиевалъул 90 сон тIубаялде)*

ПатIимат МуртазагIалиева гьаюна 1928 соналъул 28 марталда Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъ. ЛъугIизабуна ЦК КПССалъул ТIадегIанаб партиялъулаб школалъул журналистикаялъул отделение. ЗахIматалъулаб хъулухъалде байбихьана 1945. соналъ. ХIалтIана КПССалъул ЧIарада райкомалъул техникияй секретарлъун, хадубккун – Дагъистаналъул партиялъул обкомалъул инструкторлъун, «Дагъистаналъул чIужугIадан» журналалъул бетIерай редакторлъун, МахIачхъалаялъул КПССалъул шагьаралъулаб комитеталда, ДАССРалъул Министрзабазул Советалъул пачалихъиял балъголъаби цIуниялъул Управлениялъул начальниклъун.



ПатIимат кколаан СССРалъул Хъвадарухъабазул ва Журналистазул союзазул членлъун.

1950 соналдаса байбихьун ПатIимат МуртазагIалиевалъул асарал магIарулаз цIализе байбихьана «МагIарул большевик» газеталдасан, «МагIарулай» журналалдасан, «Гъудулллъи» альманахалдасан.

1974-соналъ Дагъучпедгизалъ басмаялда бахъана ПатIиматил, цIакъ жиндаго релълъараб цIар бугеб «ТIегь ва чаран» абураб тIоцебесеб тIехь. Хадусел соназ Дагъистаналъул издательствабаз къватIире риччана гьелъул, гьединалго, ракI тIаде цIалелги магIарулай – хъвадарухъаналъе цIакъ рекъарал цIарал ругелги тIахьал: «Дир гIумруялъул мегIер», «Васасул бераздалъун», «Дир хъахIаб шал», «Меседил гъамас», «ХъахIал маккал», «Сурат», «Кулакасул яс», «МагIарулалъул ракI», «Улбузул къисмат», «Харбал».

Москваялъул «Современник» ва «Советский писатель» издательствабаз гIурус мацIалдаги басмаялда рахъана гьелъул «Васасул бераздалъун» ва «Дир гIумруялъул мегIер» тIахьал. «Меседил гамачI» абураб ПатIиматил хабар бахъун букIана гIурусги анцIила кIиго къватIисеб пачалихъазулги мацIаздаги.

«Инсул маргьа», «Написат» абурал ПатIиматил къисаби 80–абилел соназ цIалана узбеказги каракалпаказги.

ПатIимат МуртазагIалиева кколаан ДАССРалъулги РСФСРалъулги Культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан. Гьей мустахIикълъана «ХIурматалъул гIаламат» орденалъе, «1941-45 сс. КIудияб ВатIанияб рагъулъ бахIарчияб захIматалъухъ» ва «БахIарчияб захIматалъухъ» медалазе, гьединго ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул грамотабазе.

* * *

…Мунагьал чураяй ПатIимат МуртазагIалиева. РакIбацIцIадай, гIамал ритIухъай, хасият берцинай, йикIин камилай, суратгIанги гвангъарай, хIалимлъиялъ хIеренай, хIели бегьуларей, хIалихьалъи, мацIихъанлъи хъублъилъун бихьулей, бихьинаб гIамалалъ чIухIарайин тарай, ккараб къоялъ бищун гIагараздаса байбихьун тIолабго миллаталъул рахъ ккун хвалченалда релълъуней магIарулайги, магIна кIудияй лъадиги, лъималазе гIоло рухI кьезе хIадурай эбелги, гьеб кинавго ичаллил рек1елъ лъурай маг1арулазул машгьурай хъвадарухъанги...

ГIумруялъул ахирал соналги ана ПатIиматил дунялалъулги заманалъулги ургъалида, КIудияб ВатIанияб рагъда бихьанщиналъулги, ватIанцоязда жакъасеб политикаялъ чIезабулеб бугеб къоялъулги, къварид гьарулел ругел гьезул ракIазулги, ракIал беццлъараз лъукъулеб, къотIулеб бугеб гIадатиял гIадамазул къисматалъулги агъазалда, «Вай Аллагь!» –илан киналъулго бакIалда бачIунеб бакIаб угьиялда. ЧIухIун гIемер бицунаан ПатIиматица хъулухъалда йигеб заманаялъул бацIцIалъиялъул, тIадчагIазул ритIухълъиялъул, ро суцояв ГIабдурахIман Данияловасул бацIцIадаб борхалъиялъул, гIагарлъи – лъалел-хъвалезе, кьезе законалъ гьукъун гьечIониги, кьечIел рукъзазул, республикаялъулги дагъистаниязулги дос гьабураб тIалабалъул…

РакIунтун бицунаан ПатIиматица советияб пачалихъалъги коммунист партиялъги гIадатияб халкъалъул, захIматчагIазул, ватIан цIунарал ва гьеб гIуцIарал, гьелъие гIоло биги гIетIги тIурал, улкаялъул бидурихьал гIадал гIадамазул гIумруялъеги рукIа-рахъиналъеги кьолеб букIараб кIваралъул… Хъазмил хьагидацин биун тIун букIараб гьелъул багьаялъул, гьеб босулев гуккизе бичулесе букIинчIеб ресалъул. ТIадчагIазул жидергоги гьоркьохъеб рукIа-рахъиналъул, ватIаналъул буголъи хъамал гьабулел гьанжесел, гIорцIиго лъаларел «хъурмазул», цереселги гьанжеселги хIакимзабазул тарбиялъулги, лъаялъулги, рижиялъулги, рачIиналъулги, жанисеб культураялъулги.

Заманаялъ лъурал ругьналлъун лъугьун рукIана магIарулазул хъвадарухъаналъе лъимал, цебе канлъи бихьулареб гьезул букIинесеб; захIматалде ругьун гьаруларел, ккараб къо борхизе умумуз куцаларел, компьютерги телефонги гурони лъаларел, лъайгицин цебе гIадин жидее кьоларел, мацI гурел, цIар гурел, западалъул тарбия босулел, сундаго ва лъидаго цебе жавабчилъи гьечIеллъун гIолел гьезие ватIаналъ кьолебги хадубккун гьез ватIаналъе кьезе бугебги цебе чIун малъкъосулаан ПатIиматил…

Бищун аслияб, баччун кIолареб бакIлъи гьелъул рекIееги гIакълуялъеги букIана жиндир гIелалъ гьабунщинаб гьородахъ ин, жидеца хира гьабураб ватIанги, гьелъул гъункиги, гIуцIиги, берцинлъиги, камиллъиги учуз гьаби…

Кида гьелъухъе щваниги, ятулаан, жийго гIумруялъ ругьунал газеталгун, цIиял харбазухъ гIенеккун, ялагьун… Вас Арсеница кигIан бичIчIизабуниги гьанжесеб политика, тIад-тIадюссун цебесеб бецции, долъул байрахъгун

гьанжеселда данде гьужумалъ уней бахӀарчӀужу гӀадин, дагӀба-рагӀиялда йикӀунаан.

ПатӀиматил гӀелалъул гӀумруялъул хӀасил гьезул ракӀ чӀунтараб ккана… Гьеб бичӀчӀун, диргоги ракӀ бежула. Цо нухалъ ПатӀиматица бицараб кӀочон толаро: МахӀачхъалаялъул аслияб майданалда аскӀоб рукъ бугей гьелъ сагӀат битӀизабулеб букӀун буго поездалъул гьаркьихъе. Минутаз алхинчӀого щолаанила «Москва-МахӀачхъала» поезд нилъер вокзалалде. «ГьедигӀан битӀарабги бацӀцӀадабги заман букӀараб нилъер улка гӀасилъиялъги хъантӀлъиялъги кӀалагъоркье чӀвана!» – ян абулаан чанги ритӀухълъиялъул бицарал тӀахьазул авторалъ, гьересиги чороклъиги бегьуларей, чӀахӀиял хъулухъаздаги гьединайлъун хутӀарай, жинца гъулбасараб щибаб документцин халкъалдаго цебе жаваб кьезе кколеблъун букӀарай ПатӀиматица.

ПатӀиматил тӀолалго асаралги руго жиндирго хасияталда релълъарал, жиндирго гӀумруялдаса росарал, нилъее, цӀалдолезе тарбияги лъайги кьолел, квешаб тезе, лъикӀаб босизе малъулел. Дун гьитӀинаб мехалъ цоцахъа босун, дир эбелалъул гӀелалъ гъираялда, тӀаса ричӀичӀого цӀалулаан гьелъул «Кулакасул яс».

Гьеб къисаялъул хӀакъалъулъ рагӀа-ракьанде щун дица хъван букӀана 2011 соналъул «ХӀакъикъат» журналалъул 14 аб. номералда. Гьеб тӀадюссун цӀалиялъе гӀиллаги букӀана доб заманалъул, жалго хӀалтӀун, кверазда пинкьал рахъарал «кулакалги» гьанжесел, гӀадатиял гӀадамазул захӀматалъухъ щварал кепкал кунел кулакалги дандекквезе гьеси.

«Дада! Щай дуда кулакилан абулеб?..» – гьединаб суал гӀодилаго школалдаса нахъе гъун ячӀарай жиндирго бищун гьитӀинай ясалъ кьедал, ГӀадибалица кьолеб жаваб буго Совет власталъего доб заманалъ кьолеб къиматги, къисаялъул тӀолабго магӀнаги, даимго захӀматалъ кӀодо гьавурасде кӀвахӀалаб, чияраб кванан ругьунаб умматалъул бахиллъиги жанибе бачараб калам: «Умумуз ирсалъе танщинаб боцӀи-рикъзиги, ракьги дагь-дагьккун бичун, дунгоги хӀалтӀичӀого, дур эбелгун лъималги хӀалтӀизе тӀамичӀого, кванан, гьекъон, кепалда чӀун рукӀаралани, мискинлъун ратизеги бегьилаан… КӀвахӀалав ватаниги, хӀалихьат вукӀаниги, гӀицӀго мискинчи рагӀулаха мустахӀикъав гӀаданлъун…»

Школалдаса нахъе къотӀарай гӀечӀого, тӀаде ран лъималаз юхараб къоялъ бичӀчӀана тӀоцебе аслияй героиня ХӀаписатида гӀадамазул тушманлъи щиб жояли…

Рокъое тӀадюссине бокьичӀей яс ана школалде тӀаде балагьараб гохӀде. Гьений цо тӀалуялда цее гӀодойги чӀун, цере росана тетрадалги, тӀахьалги, къалмалги. «Кинаб дарсдай буго нижер классалда? ХӀисабалъул…гуро, рахьдал мацӀалъул дарс батила… Диктант батизе буго. Дицаги хъвала…» – абун жиндаго гаргадулаго, ясалъ хъвана жиндирго инсул хӀакъалъулъ: «Дир эмен лъидасаго лъикӀав вуго. КваначӀо дир инсуца чияр захӀмат. Гьес жинцаго кьуна хӀажатазе бугӀаги, ролъги, ретӀелги, квенги… Дун цӀализе йиго школалда, Узлипат гӀадай учительницалъун яхъине…»

ГӀемераб ракӀалде щола дида къисаялъул гьаб кесек. ГӀадибалица ясалъе кьураб тарбиялъул хӀасил… ЗахӀматалъул дарсазул цояб.

Аслияй героиниялъул гӀумруялъулги къваридаб къисматалъулги бицунаго авторалъ рехсолел руго цоги-цоги, заманаялъ лъукъарал, къотӀарал къисматалги. Университеталда тӀоцебесеб тӀекълъи данде чӀвана гӀолилав

Набида. Рокъосезе цо ву к1иналъ жинде, рокьи бергьаниги, лъайги гIакълуги гьарзаго кьурав, щуйил къиматазда школа лъугIарав гьесие кIийил, кIийилазда школалда цIаларав, шагьаралда чIарал чIухIарал эбел-инсул вас Чаландарие щуйилги лъун, ришватчилъиялъ нахъе къотIарав Наби такъсирчилъун лъугьуна, ахиралда, кинабго бичIчIарав, росулъеги вачIун, живго жинцаго чIвала.

Романалда, къисаялда къисмат рагьи гIатIидаб, гъваридаб батаниги, ПатIиматил харбаздаги дандчIвала кIудияб асаралъе гIураб гIумру жанибе бачараб, цIалун хадуб чаналиго къоялъ ботIролъаги рекIелъаги унареб, ракIунтун гуребги, ритIухьго, ургъун бахъинчIого хъван букIиналъ, авторалъул махщелалъ чIаголъизабулеб хабаралда жанир ругел героязулъ чанги цIалдолезда жалго рихьулел къисматал. Гьединаб цо цIар тIехьалдаги лъуна МуртазагIалиева ПатIиматица. Аслияб, авторасе жиндиего гIагараб темаялъул цIарлъидал тIехьалда лъолеб. «Улбузул къисмат» тIехь цIалулаго цIалдолес кIвар кьечIого толаро гьениб жаниб бугеб «Улбузул къисмат» хабаралде. Цо-цо кочIол мухъал гьаризеги, гьел жиндирго прозаялда жанир рекъезаризеги бокьулаан ПатIиматие. Гьез харбилаб каламалъе хасаб гугьарги кьола, харида тIегьалъ гIадин берцинлъиги кунчIула. Харбие эпиграфлъун лъеялъ, авторалъул аслияб мурадлъунги лъугьун руго гьал мухъал:

**ЛъималазеталихI**
**Эбелалъ кьолеб,**
**Эбелалъул талихI**
**Лъимазда бараб.**

Хабара лъ жанибе бачун буго цо гуреб, лъабго къисмат, лъабго чIужугIаданалъул, лъабго магIарулалъул гIумру. Больницаялъул цо палатаялда жийгун цадахъ регун рукIиналъ рес щолеб буго хъвадарухъаналъе гьезул щиялъухъ гIенеккизе, щибаб къисмат гьезулго каламалдасан нилъее рагьизе, гьездехун бугеб жиндирго бербалагьи нилъер рекIельги пикрабальги лъезе. Лъабазулго къисмат батIи-батIияб букIинчIебани, хъвазеги букIинчIо ПатIиматица гьаб хабар.

Хабар байбихьун гьечIо гьезухъ гIенеккиялдаса. Авторалъ цин нилъее рагьулел руго лъабайго чIужугIадан, гьезулгун тIубан лъай-хъвай жеги ккечIей гьелъ гьезул хIисаб гьабулеб буго щиялъул рекIел хIалалъухъ балагьун, гьезде щвезе рачIунезухъ балагьун, гьезул чIаголъиялъул пикраби жинцагоги гьарун, нилъееги рагьун. Нилъ цереккунго хIадурлъула, гьира бала гьезул къисматазухъ гIенеккизе.

ТалихIайги пашманайги гьезда гъорлъ байбихьудаго йихьула. ЦIализе тIамула къисматазе гIилла лъазе бокьиялъ… ХIурияги, Хадижатги, Супайнатги. ТIоцересел кIиялго руго улбул. Лъабабилей… Гьале байбихьуда ПатIимат гьезул щиялъухъ ялагьун: «ХIурия гIемерисеб мехалда пашманго, юцIцIухIун чIун йикIунаан, цохIо бакIалдеги ялагьун. Сундулалиго ургъалида йигилан кколаан. Хадижатин абуни, кидаго йохуца холаго, аваданго кIалъалаан тIаде рачIаразда. Гьелъухъе щибаб къоялъ рачIунаан васги, гьесул лъадиги, гьесул гьудул-гьалмагъзабиги. Гьев борхатаб черхалъул жанив цIурав гIолохъанчи рагьдухъа жаниве ваккараб мехалда битIахъе тIегьан рачIунаан кIудияй гIаданалъул берал. «Вай дир дарман, ГIусман!» – илан щурулаан

гьелъул кIутIбуз. ГIусманица, кида вачIаниги, цин эбелалда убач гьабулаан. Цинги, гьелъул кверги кодоб ккун, гьейгун гаргадулаан…

…ХIайранго гьезухъ ялагьун йикIунаан ХIурия. ХIурияхъе рачIунел къанагIат рукIана. Амма щибаб гьатIан къоялъ гьелъухъе щвечIого йикIунароан хIалакъай, кьер тIураб гьумералъул чIужугIадан… АскIоре щвараб мехалъ гьел цоцазе гьимулароан, рохел букIунароан, кIваркьун цоцазул бадире ралагьулаан. Гьей йикIана ХIуриял васасул лъади.

Супайнат эркенабщинаб заманалда телефоналъ кIалъалей йикIунаан. Гьелъухъе раккизе цо-цо гьалмагъзабиги щолаан...»

Гьале нилъее авторалъ тIоцебе бахъараб лъабайго чIужугIаданалъул сурат. Хадуб рагьула щибаб сураталъе цIакъго данде ккун батараб лъабайго магIарулалъул къисмат.

ХIуриял рекIел дардги беразул пашманлъиги нилъее рагьула цадахъ ругел руччабазде бикьулеб гьелъул ургъалил, ургьиб гамачI гIадин чIун бугеб гьелъул къварилъиялъул, къватIибе бицине цойги бакIалда бокьичIеб, амма жий йичIчIулей, жинда ракIгурхIарай, бикьун хадуб жиндие бигьалъи кьелей гIадай гIадан – ПатIиматие, тохтуралъе унтаралъ гIадин, даруялде хьулалъ бицинехъин бугеб жиндирго гIузру гъорлъе бачараб гIадаб каламалъул тIоцебесеб предложениялъго: «Эбелалъул чохьониб хулугеги, хадуб, гIураб мехалда, гьавураб къо бухIагийилан абизе тIамулеб лъимер».

ЦохIо вугев вас захIмат хириял рос-лъадуца гIезавула хазина гIадин. Къадал устарасги уборщицаялъги тIураб гIетIалъ тIегьала гьесул гъветI… Аслияб мурад – гьев цIалун вахъин, гIаданлъун лъугьин, жалго гIадин, хIурулъ-хIаргцулъ гурев, хьулухъ-ишалда вугев, гIадамазе пайдаяв, къамартIав вас лъугьин букIарал гьезул анищал хIорлъула. Гогьго гIурав, захIмат щиб жояли  лъазе течIев васас кIиабилеб курсалдаго рехун тана цIалиги, байбихьана гьекъолдизе, захIматалъул хъизаналда гIурав вас вугилан, лъикIай ясги кьун, берцинаб хъизан-рукъ гIуцIизе букIараб ресги хIатIаз мерхьун, жинцаго чIвалеб жиндирго гIумру бихьуларого, «Кье!», «КъваригIун буго!» – ян херлъарал эбел-инсудаса даимго гIарац бахъулев жинда гIайиб чIвани, нусго гIайиб, къадахъанги уборщицаги жал рукIун, нечолев гьес эбел-инсуда чIвазеги байбихьана. «Гьеле гьединаб, керенги кьун гIезабураб гьитIичил гьой лъугьараб лъимер гIезабурай гIадан йигоха дун…» – ин пашманго угьун биччан лъугIизабуна ХIурияца жиндирго хабар. «Жакъа хваниги ургъелги гьечIо, амма гурхIун йиго росасда, унтарав досул тIалаб гьабизе чи гьечIо дун гурони. Дун жахIдаяй гIаданлъун киданиги йикIинчIо, амма бацIцIадаб ракIгун бахиллъула гьагъай Хадижатида. ГьагъадигIан лъикIав вас вугей…» – илан тIадеги жубана цо вугев, рухI кьун гIезавурав васас чIунтизаюрай магIарулалъ.

Хадижатихъ гIенеккараб мехалъ рос-рукъалъул къисмат батана бигъараб, амма васас талихIайлъун гьаюрай эбелалъул къисмат батана бахилаб. Авторалъ гIадада лъун батичIо кочIолаб эпиграф хабаралъул байбихьуда: Эбел, чIужугIадан талихIайлъунги гьаюлей лъималаз ятана.

Хадижатил тIоцебесеб ригьиналдаса гьелъие хутIана вас. Къадаралда рекъон, кIиабилевги росасе ана цадахъ гьеб рекIел хIенехIгун, бесдал инсудаса

гьесие хIалимлъи гьарараб дугIагун. ХъахIбабиги шишаги хирияв тIоцевесев росас ракI лъукъун-къотIун йикIарай гьелъие мугъчIвазе къедги, васасе мисалияв бихьинчиги вукIинин ккарав кIиабилев рос ватана ракI согIав, барахщарав, рекIелъ рокьи гуреб, щцин гIемерав чи. (Гьесда цIарги ПатIиматица Такъсир лъун буго. Гьелъул хъвадариялъе хасиятаб букIана героязда цIарал гьезул гIамал бихьун лъолеб). «Дир вас вихьизецин бокьулароан дир росасе. Гьесда малъулареб хIалтIи толароан, гьитIинав чиясул гъуждузде бегуляреб бакIлъи хутIулароан: азбар бацIцIад гьабизе, цIул бичIизе, тIурччи гIисин гьабизе, гьой бацIцIад гьабизе. Дие яс гьаюралдаса гьелъие хъулухъалъеги чIезавулаан гьев пакъир… ЦIакъ гIамал мекъав, хъачIав, гурхIел гьечIев чи вукIана. Гьевгиха какги балев, кIалги кколев. Васасда гурхIиялъ дун лъугьана гьесул эмен валагьизе, бесдал инсул цIобалдаса дурго вас нахъе вачеян кагътал хъвазе. Жаваб бачIинчIо».

Такъсирица вас Хунзахъ интернаталде кьезе хIукму гьабуна. КигIан эбелалъе бокьун гьечIониги, кьуна гьев гьениве. Я жив инчIо гьесухъе, я эбел йиччачIо. ГьитIинай Рисалат школалде-нахъе ячинеги гьелъие дарсазе кумек хIажалъун бихьидалги ракIалде щвана дир вас гьесда.

«Гьадаб къватIул кагIида хадув инго щай дие букIарабилан вачIана тIадвуссун. Дуда аскIобалдаса гьаниб лъикI бугилан нич бахъун кIалъана дида гьев…»

Эбелги хадуй ячIун, гьелде рокьиги адабги цIунун тIадвуссарав ГIусманица, рокъосебги гьабулаан, велосипедал къачIан, ричун, хадур машинаби къачIан – жиндирго захIматалъухъ, живго хьихьун гуребги, рокъосездаги кверчIвана.

ГIусман армиялде ана, эбелалъе баркала кьун командирасул кагъатги бачIана. Гьес рагьана машинаби къачIалеб мастерскаяги, гIуцIана берцинаб хъизанги, захIматалъ тIегьазабуна гьесул магIишатги. Гьев армиялда вукIаго, авариялде ккун, инвалидлъун лъугьарав Такъсирги, кодов ккун, бусада лъун, гьединго вахъинавун, хвезегIан хьихьана. РакI хIалимлъарав гьесги, ясалда гуреб, ГIусманида хъвана минаги. Гьебги цIидасан бан, росгун ятIалъарай, живго хирияй Рисалатиеги кьуна кIиго рукъги.

«Гьев вукIинчIевани, цеего хун ятулаан дунги. Дир рекIелъ бакун буго кидаго дун хинлъизаюлеб талихIалъул чирахъ – дир дарман, дир ГIусман! Гьес дунгIан талихIавлъун гьавеги гьев жиндирго лъималазги!» – гьединаб дугIагун лъугIизабуна магIарул цойги эбелалъ жиндирго къисмат.

Гьей эбелалда кIалъан хадуй, жий йикIанин талихIайлъул хIориний чвердарай гIадин, Супайнатихъ гIенеккараб мехалъ тIубанго батIияб дунялалде кканилан хъвалеб буго авторалъ.

Супайнатица лъималазул гуро бицараб… Гьелъ бицана жиндиргоги кIудияй яцалъулги гIумруялъул. Пединститутги лъугIизабун, берцинаб хъизан-рукъги гIуцIун йигей унго-унгояй магIарул чIужугIадан – яц Салиматил гIумру гьалъие батана захIматаб, минуталъ хIалхьи гьечIеб, жийго чIвалеб. Жийго абуни, йигила бертабалъ кечI ахIун, хIарщ гIадин гIарацги бугей, жиндирго рекIееги черхалъеги хъулухъ гьабулей талихIай гIадан, цо бугеб гIумруялъул къимат гьабулей гIакъилай гIадан… КигIан яцалъ малъаниги, гьебги босичIей Супайнатида, бахиллъизе гуреб, ракI гурхIизе бачIуна цIалдолезул.

Эбелалъулаб талихI лъачIей, сундуе ва лъие гIоло къоялги соналги тIамулей йигеяли бичIчIуларей гьелъ босараб квартираялъулги машинаялъулги пайда щибин ккола. Амма… Жиндирго къисматалъул бицун бахъарабго пашманал бераздалъун рикIкIадеги ялагьун, тIаде жубала: «Амма…гьай Хадижатихъ балагьараб мехалъ ракIалде ккола цо гьагъадинав вас вукIараванищан…».

Унтун бусаде ккарай духъе щив ваккулев вугев, кечI ахIун щвараб магIишат лъие тезе бугебин гьелда гьикъизе бокьун букIарай автор юцIцIухIун чIолей йиго, чIужугIадан хIисабалда, Супайнатида унго-унголъун ракIгурхIиялъ…

Гьедин лъугIула лъабго къисмат нилъее рагьараб, лъабго-ункъо гьумер цIураб МуртазагIалиевалъул хабар. ЦIалдолезе тана гьездаса дарсал: захIмат-рахIаталъул, рокьи-цциналъул, умумул-лъималазул…

Гьединал къисматал рагIунги рихьунги лъалей хъвадарухъаналъул ритIухъаб рекIее хIалхьи киданиги щвечIо. Мискиназул, гурхIаразул, ритIухълъи гьечIолъиялъ лъукъарал ракIазул рахьги ккун, аскIор ругезул хал гьабичIого, жий жеги кIудияб хъулухъалдаго йигей гIадин, бадие семулаан гьей. Базаралдегицин цIадирабиги росун унаан. Гьадал нажасазги гIадамал махсароде кколел ругилан, базаралдаги ритIухълъи чIезабизе къеркьолаан.

ПатIимат МуртазагIалиева, бадибе рагIи абиялъ, согIайлъунги рикIкIине лъугьунаан цо-цоял. Гьелъие жаваб гIадин бихьинаб гIамалалъул магIарулалъ, ЧIарада районалда жий хIалтIулаго чанги рекIараб хIетI хехаб чодул чотIахъаналъ, къалам гуребги, цIалги чанги хъатикь ккуралъ ракIалде щвезабулаан нилъер умумузул гIумруялъул дарсаздаса цояб, гьезул гIакъиллъиялъул хазинабаздаса, даим холарел жавгьараздаса цо аби: «ЦIакъго хIалимлъиги – хIалихьалъи ккола».

Гьединай йикIана нилъер адабияталъулъ яхIги намусги борхатал мугIрул руччабазул къадруги кIодо гьабурай, бахIарчиял умумузда релъларал бихьиназул цIаралги чIухIун рехсолей, ракIги къаламги ритIухъай магIарулазул хъвадарухъан.

Мунагьал чураяй ПатIимат гIагарай гIадан йикIиндал, дагьайги хирияй, эбеллъунги гьудуллъунги дие лъугьарай, ритIухълъи гьечIолъиялъ зинкIараб мехалъ, зинкIигицин унтулей дун жиндихъе щведал, жиндирго гIумруялъул дарсаз дир рекIее къуват кьурай, кьурабазул хасияталъ, солдат гIадин чIезеги гьаюн, гьедин йикIунге, гьадинги-гьадинги йикIайин дир тIалабал тIадалъун лъугьарай, гьереси къалмикье биччагейин малъулей хъвадарухъан-мугIалим гурейги, магIна борхатай, намус тIадегIанай, бетIергьанчи полковникасда хьолбохъ погонал лъезе мустахIикъайин жинда абулей, дие гьитIинаб къоялдасаго мисаллъун йикIана ва гьединайлъун хутIана. РакIчIун лъала: кинаб заман рагьдухъ бугониги, ПатIиматил тIахьал гьираялда цIализе руго. Щай гурелъул, ритIухълъиялда хьолбохъ даим ритIухълъи гьечIолъи буго, лъикIлъиялда аскIоб квешлъи гIадин, гIатIилъиялда хьолбохъ къварилъи гIадин, рокьиялда аскIоб ццин гIадин, гьунаралда нахъа бахиллъи гIадин, гьелдаго цадахъ мацI гIадин, гIадамазда гьоркьобе тIолеб загьру гIадин…

Гьеб кинабго заманаялъул гIайиб гуро, гIадамасул жанисеб рахъ буго. Живго гIадав инсан гIужие гьолев гIадан жинцаго бухъараб гвендиниве ккола… Гьеб буго доб бетIерчIахъаяб ритIухълъиги…

ПатIиматил пикрабиги, гьелъул дарсалги… Аллагь гурхIаги гIумруялъул нухги хъвадариги бацIцIадай МуртазагIалиева ПатIиматида.

Эбел дир гIагараб росулъа йикIарай ПатIиматида БацIада абулеб батана МуртакIил (эмен МуртазагIалил цIар къокъ гьабун) ПатIиматилан. Гьелъул 80-сонилаб юбилей баркун хъван рукIарал кочIол мухъал… Риччанте гьанир рукIине…

## МУРТАКIИЛ ПАТIИМАТ

*ПатIимат МуртазагIалиевалъе*

**ПатIимат, дур асараз**
**Асирлъана гьитIинго,**
**ТIирлим Къурачиласул**
**Харбазде къуларайго,**
**ЦIиял харбазул чапар –**
**«ЦIияб канлъи» гурого,**
**ЦIализегун рагIизе**
**Лъалеб гIел букIинчIого.**

**Дур гIумрудул хIакъикъат**
**Эбелалъ бицун лъана,**
**Дур берцинлъи, гIакъиллъи**
**Дий мисаллъун букIана.**
**Бихьинай гIадан йигин**
**МуртакIил ПатIиматин**
**Къадруяб гIелалъ чанги**
**Абулебги рагIана.**

**Ана сонал, лъана мун, –**
**МагIна борхатай инсан,**
**Аваразул бихьиналъулъ**
**БакI ккурай чIужугIадан!**
**Хъулухъ-ишал, хъвадари,**
**Рецц рекъараб эбеллъи,**
**Камилаб лъадилъиги,**
**Агъазаб кIодолъиги.**

**Диеги, дун гIадинал**
**Хадусел гIелазеги**
**Цойги дарс кьуна дуца –**
**Намусалъе ритIухълъи. –**
**«МагIарулалъул намус»**
**Цинги «Улбузул къисмат»…**
**Къисматазде сверарал**
**Дур тIахьал – гьелъий мисал.**

**ГIагарай гIадан йикIун,**
**Дий цIикIкIун щвана дарсал**
**Дур борхалъиялъулги**
**БацIцIадаб нухалъулги;**
**Ханасул бикал гIадаб**
**Дур хассаб ссиялъулги,**
**Лъимералъул гIадинаб**
**КIарун елъиялъулги.**

**Баркалагун къулула**
**Жакъа дун дуда цее,**
**Дур ункъого соналъул**
**Адабиял лъалкIазе,**
**БацIадаса эбелалъ**
**Ругъжаб кини кIикIарай**
**МуртакIил ПатIиматил**
**Къадру тIокIаб цIаралъе.**

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА,***
***хъвадарухъан.***



# Пьесаби

**ГІумар АВАРСКИЙ**



*Аварский ГІумар гьавуна 1957 соналъ Хьаргаби районалъул Могьохъ росулъ. ЦІалана Буйнакскиялъул педучилищеялдаги Дагъпединститут алдаги. ХІалтІана учительлъун, колхозалда бригадирлъун, Хьаргаби жанисел ишазул отделалда, Хьаргаби районалъул «Церехун» газеталъул редакторлъун.*

*2010 соналъ къватІибе биччана гІагараб росдал хІакъалъулъ «ЧІбатІи-Могьохъ XIX-XX гІасрабазда» абураб тарихиябгун-этнографияб тІехь. 2016 соналъ «Гъудуллъи» журналалда бахъана «Къебелъухъ» абураб пьеса. ГІурус мацІалда кватІичІого къватІибе бачІине буго «XIX-XXI гІасруялъул байбихьуда Могьохъ росдал жамагІат» абураб тІехьги.*

*Гьев ккола Россиялъул Журналистазул Союзалъул член. Вищун вукІана Хьаргаби райсобраниялъул депутатлъунги.*

*ГІумарил «Векьарухъанги наибасул ясги» абураб гьаб пьесаги цебесеб «Къебелъухъ» гІадинго хІакъикъияб лъугьа–бахъиналъул кьучІалда хъвараб буго.*

## ВЕКЬАРУХЪАНГИ НАИБАСУЛ ЯСГИ

**Гьоркьор гІахьаллъула:**

**ХІамзат** – наиб, 45 сон
**ХІуризада** – наибасул чІужу, 39 сон
**Меседо** – наибасул яс, 19 сон
**АхІмад** – наибасул кумекчи, 30 сон
**МухІамад-Амин** – векьарухъан, 25 сон
**Загьидат** – векьарухъанасул эбел, 50 сон
**МухІухІма-хІажи** – росдал дибир, 63 года

Росдал гІадамал, лъимал-чагІи.
Лъугьа-бахъин ккола XIX гІасруялда магІарулазул цо росулъ.

## ТIОЦЕБЕСЕБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

Пардав рагьараб мехалъ бихьула наибасул азбаралда чу кьололев
АхIмад ва гьеса сверун басандулеб гьойги. Рогьалил гIуж. Ихдал мех.

**ХIамзат** *(рагьараб гордухъан)*. АхIмад, жакъа нилъ Хунзахъе рилълъине рукIин лъалищ дуда?

**АхIмад.** Валлагьги лъалаха, гьале кинабго цадахъ босизе кколеб жо къачIан буго, бетIерчIахъад!

**ХIамзат** *(рази-ракиго)*. ЛъикI буго Аллагьас хъван батани, гьанже къватIире рахъине ният буго, кваназе вачIа!

АхIмадица хехлъи гьабун чуязе кIалцIи бала, квералги чурун,
рагъида хьиталги рахъун, наибасул рокъобе нуцIа рагьула.

**АхIмад.** Ассаламу гIалайкум! РорчIами!

**ХIамзат.** ВагIалайкум салам, вачIая жаниве, гьанив гIодов чIа. ХIуризада, квен босе нижее.

ХIуризадаца гIатIал хинкIазда тIаде бараб бакъвараб гьанги мохмохги бугеб хIерчч цебе лъола гьазда. Ражидул суркIаги, гьагIоги, лъел цIураб парччиги бачIуна…

**ХIамзат.** АхIмад, мун нечечIого, гьагIоги лъугIизабун лъикIго кванай.

**АхIмад**. Дица гIураб жо кванана, гIела.

**ХIамзат.** Гьедин батани, дугIа гьабеха дуца.

АхIмадица къокъабго дугIа гьабула.

**ХIамзат.** ХIуризада, нижее къадеквенги хIадурун, гьеб хулжиниб лъезе АхIмадихъе кье.

Гьеб гьаркьихъе, нахъарокъосан, кIвекIулаго бералгун,
кIвахIалаб рилълъинги гьабун ячIуна Меседо.

**Меседо.** Дада, гьарула дуда, Хунзахъа кинаб бугониги сайгъат босе дие.

**ХIамзат** *(хъачIго)*. Босиларо, дур гьаниб рокъоб камураб жо щибго гьечIо. Щибаб нухалъ сайгъатал рукIунаро дуе, гIела росарал. АхIмад, нилъ рахъун лъикI нухда, нухги халатаб бугелъул.

**АхIмад.** Аллагьас хъван батани, къалъилалде Хъаладухъе щвела нилъ.

**ХIамзат.** ЛахIавлавала къуватаилабиллагь. АхIмад, дун дирго ругьунаб бартиялда рекIина, мун эб цоялда рекIа.

**ХIуризада**. Нухал ритIаги нужее, рокъоре лъикI щваги!

Наибас цIал хьвагIигун, гьесул барти пирхараб пири гIадин, хIурул мухъги хадуб тун цебе уна. АхIмадица гьесда хадув гъезе хIаракат бахъулеб бугин кколаан. Цо лахIзаталда гьесул хIурулъ тIерхьун уна. ХIуризадаца каву къала. Цо Аргъут хутIула гьезда хадуб балагьун. Цо заманалдасан, чолрекIарал нухда гъоркьехун бугеб мархьу-кулиялда цере щола ва лъалхъула.

**ХIамзат**. АхIмад, балагье, гьагъав МухIамад-Аминица гьабулеб бугеб жоялъухъ?! Цощинаб, эмен хун хадуб, бетIер сверун бугодай гъосул? Цояб оцол рукьалда живго пурцида ван, эбелалъ бекьулеб буго хур. Дида гьагъадинаб гIаламат я бицунеб рагIичIо, яги бихьичIо жакъа гурони. Цоги чиясдасан рагIун букIарабани, киданиги божилароан. Вилълъа хехго а, гъосда дица гьаниве ахIулев вугин абе.

**АхIмад.** ЛъикI буго, гьабсагIат вачина дица гъов дуда аскIове.

ХIамзатида гьединги абун, гьев векерун уна гъоб колодехун валагьун, ва хеккого МухIамад-Аминги вачун тIаде щола.

**МухIамад-Амин.** Ассаламу гIалайкум!

**ХIамзат.** ВагIалайкум салам, бахIарчияв вас! Дуца хур бекьулеб къагIидаялъухъ балагьун рукIана ниж.

**МухIамад-Амин.** Гьедин бекьичIого щиб гьабилеб. Жакъа радалиде хун батана чолониб букIараб кIиабилеб оц. Ункъо сахI цIоросаролъил хьалеб хур буго, гьолъ ниж лъагIелалъ кваназарула.

**ХIамзат.** Цоги чIегIерхIайванал ругищ нужер?

**МухIамад-Амин.** ГьечIо, цодагьал цIцIани руго.

«ВахI!» – анги абун цо хагай бачIун хутIула наиб цо лахIзаталъ. Язихъаб яшав-магIишаталъул чи вукIаниги, гьесул кIвахIгьечIолъиялдаги, хIалтIуде бугеб гьираялдеги гIажаиблъи гьабун вукIуна гьев. Гьесул ганчIал гIадал къвакIарал, бакъуца чIегIерлъарал гьеж-кверaздаги, хIатта гьесдаги бахиллъун вугилан гьеван кколеб букIана гьезухъ валагьун вугев АхIмадида.

**ХIамзат.** ЛъикI буго, цо жо ургъила нилъеца. Ниж, иншаАллагь, метер бакъаниде тIадруссина росулъе. Мун эбелгун цадахъ, дица гьоболлъухъе ахIулел руго.

**Мух1амад-Амин** *(рази-ракиго).* Баркала, валлагьги рачIина. Нужее нух битIаги.

**ХIамзат.** Амин.

Вохиялъ шиб гьабилебали лъаларого вугев гIолохъанав векьарухъан, ссанабаздаса гIодове кIанцIелаго, щвана колоде. Гьесухъ ялагьун, гIажаиблъун хутIун эбелги йикIана.

**Загьидат.** Дуе лъугьараб щиб, дир вас? Щиб бицараб наибас?

**МухIамад-Амин**. Эбел, гIемераб жо цIехана гьес дида. Нилъ кIиялго метер гьоболлъухъ ахIулел руго ХIамзатица.

**Загьидат.** ЛъикIалъегIаги батагиха, дир вас, нолъ макьилъ эмен тIамуна цеве, щиб-кин бицарабалиги лъаларо. Гьанже ургъалилъе ккана дун. Нилъеца гьабураб такъсирги гьечIин, наибасухъе ахIизе. Рохалилги хIинкъиялъулги асар буго дие лъугьунеб. Чидае зарал букIинчIо нилъер. Эмен чIаго вугеб мехалъги, гьесул дагIба букIунароан нилъеде.

**МухIамад-Амин.** ХIинкъуге, щибго ургъелчIвазе ккеларо, эбел. ЛъикIав чи вугоан гьев. Гьанже нилъеца гьаб хур бекьун лъугIизабизе хIаракат бахъилин, кигIан захIмалъаниги. Ихдалил цIадал ралелде лъугIила, иншаАллагь.

## КIИАБИЛЕБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

Нахъисеб къоялъул къалъул гIуж.

**Загьидат.** МухIамад-Амин, жакъасеб хIалтIи гьалда тела нилъеца. Какалги разе, кваназеги рилълъа.

**МухIамад-Амин.** БитIараб буго, эбел, нилъ жакъа бакъанида гьоболлъухъе ахIун ругелъул, рацIцIа–ракъалъиги гьабун, ретIа-къан лъикI гурищ?

**Загьидат.** ЛъикI.

Гьелдаса хадуб, эбелги васги росулъехун ралагьун уна. Наибасул ракIалда бугеб жо лъазе бокьиялъ, гьезул хIатIил роси хехаб букIана. Гьале гьал росу рагIалде щвана ва наибасул бакIалде ана. Кавуда кIутIидал, азбаралда Аргъут хIапдана ва наиб къватIиве ваккана.

**МухIмад-Амин.** Ассаламу гIалайкум, гьалбал къабул гьариларищ?

**ХIамзат.** ВагIалайкум салам! Гьалбал рокьулареzул гурелъул, жанире рачIа! ХIуризада, гьалбадерида дандчIвай гьабизе къватIие яхъа!

**ХIуризада.** ЛъикI щварал, рилълъа жанире.

Наибас МухIамад-Амин жиндаго аскIов гIодов чIезавула.
ХIуризада квен-тIехалда квалквадизе лъугьуна.

**ХIамзат.** Гьанже бицеха нужер магIишат-яшавалъул, хур-ахалъул, боцIи-панзалъул.

**ХIуризада.** Рахъа, рахъа кваназе. Кванан хадуб бицине бегьила хур бекьиялъулги, цогидалъулги.

**ХIамзат.** Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. Нуж нечечIого церегIан къай.
МухIамад-Амин нечеялъ киве валагьилевали лъаларого вукIуна.

**ХIамзат.** ХIуризада, кверал рацIцIунеб жо босе нижехъе.

**ХIуризада.** Дуда хьибилалда лъун буго.

Кверал гирацIцIун, ХIамзатица дугIа гьабула ва
гьалбадеридехун вуссун кIалхай гьабула.

**ХIамзат.** Сапаралдаса тIадвуссингун, нужеда бугеб къварилъиялъул дица ХIуризадада бицана. КигIанго нилъер гIадаталдаса бахъараб жо бугониги, нижер хIукму ккана гьай нижер ясалда МухIамад-Амин чIухIилищан гьесда гьикъизе. Нужеда щиб ракIалда бугебали лъазе бокьилаан.

ХIуризадаца гIодун биччан тана, гьей кIалъазе кIоларого лъугьана.

**ХIамзат.** ГIодизе кколаро, нилъеца шаргIалдаса бахъараб жо гьабулеб гьечIелъул. НечечIого, хIинкъичIого кIалъай.

**Загьидат.** Дудаса дунгIан Аллагь разилъаги, ХIамзат, валлагьги ниж разиялги рохаралги руго дуца гьабулеб дараналдаса.

Гьелдаса хадуб киназулго рекIелъе парахалъи рещтIуна ва баччун букIараб бакIаб гьир гIодобе рехараб гIадаб хIисаб лъугьуна.

ХӀамзат. Гьаб буго нижеда нужее гьабизе кӀолеб кумек. Метерго ясалъул рагӀи босизе МухӀамад-Аминил инсул гӀагарлъиялъул бихьиналги, росдал дибирги ритӀе. Гьанибго нужеда бицун тезе бокьун буго: нижер цо йигей яс Меседо йиго гогьдаризаюн хьихьарай, хӀалтӀи-пиша малъичӀей, хӀатта квенгицин гьабизе лъаларей, кӀвахӀалай жо. Гьеб дагь-дагьккун лъугӀизе батила, нужеда бараб буго кинабго. Дун, кьойилго гӀадин рачӀунел-унел гьалбадеридасаги хъулухъалдасаги сундего регӀичӀо. Дир тӀокӀалъ бицине жо хутӀичӀо. Метералде ниж хӀадурун чӀела.

Нахъисеб къо. ГодекӀанисан хабар-кӀалалда рачӀунел рихьула росдал дибир МухӀума-хӀажиги гьесда цадахъ цо-кӀигоявги. Гьале гьел щвана наиб ХӀамзатил минаялда цере. Дибирас каву бухидал, добго Аргъут хӀапдана, довго наибги къватӀиве ваккана. Гьес гьой чӀезабуна.

**МухӀума-хӀажи.** Асаламу гӀалайкум, хӀурматияв наиб ХӀамзат! Дур изну батани ниж жанире рачӀина.

**ХӀамзат** *(рази-ракиго).* ВагӀалайкум салам ва рахӀматуллагь! Дибирас изну тӀалаб гьабизе кколаро, дуе кидаго рагьараб буго каву. Жанире рачӀа.

Цеве-цеве МухӀума-хӀажиги хадур хутӀаралги наибасул бакӀалде жанире лъугьуна. Ахиралде ккарас, дваргъан, цӀулакьодул цӀулал гьабураб нуцӀаги къала.

**ХӀамзат.** Росдал имам дида аскӀовегӀан виччай, нужги санагӀатал бакӀазда гӀодор чӀа. МухӀума-хӀажи, мун унтун вугилан рагӀун букӀана. Бицеха дурго сахлъи кин бугебали? ГӀайиб гьабуге, ваккизе регӀичӀо. Хъулухъалъул ишалъ Хунзахъе ун вукӀана, цо сордо гьенибги бан, сон тӀадвуссана.

**МухӀума-хӀажи**. Минаялда цере ругел гъутӀби кӀурулев вукӀана. Гьенив квачан ватила, кӀиго-лъабго къоялъ вегизе ккана, жакъа рогьалил какде вахъине кӀвана. ХӀамзат, ниж цо кӀвар бугеб суалгун рачӀун руго духье. Гьова колода вугев, мунагьал чураяв Батирханил вас МухӀамад-Амин чӀужу ячине гӀун вуго. ГӀедал яс росасе кьеян аби бугелъул, гьесие дур Меседо гьаризе рачӀарал руго ниж. Гьеб дараналдаса дур ракӀ киданиги бухӀиларо, росу бахилав вас вуго гьев. Дица вецчичӀониги гьев дудагоги лъикӀ лъалев ватила. Унго-унгояв хӀалтӀухъанги вуго.

**ХӀамзат.** БитӀараб буго, лъикӀав инсул квешав вас вукӀине рес гьечӀо. Гьесда багьана чӀвазе кӀоларо дида. Дида хъулухъ-ишалъ унелъул, яги вачӀунелъул вихьула гьевги, гьесул эбелги, гьез гьабулеб хӀалтӀи-пишаги. ХӀалтӀукьа хӀинкъулел чагӀи гуро гьел. Дун разияв вуго гьеб дараналда.

**МухӀума-хӀажи.** Баркала, Аллагь разилъаги дудаса. Гьеле гьединав вукӀине ккола наиб. Жакъа кьучӀаб рагӀи бицана дуца. Гьанже хадуб щибха нилъеца гьабун лъикӀ? Дуца малъараб гьабила.

**ХӀамзат.** Дица бицицна нилъеца щиб гьабилебали. Жакъаго МухӀамад-Аминги гьаниве ахӀун, магьариги лъун, бертаде хӀадурила. ТӀасияб анкьалъул хамиз къоялъ гьбеги тӀубазабила. Дица гьабсагӀаталда АхӀмад витӀила чуги бачун, гьесда хадув. Гьел тӀаде щвезегӀан, нилъ кванан лъикӀ гуродай? ХӀуризада! Ниже квен босе!

Нахъарокъой йикӀарай ХӀуризадаца гьезда цебе квен лъола. КватӀичӀого МухӀамад-Аминги тӀаде щола. Гьелдаса хадуб магьариги лъола, гьелги бертаде къачӀала. Хамиз – бертадул къо. Гьеб къоялъ берталъ рукӀаразда гурони лъаларо гьениб букӀараб сухӀмат-кеп.

## ЛЪАБАБИЛЕБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

Колода рогьалил гIуж

**МухIамад-Амин.** Эбел, Меседо тIаде яхъун гьечIо, дуцагIаги хIадуре дие квен. Дун радалго цIцIаниги риччан ина.

**Загьидат.** ХIадурарабго буго, дир вас, гIодов чIа, бисмиллагь лъезе.
**МухIамад-Амин.** Къалъудаги, какги базе, кваназеги вачIина дун.
**Загьидат**. ВачIаха. Гьедин батани, цадахъ лъеларо къадеквен.

Хеккого щвана къалъул гIуж. Доле доб рохьил рацIцIалъудасан, гъежда махил тIилги лъун, вачIунев вихьула МухIамад-Амин. АскIове гIагарлъанагIан, гьесул гьурмал сурат батIа бахъизе лъалеб буго. Гьесда бер кIутIидал, бокьалъул тIохда бухьун бугеб гьойги лъугьана хIапдезе. Къечалъ хIал гьабураб лъаларо, вачIинахъего МухIамад-Аминица кIалдиб бала нуцIил кIалтIа лъун букIараб лъел цIураб хъаба. Хадув лъугьуна рокъове жаниве.

**МухIамад-Амин.** Меседо, мун жеги тIаде яхъинчIого, бусадагойищ йигей? Къаде кваназегIаги яхъа. Эбелалъ чурпа гьабун бугин.
**Меседо.** Дун кваназе яхъун йикIана. Мун рехъадейищ ун вукIарав?
**МухIамад-Амин.** У, мун жеги кьижун йикIана дун унеб мехалъ.

Какги бан МухIамад-Амин рагьде вахъуна ва гьений эбел ятула.

**МухIамад-Амин.** Эбел, гьай дир чIужуялъ гьабулеб жо бихьулеб буго дуда. Гьелъие рукъ бахун къватIиехунцин яхъине бокьулеб гьечIо, квенги гьабулеб гьечIо. Нилъеца жакъа квен-тIех рокъоб течIого, рикIкIад гьабун, рагьда лъун тела. Якъидал, квен балагьизе къватIие яхъинчIого гьелъие рес букIунаро.
**Загьидат.** БитIараб буго, дуца абураб къагIидаялъ гьабун лъикI.
Гьедин гьабуна цо чанго нухалъ. Якъидал, Меседо квен балагьизе къватIие яхъине ккана. Гьелда бихьана гIадамаз гьабулеб бугеб магIишат-яшав ва гьелда бичIчIана кинабго. Гьалги рокъор гьечIого, Меседоца гьабуна квен-тIех, рокъоса гIебеде рацIцIа-ракъалъи ва цогидабги. Рос рехъадаса вачIиналъухъ балагьун йикIана гьей. Гьелда вихьулев вуго МухIамад-Амин вачIунев.

**МухIамад-Амин** *(рази-ракиго)*. Меседо, йорчIами хирияй. Мун жакъа къватIие яхъун йихьулей йиго дида.
**Меседо** *(елъанхъулаго)*. Яхъана, яхъинчIого кидаллъизегIан дун йикIиней. Квералги чурун, кваназе вилълъа жаниве. Эбелги ячIуней йихьула.
**МухIамад-Амин.** Эбел цIоросаролъул хур бухъулей йикIана жакъа.
**Меседо.** Эбел, дидаги малъиларищ хур бухъизе? Гьеб кин бижулебали лъазе бокьун буго дие.
**Загьидат.** Къалъудаса хадуб нилъ кIиялго рилълъина хурире. Дица малъила дуда хур бухъизеги, чIаразеги, хер бецизеги, цогидабги гьабизе.
**МухIамад-Амин.** Гьанже нилъ кванан лъикI. Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. МашаАллагь, цIакъ тIагIамаб квен буго. ГьечIищха, эбел?

**Загьидат** *(разиго).* Кванда щибго багьана гьечIо. Балагьея дир лъимал, росулъ ругел Меседол эбел-эменги кIочене бегьуларо нилъеда. ТIасияб анкьалда нилъеца гьел нилъехъего гьанире ахIун лъикI гурищ?

**МухIмад-Амин.** Дидаги ракIалда букIана гьеб.

**Меседо** *(йохун).* Дирги ракIщун буго гьезде. ЦIакъ рихьизе рокьун руго эбел-эмен.

**МухIамад-Амин.** ЛъикI буго. Дун дегIен хъвезе ина. Метералде хIадурлъиги гьабун, жакъаго ругьел битIила росулъе, къалъуде рачIаян абун.

Нахъисеб къоялъул къалъулеб заманаялъ тIаде щвана росулъ бугеб гIагарлъи.

**ХIамзат.** Ассаламу гIалайкум, дир лъимал!

**МухIамад-Амин.** ВагIалайкум салам! РачIа, рилълъа жанире.

**ХIамзат.** Гьанир хьагихьго гIодор чIун лъикI гурищ нилъ? Гьал рорхатал кьурабазухъги гьадаб гучаб рохьихъги балагьун. ТIабигIат цIакъ бокьула дие, берцинлъи бихьулищ? МухIамад-Амин, кин ругел нуж, бицеха дида. Меседоги хинкIал гьарулей йихьулей йиго, машаАллагь. Дун разиго вуго нужедаса. КъваригIараб жо бугони, дида абе нечечIого.

**Меседо.** Дада, нажер анир хIалтIичIого чи толаро, цIадабе цIул бегье дуцаги.

**ХIамзат.** ЛъикI буго, дир яс, дица хьагил тIалаб гьабила, гьан белъинегIан. Меседо, гьазда гурони мун квегъизе кIвечIо, гьанже мун йиго унго-унгояй росасул чIужу. *(Меседо инсухъги балагьун гьимула).*

**МухIамад-Амин.** Дада, жанирехун рахъун лъикI гурищ нилъ, квенги лъугIун бугин.

**ХIамзат.** Гьанже бегьила жанире рахьине.

**МухIамад-Амин.** Бихьинал гьанирехун гIодор чIа, руччаби дорехун.

**ХIамзат.** Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим. Гьанже хIалбихьила нилъеца дагIнил гьаналги сарисиялъулги. ГьагIдалъе тIезе жадул кIанцIаги босе.

**Меседо.** КъанцIа лъугIана, дада.

**ХIамзат.** ХIуризада, рагIулищ дуда. Азие жадул къанцIа битIизе кIочонге.

**ХIуризада.** БичIчIана. Цоги къваригIараб жо батани эбги битIила.

Кванан лъугIун хадуб, ракIалда бугебщинаб бицуна, хадубккунги гьабизе-тезеселъул дандбала. Рохалида, махсаро-хочIалда рукIуна гьел.

**ХIамзат** *(сагIтихъги балагьун).* ХIуризада, нилъ рахьине замана щвана гьанже.

**МухIамад-Амин.** Дада, цодагьалъги чIа нижехъ, тIаде чи вачIунеб бакIги гуро гьаб кули-мархьу.

**ХIамзат.** Гьанже нужеца гIайиб гьабуге, маркIачIуде рокъоре щвани лъикI букIина нижее.

**Меседо.** Нух битIаги, нахъойги кватIичIого рачIа!

*Пардав къала*

**P.S.** Гьедин ана сонал. БахIаразе васал, ясал гьаруна. Заманалдаса, кьурал къоял лъугIидал, наибги гьесул чIужуги хола. Гьезул васияталда рекъон, мина-руссен ва цогидабги МухIамад-Аминиеги Меседуеги щола. Жакъа къоялда гьезул лъималазулги лъимал руго гьенир гIумру гьабун. Доб мархьу-кули абуни, чIвадназде буссун бугоан.

# ХIусен ХIажиев гьавуралдаса - 80 сон



*80 сон тIубана магIарулазул машгьурав хъвадарухъан ва журналист ХIусен ХIажиев гьавуралдаса.*

*ХIусен ХIажиев гьавуна 1938 соналда Хунзахъ районалъул ГьоцIалъ росулъ. Лъимерлъудаго бесдал хутIарав гьесда гьитIинго лъана гIетI тIун босараб чадил къимат. ХI.ХIажиев хIалтIана Рихьуни консервал гьарулеб заводалда, Хьаргаби ГЭСалда, ЛъаратIа ва Хьаргаби районазул газетазул жавабияв секретарьлъун.*

*1965 соналда ХIусен вачIана республикаялъул «БагIараб байрахъ» (гьанжесеб «ХIакъикъат») газеталъул редакциялде хIалтIизе. Нахъа тана мухъилав мухбирлъиялдаса газеталъул жавабияв секретарьлъиялде щвезегIан хъулухъалъул болъаби.*

*ХI.ХIажиевас лъугIизабуна КПССалъул ЦКялда цебе букIараб Ростовалъул тIадегIанаб партшколалъул жуналистазул отделение.*

*ХIусенил тIоцересел асарал рахъана «БагIараб байрахъ» газеталдаги «Гьудуллъи» журналалдаги. ТIоцебесеб «КвартIил кIутIи» абураб тIехь гьес къватIибе биччана Дагъгизалда 1979 соналда. Хадубккун басмаялде рахъана гьесул «Къункърабазул кьурди», «ГIансахIанчIил бакънал», «РитIучIил сухъмахъ», «БагIараб щуб», «Рокьул тIегь», «Имам ХIамзат», «Азаралда цо сордо» абурал ва цогидалги харбазулги къисабазулги тIахьал.*

*ХI.ХIажиевасе кьун рукIана ДРялъул ва РФялъул культураялъул мустакъиав хIалтIухъан абурал хIурматиял цIарал ва цогидалги щапакъатал.*

*Гьев вукIана Россиялъул Хъвадарухъабазулги Журналистазулги союзазул членги.*

## МИЧIЧIИКЪАЙИ

*(къисаялъул кесек)*

РахIатхвараб хIал букIана гьеб къоялъ ГIарахъмагIарда. Чахъабаздаса батIа гьабулеб букIана тIинчI. Цоцаздаса ратIалъизе бокьуларого рукIана чахъабиги кьагIиги. Цо-цоккун кьегIер щвезабулаан чахъабаздаса рикIкIаде, гIемер кIудияб гьечIеб расалъиялде. Амма чанго чи цеве чIаниги, кIолел рукIинчIо кьагIазухъе тIурулел чахъабиги, багIдилаго, чахъаби ругеб рахъалдехун унел кьагIиги кквезе. «Нижер тIанчIи нижедаго аскIор те!» – ян ахIулеб букIана чахъабаз. «Щай ниж улбуздаса ратIа гьарулел, гьелги гьечIого кин нижеца гIумру гьабизе бугеб?!» – ан гIодулел рукIана кьагIи.

«Лъималазеги, кьагIазеги, цIумазеги, гIансахIанчIазеги, къадкиеги – киназего хIажат йиго эбел!» – илан мугIрул тIуркIиледухъ ахIизе бокьун букIана дие – эбел гьечIесе, гьелъул гьумер лъаларесе, гьелъул рахь щвечIесе…

– Нуж гIедегIана улбуздаса кьагIи ратIа гьаризе, гьезул хIакъ батила нилъее киназего, – ян абуна рази гьечIого дица ХIусениласда, цевегосев вехьасда, дир инсул вукIарав гьалмагъасда.

– Мун витIарав вуго, дир вас, ХIадис, щибаб жоялъе лъикI букIуна эбелалда аскIоб. Амма гIумру буго гIумру. КьагIиги ругьунлъизе ккола жалго жидецаго хьихьизе, бетIербахъи гьабизе. Чахъабаздайин абуни рухI речIчIизе ккола хасел тIаде щвелелде ва хъутаналде гочинелде, – ян жаваб кьуна дие ХIусенилас, бакъуца бухIараб гьурмадаса хъачIаб квералъ гIетIги бацIцIунаго…

ГIарахъмагIарда гIуна цоги рехъен. «ГIисиназул рехъенилан» цIарги лъуна гьелда. Гьеб гIуна дагьал церегIан къояз улбуздаса ратIа гьарурал кьагIазул. КьагIазул рехъен кьуна дир кIудияв вац МухIамадихъеги, ГьитIинавасасухъеги ва ИсмагIилица абухъе, колхозалъул «штаталда гьечIев вехь» дихъеги.

КватIичIого, «кьагIазул» абураб цIарги хисун, цIияб рехъада цIар лъуна «хухазул» абун. «Биччанте гьанже жидецаго гIодосан бетIербахъи гьабизе, гьаниб хер гIунги тIокIаб буго. Гьаз хахун хIан бахъизе рахь хутIулеб букIинчIоян абуна ИсмагIилица, жалго жидедаго чIун гьитIинго гIумру гьабизе лъани, нахъа бигьаго букIуна, захIмалъаби къезаризе кIола. ГьитIинго талихIалъ мугъ рехана МухIамадидеги, ПатIиматидеги, ХIадисидеги. Амма азда кIвана жидерго нух батизе ва хадубккунги кIвезеги буго».

Гьел рукIана нижер цIаралда абулел рагIаби.

– Колхозалъе цоги вехь щвана, – ян абуна цо къоялъ ХIусенилас киналго данделъараб бакIалда.

– Щив эв? – ан гьикъана МухIамадица.

– ХIадисха.

– Йохъ, ХIадисил вехь вахъине гьечIо. Асул ботIролъ батIиял руго пикраби. Ав вукIине вуго мугIалим. Мунагьал чураяв асул инсуца абулаан «ХIадис вукIине вуго дадал учитель», – ян. Ав цIализе ккола, – ян ХIусениласе жаваб кьуна МухIамадица.

– ЧIоргIан битIараб хабар, цIализе ккола ХIадис. ГIансахIанчIиде ас гьабураб кечI рагIичIищ нужеда? – ян МухIамадил рахъ ккуна Дарбишица.

– Гьайгьай, нахъа эбел-эмен гьечIеб лъимералъе лъай босизе бигьа букIунаро, кин бугониги, лъимги хинкIги тун батIияб рикъзи къотIаниги, цIализе ккола ХIадис ва асие щвезе ккола лъикIаб лъай. ЛъалъалаРеб гъотIода пихъ бижуларо, цIаличIого гIоларо, – ян чIванкъотIун абуна ИсмагIилица.

«Дун цIаличIого чIеларо. Инсул мурад тIубазабичIого бегьилищ?!» – ан щулияб хIукму гьабуна дица.

– Рехъада араб мехалъ, гьоркьо-гьоркьор багIдун гурони, гьал хухазул бицинегIанасеб захIмалъи гьечIо. Амма, къайиялдаса дагьалъ рикIкIадегIан рукIел ккуниги, гьал улбузда аскIоре гьукъизе захIмалъулеб буго, – ян завфермаясде гIарз бахъана цо къоялъ ГьитIинавасас.

– Щибдайха гьабун лъикI? – ан гIакълу дандбана ИсмагIилица.

– Лъаларо щиб гьабилебали, амма кинан батунги, рес батичIого бегьуларо, – ян жаваб кьуна гIолохьанав вехьас.

– Дида лъала щиб гьабилебали. РачIа, гьазда улбул кIочон тезегIан хухазул

рехъен ГIинтIибе гочинабизе, – ян абуна МухIамадица. Дун гьесухъ валагьана. Вацасул гьурмаде дагьабго багIарлъи реханин ккола. Амма хIотокьерал, гьанжего-гьанже тарал михъазда гъоркьа, цIорол гордазда рогьалил бакъул чIорал кинигин, басандулеб бугоан гьими.

– ТIехь бакьулъа хабар бицунеб буго гьав васас, нилъ гьелде церего кантIизе кколаан, – абуна кIвар бугеб суал тIубазабураб гIадин, ИсмагIилица.

* * *

Инсухъе щвезе МичIчIикъавутIеги ун, хухазул рехъада цере жалго цохIо рукIана гьеб къоялда МухIамадги дунги. Къо букIана лъимадул къасдагIан роцIараб, тIоцебесеб рокьигIан гвангъараб, ясалъул баигIан хинаб. ГьещтIолел, релъанхъилел рукIана гIансахIанчIи. Гъоба ахалъудасан рагIулаан гIедераб лъарал чили. Гъвасиялда кваналел, дагь-дагькку ну улбул кIочонел хухазухъ балагьараб мехалда битIахъе ракI бохун бачIунаан дирги вацасулги.

Нижее бокьулаан тIабигIат, гIи-боцIи, цIалкIазухъги ралагьун пикраби гьаризе, рогьалил цIвагун кIалъазе, шагьри моцIалде ургъел бикьизе…

– ЛъикIай яс йиго Рисалат, – ан цойидасан дица абураб мехалда МухIамад хаган хутIана. Цин гьесда ракIалде ккана Рисалатил цIар дица гуреб, жиндицаго рехсон батилин. Амма гьитIинав вацасул гIисинал кIутIбузда басандулеб гьимиги, чIегIерал, инсулго гIадал дагьалго данде къарал беразда жаниб щущараб кунчIиги бихьараб мехалда гьесда бичIчIана кIалъарав чи живго гурев, дун вукIин.

– Дуда щиб лъалеб гъой лъикIай яс йикIин? – ан гьикъана МухIамадица.

– Кинабго бицуна гьолъул гIамал-хасияталъ, гьимиялъ, хIеренлъиялъ, намуслъиялъ, гIадамаздехун бугеб адаб-хIурматалъ. Дуда бихьанищ гьолъул беразул берцинлъи, кIутIбузда кьурдулеб гьими? Тамаша-гIаламат, дудехун цIакъ намусго ва цо хасаб хинлъигун кIалъала гъой, лъадалъе тIинкIараб би гIадин гIанабазда щущан багIарлъиги уна, – ян дица жаваб кьураб мехалда, МухIамад гьимана, гьесул гьумерги ракIги рагьун ана, нахъеги михъазда гъоркь гьимиялъул гугьар рещтIана. Жавабалъул бакIалда хIеренго дир ботIрода квер бахъун тана гьес ва ракIалде ккун букIана гьеб бакIалда хабар къокълъилилан. Амма дида ракIалда букIинчIо, кIудияв вацасул рекIел гордуги къирун, къаси-къаси гурони бихьулареб «рокьул тIегь» кинигин гьениб бахчараб балъгояб къасдалда дирго бер чIвачIого чIезе.

– Дуе гъой йокьулищ? – ан суал кьуна, кIудияв чияс гIадин цояб берги къинкIун, гъоркьа тIаде вацасухъги валагьун, дица.

– ГIантал жал рицинчIого вуцIцIухIун чIа, – ян къотIана жеги цIакъ багIарлъарав МухIамадица.

– Дун вуцIцIухIун кин чIелев макьилги кванилги кепги хун, хивалаз кодовеги восун, тIасан боржунеб хIинчI босун унеб хIалалда хIалакараб каранзул хIухьелги биччан, гIазабалда мун вугеб мехалъ.

– ГIенеккун вукIа, кIудияв чияс гIадал жал рицинчIого, гьеб хабаралъе мун жеги гIун гьечIин.

– ГIун ватичIого вукIине бегьула, амма дир бераздаги щибго бихьула. ГIабдулагьица абула, вацас вацасда цо рохел бицани гьелъул кIиго лъугьунила, пашманлъи гIахьал гьабуни, гьелъул бащдаб хутIулила. Дуца дидаса щибго балъго гьабуге, дица дудасаги гьабиларо.

– Уха, гьитIинав вугониги дидаса лъай цIикIкIарав вугелъулха мун, – ан абуна хьитIнибе тIерхьун унеб хоходе хапараб кверзухъе щвараб гамачIги рехулаго МухIамадица.

Дица анкьго класс лъугIизабидал, жиндирго лъабго гурони лъугIичIелъул, МухIамадица дун цIикIкIаравлъун рикIкIунаан. Чоца рехун эбел чIвараб мехалъ, лъабго соналъ гурони цIализеги цIаличIого, ПатIица тезе ккана школа ва гьитIинго байбихьана инсуе кумек гьабизе. МухIамадилги ккана гьебго жо – нагагьаб унтиги чIван хвана эмен, лъабго класс лъугIарав чияс гьесги босана кодобе вехьасул тIил. «Гьанже нужее эмен дица хисизе ккола», – ян лъазабуна гьес. Гьанжейин абуни кIудияв вацас жаваб кьезе ккoлеб буго гьитIинасда цебе ва дида ракIалда букIинчIо «хъахIаб байрахъ» борхизе.

– Рисалатие вокьулев ватиларин абураб щаклъи дур рекIелъе лъугьун батани, гьелъул жаваб дица кьела, – ян абуна таваккалго, гIодов чIараб бакIалдаса тIадеги вахьун, накабазда рукъаби рараб тIаждал чунтбухъ кIиябго кверги къазабун дица. – Дица вокьизавила гъолъие мун! – МухIамадица хIукму гьабуна, дунгун дагIбадичIого, кинабго жо мухIкан гьабизе. Гьимизеги гьимун, аскIовегIанги вачIун, гьес дида гьикъана:

– ХIинкъизейищ гьайилей, хъамизейищ хъамилей? – ян.

– Гуро, ле, мун мекъи ккана. Гьале гьабги кьун мукIур гьабила нилъеца гъолъул ракI! – анги абун, дица чвантиниса бахъана яцалъ кьураб хъахIаб квербацIцI, гьаругьинан гьеб бича-биххана ва МухIамадида цебе ккуна бакъвараб, лъабгIиналда релълъараб, амма кIиго гурони тIамах гьечIеб тIегь.

– Гьаб щиб, ХIадис? – ан гьикъана тамашалъарав МухIамадица, бералги къапезарулаго, ва гьаругьинан дир квербацIцIалдаса, кIиго килищги ккун, кодобе босана тIегь.

– Гьаб ккола «рокьул тIегь»! – ан жаваб кьуна дица.

– Аб киса, вац, дуе? – ян гьикъана лъикI мехалда бакъвараб, кидаялиго чIаго, жавгьар-якъут гIадин, кенчIолеб букIараб тIегьалде тIадеги къулун, МухIамадица. – КигIан балагьаниги, гьабщинаб заманалда мегIер-гIалахалда вугониги, дихъе щун букIинчIо аб. ГIемераб рагIана бицунеб, амма жакъа гурони бихьичIо.

– Дир ракIчIола Рисалатие мун вокьулев ватиялда, нагагь ватичIони, ма, гьаб ккезабе балъго гьелъул чвантинибе, – ян абуна ХIадисица.

– Гьалъул дие пайда букIине гьечIо, – ян МухIамадица абураб мехалъ тамашаго гьесул бадиве валагьун чIана дун.

– Щай гьалъул пайда букIунареб?

– ТIурасе, батарасе, накабазда чIарасе, тIоцере кIутIби хъварасе гурони алъул насиб кколаро. Ма, букIараб хIалалда нахъе лъе ва цIуне, – янги абун МухIамадица дун данде къана.

Къаде квенги босун, гъоркьа тIаде ячIуней йихьана ПатIи. Гьелда цадахъ йигоан Рисалатги. Дун МухIамадихъ валагьана. Гьев гьимана, гурде тIаждада жанибе тIамуна, гIедерго бетIер ххана. Вац гьимана, багIарлъана, хъахIлъана, жаниб хIет тIамурал тIоморхьитазде бер щвезабуна. Дица гьаругьинан гьесда тункана, бер къинкIана. Гьелъул магIна букIана: «босун вилъльа гьанже, гьитIиназдаги дагьа-макъабниги лъала» – ян абураб. «Рокьуца кьурдизе малъула кIартидагицин», – ан абуна цо нухалда ХIусенилас. «Рокьи ккола нах бахъичIеб рахь, амма цIуничIони цIекIлъула». Гьедин абуна цо лъицаялиго, гьабсагIаталъ ракIалда гьечIо… «Чияр цIадуца хIатIал хинлъизаруларо, чияр рокьуца кеп кьоларо, цIаги рокьиги букIине ккола нилъерго каранда». Гьаб кици Дарбишил батилин ккола. ХIанилъ рас балагьуге, аслияблъун ккола абурав чи гурев, абураб гIадахъ боси, гьеб битIун бичIчIи…

….АнцIила щуго къоялдасан МичIчIикъавутIе тIадруссун рачIана гIолохъабиги, улбул кIочон тарал хухазул рехъенги. ЧIахIаиццазда аскIоб бугеб

гвендккалида бищунго багъилаб бакI кьуна гIолохъанаб рехъеналъе. «Гъанже дагъаб захIмалъана дир хIалтIи, цоги рехъен ккана дир жавабчилъиялде», – ян абуна ГIабдулагьица. «Дуда гьелъул ургъел чIваге, нижерго рехъада цере иргадал нижгоги регила, гьанир рукIаниги, гъоре аниги батIалъи щиб», – ан лъазабуна МухIамадицаги ГьитIинавасасги. Гьеб заманаялде щулъалъана МухIамадилги «бащдаб хинкIилги» гьудуллъи, ккана рагIи данде. Амма ГьитIинавасасдехун дир дагъа-дагъаб къутI-къутIи камулароан. «ГьададигIан гIодове виччарав инсул гьадинав сабру тIагIарав, гIемер гаргадулев вас киндила вижулев, бухIилаго чIер жанибе бараб хIал букIунила кIалалъул, мацIалда пинкь бахъичIого киндайила хутIун буго», – ян абулаан гьоркьо-гьоркьоб дица гьесда. Гьеб мехалда ГьитIинавасги кьун чIолароан. Лъица щиб абунигидила, ХIадис, жиндир хинкIал кваралдаса саламатав чи лъугьанила дур; гарцIил гIадин букIараб габурги гургинлъун бачIунеб бугила, понцIон лъугьунел кIаркьабиги ругила, унго-унгояв «кIиго рокъов къаличехь» вугила мун. Гьаниб вацас кьолила, ГIинтIиса яцалъ гьаб-доб бачIунила, гьоркьо-гьоркьоб Рисалатицаги нису-нах камун толарила, аммайилаха жинда жеги-жеги бичIчIуларила нужеда гьоркьоб гьуинлъи ккеялъе гIилла, бахIарчIужу гIурай гъолъул духъ рокьи ккейги щакаб жо бугила.

Гьеб мехалъ дир квер хьвагIулаан, «барсаризабе, бащдаб хинкI!» – анги абун, хадуб ГьитIинхъандаги ахIун, хухал нахъруссинаризе унаан. Дие гьимулаан щибаб тIегь, тIогьода рещтIараб щуб. Щущан ун пикрабиги щолаан гIемерал бакIазде…

…Гьеб къоялъ къавуде бакъанидаго руссана гIухьби. Гьединаб букIана завферма ИсмагIилил «буюрухъ». Жакъадила, маркIачIул бер рукIкIинегIан чIечIого, дагьал хехго руссадила къавулъеян абун букIана радал гIухьби рехъад ине хIадурлъулаго гьес. «Щайдай жакъа батIаго гIи дагьаб цебе къавуде бачине кколеб, гьелъие гIилла щибдай?» – абун ккана ХIусениласда ракIалде. Гьелъие гIилла гIухьбузда лъалеб букIаниги, гьеб балъголъилъун хутIулеб букIана диеги, ХIусениласеги, ГьитIинавасасеги. «Азда ракIалде ккараб жо щибдай?» – ян гьикъана ГьитIинавасас МухIамадидаги дидаги. МухIмад гIицIго гьимана, «лъаларо» – ян жавабги кьун, кIалдире килщалги регьун, гьиштIана дица, басандилаго добе рикIкIадегIан араб кIиябго кьегIер хIинкъун тIадбуссун бекерун бачIана…

Хьагиниса гьанги хинкIалги рахъулев ватана гIухьбузда ГIабдулагь. Гьелда гIажаиблъи гьабуна ХIусенилас.

– Я вац, ГIабдулагь, гьанжего кваназеги кванан, сунде ракIги гъун нилъ рукIинел къаси? Кванда квалквадулев духьги ралагьун, бакараб цIадухъ хабар-кIалалда рукIине бокьула нижее, бакъанидаго кваназеги кванан, гьабизе жоги лъаларого, сордо инабизеги кIоларого рукIиналдаса, – ян абуна тIаса буртинаги бахъун, гел цIун цIорораб лъим гьекъолаго ХIусенилас.

– Дуда гьелъул ургъел чIваге, ХIусенилав, живго чIаго-гIатIго вукIин бацIазда лъазе ГIабдулагьица рачунел гьиштIуннакабазухъги, ахIулеб кочIохъги гIенеккун рукIинарищ нилъ. Валлагьха, вацал, лъица щиб бицаниги, булбулалдасаги, гIансахIанчIидасаги къураб жо расниги гьечIебха ав гьудуласул. Цо-цо гьунар кьола БетIергьанас щивав чиясе, нилъер ГIабдулагьиейин абуни…

– ГIабдулагьае гуро, дуе гьунар кьун буго гIемер гаргадизе, къали цIезегIан гьан квинеги, – ян МухIумил калам рагIалде щвезе течIо ХIусенилас.

– Гьа, гIела гьанже, жакъаниги нужерго «рокьул къец» къотIизе те, – ян абуна сундулалиго цIураб рахълъенги босун пажиниса къватIиве вачIунев ИсмагIилица. – ЧIобогояб, кIал гьуинлъулареб харбидаса, каpщ гIадин белъинабураб мохмох лъикIилан вукIуна нилъер Якъубил МухIамад, дицаги гьесул рахъ ккола. РачIа, церегIан къай, ГIабдулагьаца тIадаб иш мухIканго тIубазабун буго, нилъер иш ккола бисмилла бахъи, гьас хIадур гьабураб баракат бакъ щолареб бакIалде ккезаби… Гьая, гьудул, ГIабдулагь, дол нилъерго тутиядул курушкIабиги цере рахъея цо, жакъа гьезде къо ккун бугин.

ГIабдулагь пажиниве ана, ХIусенилас киназдего бер щвезабуна.

– Жакъа бухIарабжо курушкIабазищ ххузе бугеб? – ан гьикъана гьес. ИсмагIил гьимана.

– Гьекъезе цIорораб, гьекъон хадуб бухIараб маулхIатаялъул хIалбихьизе ккеларищха жакъа гIадаб къоялъ? – ан абуна гьес.

Кружкабиги росун вачIунев ГIабдулагь пунщана, гьесухъ сихIирго валагьана ХIусенилав. «Дида щибго жо бичIчIуларо, щибдай гьазда ракIалда бугеб жогIаги», – ян пикру гьабуна гьес…

Гьуинлъулеб букIана квен, гIемерлъулеб букIана хабар. «Гьекъеларила, гIумруялъ кIалдибе босараб жо гурила гьаб загьру», – янги вукIун, кIиабизеги кIалалда чIвана МухIумицацин кружка. «Риди тун батIияб жо эхебе инчIев асда чIагIдал тIагIам щиб гурин лъалеб, асиесебги дие ккезабе», – ян рагIи рехана ХIусенилас. Гьезул накъит халат бахъинаан, хъатикь кружкаги ккун, цо-кIицIул хьегIизеги хьегIун, ИсмагIил тIаде вахъун вукIинчIев ани. ХIусениласдехунги вуссун, квегIаб кверaлъ надалдаса гIетIги бацIцIун, гьес абуна:

– ХIусенилав, нилъеда киназдаго, кверaлда чан килищ бугабгIанги лъикI лъалаан ХIамзат. Нилъеца цадахъ хIехьана буранaлги, горо-цIадги, ракъи-къечги, къолодаса цIикIкIун цадахъ чIчIикIун батила цIамги. ГIолохъанго ватIалъарав досул хIалалда захIмалъила нилъеца гьав МухIамадие кIвараб кумек гьабичIони, хIажатаб мехалъ гIакълу кьечIого, малъа-хъвай гьабичIого ва асде бачIараб къо борхичIого тани. Анкьумумулъанго батараб гIадат буго гIедал яс росасе кьолебги, васасе чIужу ячунебги. Нилъецаги гьедин гьабуна ва гьедин гьаб бакъулаб дунялалдеги рачIана. Жакъа, гьав нилъер гьитIинав гьалмагъасе эменги хисун, гьанир гIодор чIарал киназго…гIодор чIарал киназго… ХIамзатил цIаралдасан дуда гьарулеб буго гьав МухIамадие… эменги гьабеян.

ИсмагIилица гьедин абураб мехалъ дун валагьана цин ХIусениласухъ, цинги МухIамадихъ. МухIамад багIарлъана цIа пархараб хъвалхьен гIадин. ХIусенилас, гьудги гIодоб лъун, бетIер тIаде борхизабуна, дагьаб мехалъ, гьелда жанир хутIарал хинкIал рикIкIунев вугев кинигин, хIарччиниве валагьун хутIана. СихIкъотIи лъугьана гIухьбузул цIадухъ. РакIалде кколеб букIана гIияз рагIбай чIезе танин, гьабзазе хIапдечIого чIезе яхI бахъулеб батилин. ГIицIго рагIулеб букIана гарцIазул цIир-цIири. Дица вацасда гьаругьинан гъеж тункана, берги къинкIун дагьабго бетIер гьанкIезабуна. «Дуда ургъел чIваге, кинабго лъикI ккезе буго», – ян кIудияв вацасда абизе бокьун букIана дие.

– Нилъецаги, жибго тIабигIаталъги чанги хIалбихьана гьав МухIамадил, – ан тIадеги жубан сихIкъотIи хвезабуна ИсмагIилица, – амма ав къуркьизавизе кIвечIо гIаздал буранaлдацин ва бихьизабуна захIмалъабазда цебе бетIер къулулев чи живго гьечIеблъи… ЦIилъулеб кьагIрихарда гьоркьоб дерец тIегь гIадин ГIинтIиб жаниблъиялда гIун ячIуней йиго дур яс Рисалат, (гьей

ХIусениласул яс кколеблъи нужеда бицине кIочон тун батана дида) гьей йиго кIвахI гьечIей, эбелго гIадай гIамал берцинай, ракI гIатIидай яс. Бокьилаан дуца дурго ясалъулги, гьав васасулги талихIги къисматги цолъизабуни…

Нахъеги гIенеккун чIана ХIусенилав. Гьес хъалиян кьурана, чанцIулго тIатIала пагьизеги пагьун гьаваялде биччан ана тIагъур гIанасеб кIкIуйдул микIис. Киналго цоцахъ ралагьана, кодор ккурал кружкаби хъатикь сверсвердизаруна. Михъазда буртIин килищги бахъун, ахирги ХIусенилас кьуна кьучIаб, къокъаб жаваб:

– Ясалда дандбала, гьелъие бокьараб гьабила…

Нахъисеб къоялъул къалъудаса хадуб ГIинтIир ругел гьибирисезул дояркабазда вихьана ГIарахъмегIералъул габурлъухъа гIодове вачIунев ункъо бихьинчи.

– Ралагье, ясал, нилъер гIухьби раккаралин!

– Лъозда ракIалде ккараб щибдай?

– Унсоколоре унел ратила!

– Ратиларо, гьадинаб кватIараб мехалда рикIкIаде сапар бухьунеб гIадат гьечIо.

– МухIамадги вихьула.

– Цоясул горбода чIван гIиялъажоги бугин ккола…

Дояркабаз жинди-жиндир пикру загьир гьабулеб мехалда ПатIи гьимана, гIенеккунги чIун гьелъ Рисалатил гъеж зинкIкIана. Гьей «рокъое» жание тIурун ана.

– Лъица щибилан абуниги, бичIчIулареб цо балъголъи буго жакъа ГIинтIиб жаниблъиялда, – ян абуна Умужатица. – Дунялалдаго къарумав рекъав ИсмагIилица цо гIилла гьечIого рехъалъа куй кколаро ва хъоларо.

– Гьа, гьанже кинабго бичIчIана, ХIусениласе мун абизе рачIунел ратичIони лъол! – анги ахIун Майсаратида гъажалзул бетIер тункана ГIайишатица.

– Гьеб бакъ гьанже дида бихьиларо, лъозул цояс жакъа дуе кIичI тIамизе букIин хIакъаб жо бугоха, ГIайишат, – ан абуна бетIералда чIвараб квербацIцIГи битIа-бищизабулаго Майсаратица, – ахираб заманалда гIажа-гIажаибал макьабиги рихьулел рукIанин, рилълъа бугес бугеб ретIел-тIех тIад ххезе, – ян тIадеги жубан, гьейги нохъоде жание тIерхьун ана.

КватIичIого тIаде щвана гIухьби. Цеве-цеве вукIана ИсмагIил, гьесда хаду-хадур МухIумаги, ХIусенилавги, МухIамадги.

– Гьа, кире рахъарал, херал чудкал?! – ан ахIана махсараби гьаричIого чIезе кIоларей Майсаратица, – гъозул ясал хъамизейищ ракIалде ккараб? ХIожол ХIожал боян ккола рикIкIадасан балагьараб мехалда. Дун лъиениги абизе нужеда ракIалда батани, гьеб гIададисеб жо буго, цо куйги бачун гурел, хухазул рехъенги цебе къотIун рачIине кколаан рукIарал нуж гьанире!

– Нижер хераб хIамил бащдаб къотIараб гIиналхIа, Майсарат, куй киса гурин, милърал хIулараб хIелекоцин гIемер буго дуе, – ян ХIусенилас абураб мехалда руччабазул гIагIай бахъана. Амма Майсаратида ракIалда букIинчIо къун чIезе.

– Уха, бичас биччани жого бицинчIогойищха мун вукIинев, кIалквеш. Бихьиназдаги, чахъабаздаги, руччабаздаги бицунеб цохIого хабар букIуна дур, цIуяб жоялда кIалъазегойищ мун гIумруялъ ккечIевали. ХIеренлъи лъолеб бакI хьилил цIун батизе буго гьав хъачIккелил, – ан абуна гьелъ.

– Хириял дояркаби, нуж рагъаризаризе ва нужер ракI бакъвазабизе гуро нижеца жакъа ГIинтIибе сапар бухьараб, – ан байбихьана ИсмагIилица, – захIматаб суал тIубазабизе тIамураб тавакалалъ рачана ниж, ГIарахъмегIералъул

бахIарчиял гIухьби ГIинтIиб жаниблъиялда ругел хIеренал, берцинал, гIаданлъи бергьарал дояркабазухъе, Гьибириса руччабазухъе. Нижер лочнол ракIги цадахъ босун, боржун ун батана берцинаб, сурмияб микки, гьелда хадуб инагьдилеб хутIун буго нижер гIолохъанаб, лебалаб, бахIарчияб лачен… Гьеб сурмияб микки гьабсагIаталда киб бугебали бицинищ? Гьеб буго гьаниб, нужеда гьоркьоб, гьадаб «хъалаялда» жаниб!

ГIиял фермаялъул заведующиясул гьел рагIабазда гIажаиблъи гьабуна дояркабазул гIемерисез, гьезда кинабго бичIчIана, цоцахъ ралагьана. Ахирги рекIеда ятана Меседо. Чороклъун гьечIониги, цебесеб гурдеялда квералги рацIцIунаго, гьелъ абуна:

– ХIурматиял гIухьби, нужер нух къосун бихьула жакъа. Нижер гьанир маккал гIезегIан руго, амма нужеца бицунебаб гьечIо. Микки батараб гIоларо, гьелда цебе базе ккола меседилаб мугь, гьелъул хIеренлъиялъе, берцинлъиялъе, хIасратаб кечIалъе мустахIикълъизе ккола лачен. Лаченан абунщинаб жо лачен букIунаро, цо-цо мехалда лаченал ратула гъудуздасацин квешал. Бихьизабе нужерго лачен, гьелда ракI рекъани нижеца балагьила гьеб микки.

– ЛъикI буго, ниж рази руго гьеб шартIалда! – ян абуна, горбода чIвараб гIоркIкIенги гIодобе биччалаго МухIумица, – гьале нижер гIолохъанаб, лебалаб лачен! – анги абун гьес квер кIутIана МухIамадил гъажалда. Гьесда аскIое ячIана ПатIиги.

– Лочнодаса къураб жо щибниги гьечIо дир вацасул, макказул гъонолъ вукIине рекъаравги вуго дир вац! – ин гьаракьги борхизабун абуна гьелъ.

– Кибха бугеб микки?! – ян суал кьуна гьанже кинабго бичIчIизе лъугьарай Умужатица.

– Гьеб гьабсагIаталда гьалмагъзабазда гъорлъ гьечIо, доба гьундузда жаниб бахчун буго, – янги абун нахъеги дояркаби рега-рахъунеб нохъоде килищ битIана ИсмагIилица, – екере, дир яс ПатIи, милъирги ккун, киназдаго бихьизе кIватIибе баче доб.

ХIеренго къвалги бан ПатIица къватIие ячун ячIана намуслъарай Рисалат.

– Гьале, гьудулзаби, нижер лочнол ракI жинда хадуб инагьдулеб микки! – ян ахIана гьелъ.

– Гьале доб хIикмат, нилъедаса бальго ригьин-цIаялъе ургъулел рукIун рихьула ал, – ан абуна ГIайишатица.

– Щаклъунали йикIарайха, амма дирго beралда бихьизегIан бальго цIунун букIана, – ян тIаде жубана Меседоца.

– Къадада гIундулги, гIалахалда бералги рукIунел. Хухазул рехъенги бачун гьанире дол гIолохъаби рачIараб мехалдаго дида рихьун рукIана Рисалатилги МухIамадилги рекIел чIвабзаз рачунел бакънал. Берал данде ккейгун багIарлъулаан, кIалъалаго намуслъулаан. ГIамал рекъон къадар хъвалин абула, Аллагьас цоцазе рижун руго гьал, – анги абун Рисалатида аскIое ана Меседоги. КIиго гIолохъанаб ракIалъе талихI босун бачIана гьеб къоялъ. Амма дояркабазда ракIалда букIинчIо бигъа-бихъаго «лочное» «микки» кьезе.

– Нижер Рисалат гIицIго микки гурейги жавгьарги ккола. Нижер гIадат гьечIо чIорого ясал гьаниса нахъе риччалеб, – ан абуна кIутIбузул ракьанлъабазда гьимиги басандулаго Майсаратица.

– БахIаралъул хIатIакь хъвезе жо гьечIел чагIи гурелха ниж! – ан ахIана ИсмагIилица.

– Гьеб дагь буго, гьудул завферма, дояркабазе гьан букIинабураб гIоларо, азул командующиясе щекъер биччизабизе жоги букIине кколеб! – ан СултIаница абураб мехалда ХIусенилас кьватI-кьватIарал кIутIбузда мацI бахъана.

– Гьебги хIисабалде босараб нижеца, – янги абун, късвачIинисаги бахъун, бельъараб гьанал бохги, чогърол цIураб шишаги бегьана гьес рохьдохъанасухъе.

– Валлагь-биллагьи, бегьизабуна нужеца жакъа. Цебегоялдаса нахъе дир кванирукъалда жаниб цIа лъун букIинчIо гьаб маулхIаяталъ, хIалбихьичIого бегьиларо жакъа, – янги абун, цIоросаролъул хIокIги кIалтIаса бахъун гьес шишаялдаса махI сунтIана.

– ЗобалхIаги бихьула тIад бугеб тIепацин мехтизабулеб тайпаялъул бацIцIадаб. Кьураб квер чIахъаги, тах роходе гьабурасул ракIалда ругел мурадал тIураги, гьаб шишагIан бацIцIадаб букIаги ХIамзатил МухIамадилги ХIусениласул Рисалатилги гIумру, анлъго дояркаги, анкьго вехьги гьавеги азие ва эзул цояс гьаб хьулухъалдаса дунги хисаги! – ян абуна гIодоб къазабураб тIилида тIаса бахъун тахтадул тIагъурги балаго СултIаница.

– Аммаха, СултIан, дур гьара-рахьиялда иш кьокълъизе тезе бегьуларебха. Гьанже ургъизе ккола цо кIвар бугеб суалалда тIад, – ан абуна къвалакь кIиябго кверги чIван Майсаратица, – бахIаразул «кIалгIа» ГIарахъмагIардайищ букIине бугеб, ялъуни гьаниб ГIинтIибищ?

Киналго цоцахъ ралагьана.

– ПатIиматица хисила Рисалат, Рисалатица гьабила гIухьбузе квен-тIех, ГIабдулагьил захIмат нилъеца дагьаб бигьа гьабила – жакъа къоялдаса нахъе ав гьудуласда тIадаб ишлъун букIине буго ворчIухъанлъиги, бухIизе цIул-цIа балагьиги, – ян абуна цояс.

Нужеда бихьизе лъикIан гьеб мехалда ГIабдулагьил гьумер рагьун араб куц! Гьелда тIад щущана гьими, гьелъ гьоркьоб течIин ккола тIогьиса камураб мегIерцин. Гьебги сунтIулаго, цоцалъ хьаталги лъулъазарулаго, ракIги гIумруги берцинав ГIабдулагьица гьадин абуна:

– БацI киса гурин, гIункIкIцин аскIобе къалареб хIалалда гIиги цIунила, цIулги балагьила бакъваралдаса-бакъвараб, гIатI-тIех тIагIани гьеб босизе росулъеги ина, гьадал хIамулги цере къотIун. БитIахъе бицаниха, яцалги вацалги, чIалгIун букIана раса-цIалкIуги, гIатI буциги. Гьелде тIадеги, бетIералда рекIун рукIана МухIумилги ХIусениласулги бадирчIваял. АнцIго-анцIила щуго хинкIги кванан, тIаде рикьи гIанасеб чурпаги ххун, хIухьел цIазе захIмалъааб даражаялде ккараб мехалда лъугьуна киритика гьабизе – хинкIал релъун гьечIила, дагьал лъамалъун ругила, цIамги гIун бихьуларила. ГIорцIизегIан гIенеккун чIола дир анкьабилев эмен Нурулагьил хабал къаданиб чIвараб зани гIадин. ЦIунун тайгиха «къучIбi» цIун хадусала букIунеб питнаялдаса. Гьеб мехалда бадирчIваял гьаризе байбихьула МухIумица, цIадабе нарт тIураб гIадаб жо гьабула ХIусениласги. Къасидила хинкIал хIулхIуларал, гIисинал ругила, цIорораб лъеда буцун батилила гIатI, кьун анцIила щуябго выговоргун цIан хIалтIудаса вахъизе мех щун бугила гьав ГIабдулагьие. Кинав богогьандила вукIунев тIад ретIине хъахIаб халгIатги, кверал чуризе хъазан-сапунги гьечIев чи. Рагъул заманалдайила, жужахIалъул гIадаб цIадул мацIаз цебе батанщинаб жо чIурхIун рехулеб Сталинградалда аскIобцин, сапунги бахун цин кверал чурун гурони квен-тIехалда кваркваалдулаанила повар Радион. ВукIарав зурбаяв чийилаха дов, хIотол кIуштIа гIанасеб букIанила цо-цо михъ. Гьасул чуричIел квераз гьабураб кваницадила чехь лъамалъизабулила. ЛъамалъичIого кин букIинеб

гьеб байтулман, гIодов чIаралъуб натI тIад бугеб гIадаб тIатIул сариси квараб мехалъ. Огь баркаманилаха, цIакъаб жо бугоанилаха аб сариси, пайда щибдилаха тIаде щвазе цIоросаролъил тIех гьечIелъул. Гьеб жубанидила сариси нах гIадин унила мукъулукъалдаса эхебе. ГIамал берцинав чи вугелъул, сарисиялда тIаде тIехги къваригIинарищха ав гьудуласе. Ас гIемер киритика гьабураб мехалда чанцIулго гьесана гьагIуялда гьоркьоре ракъварал гIанкIигIучIал хъуризе, гьеб мехалда мичIчIилъеги нахъеги ав лаченги векерахъдун, рехъаде ине чи гьечIого хутIизе гурин абураб хIинкъиялъ дирго пикруялдаса инкар гьабизе ккана. Гьедин гуребани, валлагь, ГIабудалагь, гьал жал хинкIал гуро, битIахъе бахъухъил къаял руго абун дир квен беццизе тIамилаан дица ав вукIарав…

– ГIела, ГIабдулагь, гIезегIан гъуруд хъуранин дуца, – ян гьев гьоркьов къотIизавуна МухIумица, – Аллагьасе щукру буго мун богогьанлъиялдаса вахъизехъин вугелъул…

– Вахъизехъин гуро¸ эркен гьавизехъин вуго, диего бокьун, – ан абуна чIобоголъараб кружкаги гIодоб лъолаго ГIабдулагьица.

– Элъул батIалъи щиб? – ан суал кьуна бераздеги гIанабаздеги цIа бахарав Якъубил МухIамадица.

– «БатIалъи щиб – батIалъи щиб?» – ан вукIуна кидаго гьав жо, батIалъи буго хинкIидаги бахъухъалдаги гьоркьобгIан кIудияб. Вахъи ккола вахъи, диего бокьун эркен гьави гьелде данде кккурав чиясул чехьалда «гIахъущдерил хъабщуда» бачине бегьила, – янги абун, ГIабдулагьица кьарияб гIадаб бихьун гьанал кесек кодобе босана.

– Эдин батани, бихьизабе хъвараб гIарза! – ян тIирун чIана МухIума.

– Кинаб гIарза? – ян гIажаиблъи гьабуна ГIабдулагьица.

– Хъулухъалдаса эркен гьавеян гьарун хъвараб гIарзаха. Гьеб батичIони, мун ишалдаса эркен гьавун вукIине ккола дуе бокьаниги бокьичIониги.

– Ле, бусурбанчагIи, нужее талихI кьегийин дида тIаса гьаб балагь нахъе баче, – янги абун хIеренго гьимана нахъеги ГIабдулагьи.

МухIамадилги Рисалатилги берал данде ккана, гьел гьимана, багIарлъана…

РагIизе лъугьана ГIинтIилъарал чили, гIансахIанчIил рельи. Гьелъул «гьа-гьа-гьа»-ялъе гьиштIиялдалъун жаваб кьуна дандиялъ. «Гьаб рельиги гьиштIиги ГIансадул нохъодасан бугин ккола», – ян пикру гьабуна дица. Гьеб лахIзаталда дун вукIана талихIав. РахIаталда бугеб ракьцин инсанасул рохалихъ гIенеккун букIана…



# КIочонарел цIарал

## ГЪАЛЪУЛ ЦIАР ЦIВАЛЪУН ХУТIИЛА

*«Бищун кIудияб къимат ккола,*
*халкъалъ дур гьабулеб хIурмат».*
***Анатоль Франс.***

Дол рукIана Унсоколо районалъул культураялъул рокъоб дун хIалтIизе лъугьарал 1973-74 сонал. Дун гьоболлъухъ щун вукIана дирго рахьдал мацIалъул мугIалим МухIамадов ГIабдула Бадиевичасухъе. Гьес абуна, лъикIин, АхIмад, мун вачIарав, цебего дуда абизе жо букIанин дирилан.

– Мун вуго гьунар-бажари бугев музыкант гуревги, хъвадаризе гьира бугев, гьаб росдал букIа, районалъул букIа, ахIвал-хIалги гьенир кколел культуриял тадбиралги лъалев, гьезие къиматги кьезе кIолев чи. Дунго кIодолъун вукIинги бихьун, дир дуде аманат буго, дуца гьаб нилъер районалдаса рахъаралщинал гьунарчагIазул къисматги цIехон, кIвар бугел хIужаби къалмикье росе. Дол гIадамал рукIана тIокIаб такрарлъи гьечIел, лъиданиги релълъинчIеб махщел кодосел чагIи. Дуца чара гьечIого хъвазе ккола гьезул творчествоялъулги гIумруялъулги бицараб гьитIинаб букIаниги тIехь. Масала, ГьаракIуниса ГIашат, Сарат Давудова, Чакар ХIамзатова, Генуса Умарагьин НурмухIамадова, ГIашилтIаса Написат ГIисакъова, Мусаев ТIагьа, Амин Чупанов. Гьел руго жидер гIумру искусствоялъе кьурал гIадамал.

Мех-мехалда дида ракIалда щолаан ГIабдула МухIамадовасулгун букIараб гара-чIвари. ХIалтIудаса эркенаб заманги батун, дица сапар бухьана борхатаб кьурда тIад цIудул бусада релълъун бугеб ХарачIиб росулъе. Гьениса Загьидов МухIамадилги Зубаиров ГIусманилги кумекалдалъун балагьана чанго бакъан ва гьел киналго дица «Унсоколо районалъул гьунарчагIи» абураб тIехьалда лъезе руго.

Гьанже дие бокьун буго бицен гьабизе, жиндир мунагьал рахчаяй Генуса Умарагьин НурмухIамадовалъул творчествоялъулги гIумруялъулги хIакъалъулъ. Дидаго лъарабги, гьединго гьей чIаго йигеб мехалъ гьелда цадахъ хIалтIулел рукIаралги гIадамазул, гIага-божаразул ракIалдещвеялги кьочIое росун, гьей гьунар-махщел камилай кочIохъаналъулгун дагьаб гIатIидго магIарулазул лъай-хъвай гьабизе.

МугIрузде гIемерал цIадал рараб мехалъ, гIемерал иццал кIанцIула. Гьезул гIемерисел къуна, амма хутIула цо бацIцIадаб, чилчидулеб ицц///. Гьединаб иццлъун магIарулазе хутIана ва щаклъи гьечIого хутIизе йиго Гендерил гьайбатай яс, хIикматаб гьунаралъул бетIергьан Умарагьин НурмухIамадова. КIудияб рикIкIадегIанисан гурони бихьуларин абула, гьедин рикIкIадегIанисан гурони бихьулареб кIудияб мегIер гIанасеб борхалъиялде бахинабуна Умарагьин НурмухIамадовалъ нилъер маданиялъул рухIияб бечелъилъун кколеб магIарул халкъияб кечIги бакъанги.

Дида гьей тIоцее йихьана Унсоколо росулъ МалахIумил Разиятил вас ХIажил берталъ кечI ахIулей. Амма гьелъул сипат-сурат гьабсагIатги цебеса

унаро. Гьей йикIана гургинаб гьумералъул, жаниб цIураб лага-черхалъул йорхатай, гIажаибго берцинай гIадан. ГьацIул тIагIам лъазе ккани, тIубараб бочка кваназе кколареб гIадин, цо ахIараб кечIалъги бицуна кочIохъанасул махщалил. Щивасул рекIее кIочонареб асарги гьабун, гьабатаб лъалкIги тун ана гьениса Умарагьин НурмухIамадова. Дида гьей тIокIалъ йихьизе хъван букIун гьечIо.

## УМАРАГЬИНИЛ ЯС МАДИНАЛ РАКIАЛДЕЩВЕЯЗДАСА:

Авар театралда тIобитIулеб цо тадбиралда дир лъай-хъвай ккана Генуб росулъа мугIалим Асиятилгун. Гьелъ бицун лъана дида Умарагьинил яс Мадина йигеб бакI. Нахъисеб къоялъ дица балагьана Мадина хIалтIулеб гьитIинабго кафе.



Мадинаца абуна жиндир эмен кколин Унсоколоса Зубаирил МухIамад… Циндаго дир берзукь паркъана Унсоколо росуги, дир гIагарлъиялъул Зубаирил МухIамадги. Гьев дидаса гIемерго кIудияв чи вукIаниги, дида МухIамад ракIалде щвана.

– Дир эбелалъул инсуда цIар букIана НурмухIамад, – ян абуна Мадинаца. – Гьев вукIун вуго лъикIго ресалда вугев бечедав чи. Гьеб бечелъи сабаблъун НКВДялъ кулакги гьавун къватIиве витIун вуго гьев. Дир кIудияй эбелалде абулеб букIун буго ЧIанкIа ГIалил ГIайишатин. Дир эбел Умарагьин гьаюн йиго Генуб росулъ I925 соналъ. Гьей хвана гIолохъанго, I976 соналъ. Гьелъул букIана 51 сон. Эбел дие цIакъ хирияй гIадан йикIана. Дир цогидай яцункъго соналъ гьитIинай йикIана дидаса. Долда гьеб гьедигIанго рагIичIо. Дунин абуни, 20 сон барай гIадан йикIана эбел хварай мехалъ. Эбел жийго кочIохъан йикIиналъ, гIадамазул бер-кверaлдаса цIунизе гIоло батилаха, гьелъ нижее щулияб гIадлу-низам чIезабун букIунаан. ЦохIо гьелъул балагьараб бералдалъун нижеда бичIчIулаан, нижер хьвада-чIвадиялъулъ букIине кколеб гIорхъи-рахъ. Эбелалъул анищ букIана нижее лъикIаб тарбия-лъай щвей. Гьелдаго цадахъ, гьей нижее йикIана цIодорай, хIеренай, хIалимай эбел; гIадамазе – ракI гIатIидай, аваданай гIадан. Эбел йикIана сундаго барахщи гьечIей, сахаватай гIадан. Нижее эбел камуралдаса бан батила кIикъоялда ункъониги сон. Амма сон-церекъад хварайгIанги кIочон толаро дида гьей. КIиго сон барай жо йикIана дир яс эбел хварай мехалда. Унсоколоса Зубаирил МухIамадидаса ятIалъун хадуй, дир эбел росасе ун йикIана ГъаракIуниса ГIабдулаев Расулие. Гьесие гьаюрай цохIо яц йиго дир, Зугьра-Ханум буго гьелда цIар. Ниж кIиялго гурони рукIинчIо эбелалъул.

Хунзахъа Буйнакскиялде гочараб мехалъ, гьений Авар театралда артисткалъун хIалтIулей йикIана дир эбел. Гьеб заманалда микьго сон барай гIадан йикIун ятила дун. Дир эбелгун Зубаирил МухIамад гIемераб мехалъ хутIичIоха. Инсуца жиндирго цинагIал Аминат ячана. Эбел-эмен ратIалъараб мехалда, дун гьитIинай жо йикIана. Дида лъай батараб мехалдаса нахъе, дица Расулида дадаян абулеб букIана. Гьеб заманалда ниж рукIана ЦIумада

районалда. Расул вукIана тIадегIанаб лъайги бугев, партийный школаги лъугIарав чи. ЦIумада районалъул Гъадиро росулъ, школалъул директорлъун хIалтIизе витIун вукIана гьев. Дида ракIалда буго, гьакил нухцин букIинчIеб мехалда, къваридаб сухъмахъалдасан хIамида къайиги лъун, эбелги эменги, квер ккун хадуй цIан дунгун цо росулъа, цогидаб росулъе унел рукIараб заман. ГIиссинал лъабго-ункъго гIанасел росаби рукIана гьенир: Гъаквари, Сильда, Гъадиро. Хисун-хисун иргадал цо-цо сональ, цо-цо росулъ хIалтIана дир эмен. Эбелги гIадада чIолароан. Гьелъги кьолаан школалда дарсал, аслияб къагIидаялда гьел рукIунаан музыкаялда хурхарал. Гьезул жалго ругьунлъарал артистазе кIудияб пайда щолаан дир эбелалдасан. Музыкалиял кружоказда цадахъго гьелъ рачунаан домоводствоги. ЧIахIи-чIахIиял руччабигицин хьвадулаан гьеб домоводствоялъул дарсазде. Лъозул руччабазда хинкIалги чедги гурони батIияб квен гьабизе лъалеб букIинчIеб къагIидаха. Дир эбелалъ гьезда малъулаан цIурал хинкIал, пирогал гьаризе. Ханазулъ хинкIал эбелалъ гьарураб мехалъ, гьезие гьеб гIажаибаб жолъун букIана. Гьединаб мехалда авал–къоноялда вугевщинав чи вакIарулаан нижер къавулъе.

Гьедин лъабго ункъго сональ гьел росабалъги хIалтIун, ниж тIадруссунеб мехалъ, щибаб росдал жамагIат гIисинал, чIахIиял батIалъи гьечIого, ниж нухда регIизе, росу тезегIан къватIире рахъунаан. Ниж унеб къоялъ, эбелалдаги хурхун, цо кIудияй чIужуялъ магIуги бацIцIунаго абуна: «Дуца нижее гьабураб лъикIлъи, дир яс, гьаб дунялалдаги ахираталдаги дуе кирилъун хъваги», – ян. Унсоколоре ниж тIадруссараб мех, гьеб букIине ккола I962 сон. Амма, нижеца Унсоколо гIемераб заман бачIо. Гьениса Буйнакскиялде гочана. Гьел рукIана 1964-1965 сонал. Унсоколо ругеб мехалда дир эмен хIалтIулев вукIана районалъул культураялъул отделалъул нухмалъулевлъун. Эбелги йикIана Унсоколо районалъул культуриялъул рокъой методистлъун.

Гьел рукIана 1964-65 сонал. Эбел Авар театралде хIалтIизе лъугьана. Гьенисан гастролазде унеб мехалъ гьитIинай гIадан дунги ячунаан цадахъ. Цо дагьал соназдасан Авар театр МахIачхъалаялде гочунеб заманалда инсуе бокьичIо эбел театргун цадахъ гьение ине. Гьес эбелалда абун буго, я дун, яги театрилан. Эбелалъ, росасул адаб рехичIого, рукъ тIаса бищун буго.

Гьелдаса хадуб гIемер заман иналде эбел унтана. Гьей цIа свинабулеб идараялда хIалтIулей йикIана инспекторлъун. Эбел унтарайго, Расул тIоцее йикIарай чIужуялъухъе тIадвуссана. Нижер эбел унтун йигин рагIараб къагIидаха, Унсоколоса бахъараб Буйнакскиялде щвезегIан гьелде ваккизе вачIана хирург ХIамзатил МухIамад. Гьениса машинаялда рекIинаюн Унсоколоеги ячун, гьев сахаватав чияс мунагьал чураяй дир эбелалъе гьабуна операция. Гьесул таваккалалъги, гIаданлъиялъги хIикмалъизарун рукIана ниж киналго. Эбелалда аскIой чIезе, гьелъухъ балагьизе цадахъ дунги ячун йикIана ХIамзатил МухIамадица. Унсоколо больницаялда чанги сардал рогьана дица эбелалда аскIоб. Лъоба операция гьабураб мехалъ гьелъул «опухоль» батана доброкачественный. ГIемер къварилъи-захIматлъи баччизе ккей батила эбел унтиялъе гIиллалъун ккараб. Рукъалъул къварилъи къадазда лъалин абун буго, рос–рукъалъул талихI кьечIей гIадан йикIана гьей.

Аллагьасул хIалкIолъиялдалъунги Унсоколоса хIикматав инсан, унго-унгояв магIарулав, хIал алжаналъуб батаяв ХIамзатил МухIамадил махщалил кверазул баркаталдалъунги, гьадаб захIматаб унтудаса хадубги дир эбел жеги анцIгониги сональ дунялалда хутIана. Гьеб заманалда долъул букIана

кIикъогогIанасеб сон. Амма гьелъ кигIан жийго санагIат гьечIого йигониги, чиясда хIал лъазе толароан. Гьей йикIана бихьинчиясул гIадаб, къвакIараб гIамал–хасият бугей гIадан.

Дир эбел цIалана Луначарскиясул цIаралда бугеб гьанже заманалда ГИТИСин абулеб театралияб институталда. Гьел рукIине ккола 1940-41 сонал. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заман букIана гьеб. Гьеле гьеб мехалда цIалана эбел Москваялда.

МагIарухъе, театр росулъе бачIараб мехалда, Муса ГIабасовасул, Умарагьинил театр бачIун бугин абулеб букIун буго гIадамаз. Гьеб заманалда Муса ГIабасовасгун цадахъ эбелалъ кечIги ахIун хъвараб запись букIине ккола Дагъистаналъул радиокомитеталда. ГIолохъанаб мехалда тIеренаб, роцIараб гьаракь букIун буго дир эбелалъул.


РСФСРалъул мустахIикъай артистка ГI. Мамаеваги, У. НурмухIамадоваги

Рагъде унел солдатал нухда регIизе, гьезие ихтилаткеп гьабизе, кучIдул ахIизе, кьурдизе унел артистазда цадахъ йикIунаанила дир эбелги. Гьеб букIине ккола эбелалъ 18-20 сон бараб заман. Гьелдаса хадуй арай йиго гьей Москваялде цIализе. Москваялда дой цIалараблъи бицунеб студентазулаб тIогьилаб кьер чIвараб гьитIинаб книжка букIана эбелалъул. ГIемерисел щуйилал къиматал рукIана гьелъул книжкаялда. Пайда щиб, гьеб институт лъугIизегIан гьей гьений хутIичIелъул. Эбелалъ бицунаан, жий йикIанила гьединаб институталде тIоцее цIализе йосарай магIарулайин. Жиндаса гьениб экзаменалда щибго тIалаб гьабичIила. Гьез жинда гьикъанила кечI ахIизе бажарулищан. КигIанго гьенир магIарул мацIги, кечIги бичIчIуларел чагIи рукIаниги, жиндица гьениб бажарараб хIалалъ кечI ахIанила. Экзамен къабул гьабизе гIодор чIун рукIарал чагIаз, киналго разилъун жий цIализе йосанин бицунаан эбелалъ.

Доб заманалда ясал доре-гьанире ритIизе эбел-эменги гIагарлъиги хIинкъулел рукIиналъ, нижер эбелалъухъе телеграмма битIун буго «гьелъул эбел хванилан». Гьей гьениса тIадюссине гIоло гьабураб иш букIун буго гьеб. Москваялдаса эбел тIадюссун ячIараб мехалда гьелда эбел чIаго ятун йиго. Щиб гIиллаялъе гьединаб вахIшияб махсаро гьез гьабурабали бичIчIун батиларищха эбелалда. Гьедин, эбел-инсуцаги гIагарлъиялъги гьей тIокIай Москваялде цIализе йиччан гьечIо. Гьеб букIана гIагарлъиялъ гьей бугьтаназдаса цIунизелъун гьабулеб хIалтIи. Хасго кочIохъабазда нахъасан дагьаб жойищха гIадамаз бицунеб. Бихьинчиясул гIадаб чIваркьараб гIамал букIиналъги батилаха, гIадамазул мацIалдасаги хIинкъичIого, гьей Москваялде щвезегIан цIализе, жиндиего бокьун арай.

Театралда эбелалъ батIи-батIиял ролал хIалел рукIанин бицана Мадинаца.

Амма кинал ролал гьелъ хIалел рукIараяли жинда бицине лъаларилан абуна гьелъ. Жиндирго бокьулеб иш цебе бачине, гIолохъанаб мехалъ эбел-инсуца гьабунила гьелъие квалквал. КIудияй гIураб мехалъ россабазги течIила диего бокьулеб ишалда тIад хIалтIизеян йикIунаан эбел. Театралда бетIерал ролал хIазецин тIамулаан гьей режиссераз.

ПатIимат Магаева йикIанин абизе бегьула дир эбелалдасан музыкалиял дарсал щварай кочIохъан. Гьей цIакъ рекIелъ йосун йикIана эбелалъул. ПатIиматие кечI ахIиялъе малъа-хъваял гьарулаан гьелъ. Доб мехалда дир эбел культураялъул рокъой хIалтIулей йикIана. ПатIимат тIасиял классазда, дунин абуни гъоркьиял классазда цIалулеб заман букIана гьеб. Гьединлъидал, мех-мехалда дир эбелги цIехон Магаева ячIунаан культураялъул рокъое. Авар театралда эбел хIалтIулеб мехалда гьенир хIалтIулел рукIана МахIмуд ГIабдухаликъов, ПатIимат Хизроева, ГIалиасхIаб МухIамадов, Муса ГIабасов, ГIайшат Къурбанова, ГIабдулбег Загъалов.

«МагIарулай» кино-фильм бихьарав чиясда рагIичIого букIине рес гьечIо, умумазул бакъаналда дир эбелалъ ахIулеб кечIги бакъанги. ГIадамазул рекIелъе бортулеб хIалалъ кечI ахIизе гьунарги махщелги кьун букIана нижер эбелалъе. Гьелъул кIиго яц йикIана. Вацал гIиссинал жал хун руго «меседги» тIаде бан. Дир эбелалъул яц ГIайнаъ йиго Сухокумскиялда, жиндирго кафеги буго гьелъул. Дир рекIелъ эбел хутIана гIамал берцинай, гIодое йиччарай, ракIбацIцIадай, гIадамал хирияй гIаданлъун. Нижеени бокьилаан эбелалда релълъарал ясал нижго лъугьине, амма дида ракIалде ккола нижер долда релъараб бакIго батиларин.

Нижее гIумруялъулъе пайдаял дарсалги кьун ана нижер эбел. Нижеда, хадуб гурони, долъул щибаб рагIиялъул магIна бичIчIичIо.

Эбел юкъун йиго Буйнакск шагьаралъул басриял хабалалъ, Герей авлахъалде унеб нухлул рагIалда ругел хабалалъ. Мех-мехалда эбелалъул хабатIе щвезе унаха ниж.

* * *

Дун дандчIвана Умарагьин НурмухIамадова лъалей йикIарал адабияталъулгун маданияталъул хIаракатчагIигун. Умарагьинил хIакъалъул гьез гьадин бицана.

**УНСОКОЛОСА ХЪВАДАРУХЪАН ВА ЖУРНАЛИСТ МУХIАМАД САГIДУЛАЕВАСУЛ ХЪВАЙ-ХЪВАЯЗДАСА:**

Гьей йикIана Генуб росулъ гьаюрай магIарулазул цIар рагIарай кочIохъан. Дунги гIемер ккана магIарул районазул росабалъе Умарагьингун цадахъ. Хиси гьечIев ва гьунар бугев аргъанчи НурмухIамадов ГIабдулагун цадахъ гьей сценалде кечI ахIизе яхъараб мехалда, кIкIарадул гьаракь рагIилеб хIалалъ сихIкъотIи лъугьунаан. КечI ахIун бахъараб мехалда абуни, чIвалеб хъатил гьаракьалъ гьаб мухъго тIаса босизабулеб батилин кколаан. Дида лъаларо цо кечIги ахIун Умарагьин гIенеккулез сценаялдаса нахъе йиччараб заман.

Дол рукIана лъабкъоабилел сонал. ЦIумада батилин ккола, Умарагьиница кечI ахIун бахъингун, чIегIераб партал тIад ретIарай цо херай гIадан кулисазда нахъеги ячIун гьелда тIадги хурхун гIодилей йикIана, 18 соналъ лъималазул рухIелалъ каранда лъураб ругъун къаси дуца гурони сах гьабичIилан. Гьелъухъ балагьун жийго кочIохъанги гIодулей йикIана. Хадуб бицана ВатIанияб

рагъул соназда ункъго вас рагъда чIварай эбел йигин гьей. Программаялда гьечIониги, Умарагьин цIидасан сценаялде ана, хасгьабун гьей гIаданалъе сайигъат гьабун кечI ахIана.

Рарал сонал чIужугIаданалда гьикъизе рекъонги букIунарелъул, дицаги Умарагьинил гьаюраб заман лъазе тIалаб гьабичIо гьел соназда. Дида лъалаан гьей лъеберабилел сонazul ахиралда районалда тIобитIараб гьунарчагIазул тIоцебесеб олимпиадаялда кечI ахIун бергьарай, 1941 соналда ВатIан цIунизе нилъер росабалъа рагъде унел гIолохъаби ахIулаго кечIгун тIоритIарай ва рагъда хадусел соназда фронталдаса тIад руссинчIел артистал хисун ГIашилтIаса Мусаев ТIагьагун, ГIаращил ГIумаргун цадахъ Авар театралда хIалтIарай гIадан йикIин.

Умарагьин НурмухIамадовалъул репертуар букIана цIакъго бечедаб, аслияб куцалда халкъияб творчествоялдасан гIуцIараб. Умумузул церегосел кучIдул некIсиял бакъназда гьелъ гIадин ахIулел кочIохъаби магIарулазда гьоркьор гIемерал рукIинчIо. Абизе бегьула, Умарагьиница цIиял куркьбал гъунин ЧIанкIалги МахIмудилги лирикиял кучIдузда, Игьалиса ГIабдулханил, Кьури Лабазанил, КаримхIажиясул, ЧIиркъатIаса ГIабас–МухIаммадил бакъназда абун. Лъабкъоялда анцIабилел соназда ракIалдаго гьечIого нилъедаса ятIалъана «МагIарулазул Софи Лорен» –Умарагьин НурмухIамадова. Амма гьелъул кучIдул хвел гьечIого жакъаги гIумру гьабулел руго. Гьел пленкабазда хъван нахъе цIунун руго магIарулаз. Цо-цо Дагъистаналъул радиоялдасан магIарулазул щибаб рокъоб тIибитIун уна Умарагьин НурмухIамадовалъул хIасратаб гьаракь. Умал кучIдул абадиялъе чIаго рукIина. КочIое хвел гьечIо.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪИЯЙ АРТИСТКА ПАТIИМАТ МАГАЕВА:

Дида ракIалде щола, Унсоколо гьоркьохъеб школалъул художественнияб хIаракатчилъиялъул гIахьалчагIи, гIисинал артистал, ниж рачунаан репетициялде росдал культураялъул кIалгIаялде. Доб заманалда гьений музыкалияй руководительлъун хIалтIулей йикIарай Умарагьиница нижер гъалатIал ритIизарулаан, малъа-хъваял гьарулаан. Ниж рачIиндал гьей йоха-хинлъун лъугьунаан, нижер цIалулги хIухьбахъиялъулги цIех-рех гьабулаан. Ниж намусго гIодоричан рихьидал, нижее махсаро–хочI гьабун, ниж реэдизе жуялаан гьей. Дун йикIана школалда тIасиял классазда цIалулей гIадан. Дидехун гIажаибго хинаб бербалагьи букIунаан долъул. Дицаги цо-цо кечI ахIизе хIалбихьи гьабулеб заман букIана гьеб. Дун гьелда цебе кечI ахIизе намуслъулаан. Амма гьеб бичIчIун батилаха, долъ дун кечI ахIизе тIамулей йикIана. Дир кечI букIине кколеб рахънибе ккезабизе тIалаб гьабулаан гьелъ. Дие гIадин долъул кучIдул рокьулел чагIи гIемер ратиларин кколаан дида. Амма дой сценаялде яхараб мехалъ гIажаибаб сихIкъотIи лъугьунаан залалда, Умарагьин нахъеги-нахъеги хьатил гъугъаялъ сценаялде ахIулаан. Гьелъул кечI залалдаги гьинчIого, къватIибе боржунеб батилин кколаан дида. Гьелъул лъиданиги рельлъинчIеб букIана сценаялде яхъинги инги. КочIол щибаб свери рагIа-ракьанде щвезабун, гIадамасул ракIелъе биун тIолеб бажариги гьунарги букIана гьей мунагьал рахчадил. Гьелъул творчествоялъе букIине кколеб къимат кьезе лъалеб ригьалда дун йикIинчIо. Гьанже диргоги сонал эхеде

рахараб мехалъ бичIчIана дида, кинаб цIайиялъул кочIохъан гьей йикIараяли. Дуцаго хIисаб гьабе, АхIмад, долъ кигIан пасихIго, рагIа-ракьанде щвезабун ахIулеб бугеб «Солдатасул кагъат» абураб кечI. Пайда щиб, доб мехалда гьанже гIадин звукозаписал рукIинчIелъул. РукIаралани, чан хIикматаб кечIха долъул гIун бачIунеб гIелалъе мисалалъе нахъе хутIизе букIараб.

ЧIаго вукIаго чиясе къимат кьезе кантIулареб гIажаибаб гIадат буго нилъер магIарулазул. Дида гIемер ракIалде щола хIикматав поэт, хъвадарухъан ЦIатIанихъа МухIамад Гунащевасул рагIаби:

**«Чи чIагого вецце, чIагого каке,**
**ЧIахI тIад бижун хадуб гьеб рагIуларин.**
**РагIи бадиб абе, берал рукIаго,**
**Берал къанщун хадуб гьеб бихьуларин».**

Цо чанго кечI гурони Дагърадиокомитеталда гьечIониги, гьелъул кучIдул рикIкIине бегьула магIарулазул маданияталъул хвел гьечIеб хазиналъун. Умарагьиница кIудияб махщалида ахIулел кучIдул, гIенеккаразул рекIел гъварилъиялде лъугьуна, гьез тIамула нилъ рохизеги пашманлъизеги.

Кинаб коллективалда гьоркьое кканиги, кий хIалтIулей йигониги, Умарагьиница киса-кибего букIинабулаан аваданлъи, рекIелгъей. Унго-унгояв артист гIадамаздаги ватIа вахъизе лъачIого хутIуларо. Ругьунаб ва бокьулеб ишалде машгъуллъарай гIадан йикIана гьей. Гьелъул къокъаб гIумруялда жаниб чан букIараб рохалилаб дандчIвай, чан ракIалдаса унарел къоял. «АхIулеб буго Ума НурмухIамадовалъин» абидал, радиоялда гьоркьги гIодой чIун къварилъула дун… Цинги дида цее чIола гIолохъанай, аваданай, гьунаралъул рахъалъ такрарлъи гьечIей Унсоколо районалъулги тIолалго магIарулазулги гвангъараб цIва Генуса Умарагьин НурмухIамадова. Театралияб институталда цIаларай гIадан йикIиналъги, гьелъул гьунаралъулъ халлъулеб буго, кечI ахIи гурониги, гьей театралъул артистка йикIинги. Щайин абуни, цIакъго лъай-махщел бугев чиясухъа гурони бажаруларо долъ гIадин тIолабго чорхолъан биччан, кечI бичIчIиледухъ кодо-кодобе кьезе. Амма долъухъего кечI ахIизеян лъугьун, долда релълъун кечI ахIизе кIолей кочIохъан цониги йикIинчIо нилъер. Авар театралъул цониги артистаздаса къун ролги хIалароан гьелъ. Цо спектаклялда, цIар ракIалда гьечIо, «Хирургасул борч» абулеб роль хIана гьелъ бергьун махщалида.

Дир эмен ГIабдурахIман Магаев вукIана тIоцебе Хунзахъ «Националияб театралъе» кьучI лъурав чи. Театралъул режиссерги нухмалъулевги вукIана гьев. Досие цIакъ бокьулаан Умарагьин НурмухIамадовалъул кечI. Дун гьитIинай гIадан, Умарагьинихъего кьурдизе яхъайин абун, рокъоб бакIги бухун хIатIилкищаздаги чIун кьурдизаюлаан инсуца. ТIаде-гъоркье рачIарал чагIаздаги абулаан инсуца, гьаледила жиндир Умарагьин йигин гьайилан. КIвахI искусствоялда рекъоларо.

КIвахI тун жиндие бокьулеб ишалда тIад хIалтIулей, унго-унгояй кочIохъан йикIана гьей. БукIаниги, гIумру буго, гIумру… Камуларо рохалида хадуб пашманлъи, гIатIилъиялда хадуб къварилъи. Амма гьеб кинабго цо бокIоналда бахчизе лъала гIицIго кIудияв артистасда. Дида рагIана гьей мунагьал чурад, захIматаб унтудаса хадуб, битIун завалалда гIумруялдаса ятIалъанилан.

**ЛЪАБКЪОАБИЛЕЛ СОНАЗДА АВАР ТЕАТРАЛЪУЛ ДИРЕКТОРЛЪУН ВУКIАРАВ МУХIАМАД БАТИРОВ:**

Унсоколо район ккола хIикматаб тарихалдалъунги маданияталдалъунги машгъурлъараб ракь. Дагъистаналдаго машгъурал гIадамал рахъана гьениса. Дица гьезул бицинаро, гьезул багьадурлъиги бахIарчилъиги дунялалда рагIана. Жакъа мун дида аскIове вачIун вуго, АхIмад, Генуса Умарагьинил хIакъалъулъ цIех-рех гьабизе. Гьединлъидал, Умарагьинил хIакъалъулъ дида лъалебщинаб жо дица бицине буго. Гьей нилъеца бицен гьабулей Умарагьин НурмухIамадова тIокIаб букIинаребгIанги лъикIай театралъул артисткаги, кочIохъанги йикIана. Гьединан театралдаги хIалтIарай, гьунарги бажариги бугей гIаданалъул хIакъалъулъ лъикIаб гурони жо абизе дида кIоларо. Гьей Умарагьин доя Москваялда нижеда цадахъ Луначарскиясул цIаралда бугеб ГИТИСалда цIалулей йикIана. Ниж цIалулеб мехалда доя йикIана Ольга Ивановнайин абун нижер учительница. Гьелъ цIакъ кумек гьабулаан Умарагьиние. Цо-кIиго лъагIел бан батила долъ нижеда аскIоб. Доя йигеб мехалъги, чIечIого тIаде–гъоркье щвезе, гьелъул кочIохъ гIенеккизе, дой лъалелщинал чагIи ракIарун рукIунаан нижер общежитиялде. Гьелда сверухъ кидаго букIунаан аваданлъиги ихтилат-кепги. Хадуб щиб гIилла ккарабали дида лъаларо, дояса гIагарлъиялъ ахIун арай, тIокIалъ тIадюссинчIо гьей. Дун Буйнакскиялде вачIиналде, Дагъистаналъул мустахIикъай артисталъул цIарги щварай, театралда ролалги хIалей гIадан йикIун йиго гьей. ЦIакъ жинс бугей, берцинай гIадан йикIана гьей. Дун театралде вачIараб мехалъ, дица гьунарги бажариги бугей гIадан йикIиналъ, цIидасан театралде йосана Умарагьин. Щайин абуни, додинаб Аллагьас кьураб тIабигIияб берцинлъиги бугел, кочIол пасихIлъиги бугел чагIи доб заманалда гIемер рукIинчIо.

Гьел рукIине ккола 1964-65 сонал. Дунгун цадахъ цо спектаклялда (цIар ракIалада гьечIо) рольги хIана долъ. Умарагьинил букIана лъидаго



**У. НурмухIамадоваги, М. Батировги спектаклалда.**

рельлъинчIеб гьаракьги, кечI ахIулеб къагIидаги. Ургьисанго кечI ахIизе лъалел чагIи къанагIатги рукIунаро. Долъул кечI букIана кинабго рахъалъ рецц-бакъалъе мустахIикъаб. Долда, щвалде щун, ахIизе лъалаан бакъназул устарзаби КаримхIажиясул, ГIадуханил, ГIабас-МухIамадил, Кьури Лабазанил бакънал. Гьиматил МухIамад Унсоколо районалъул нухмалъулевлъун вугеб мехалъ, ГьаракIуниса Расул хIалтIулев вукIана культураялъул отделалъул нухмалъулевлъун. Дир лъикIав гьудулги вукIана гьев. Театралдаса нахъеги ун, Унсоколо культураялъул рокъой хIалтIулеб мехалъ Умарагьин ячун йикIана гьев ГIабдулаев Расулица.

Цо соналъ Хунзахъ тIобитIулеб букIана республикаялъул кочIол фестиваль. Дун вукIана гьенив жюриялъул председатель. Гьениб кечI ахIун Умарагьиниеги Болъихъ районалъул лъималазул ахикь хIалтIулей гIаданалъеги щвана тIоцересел бакIал. Киналниги мугIрузул районаздаса ахIарал коллективал рукIана гьенир. Гьезие кIиязего, тIоцебесеб бакI ккуралъухъ кьуна гIемерал сайигъаталги премияги.

Умарагьин йикIана магIарул кочIол гъанситоялда канаб цIа бакарай магIарулай. Гьелъул кочIолаб дунялалда тIегьалаан рокьиги берцинлъиги. Гьелъул кучIдузулъ букIана магIуги-релъиги, рохелги-пашманлъиги. ГIенеккаразул пикрабиги анищалги недегьго реэдулаан гьелъул такрарлъи гьечIел кучIдуз. Соналдаса соналде цIубана ва тIегьана гьелъул пагьму-гьунар. Гьелъул кучIдузулъ букIунаан бакъулаб кунчIиги, моцIролаб канлъиги, цIвабзазулаб цIикиги, цIурмилаб звангъиги. Умарагьинил кучIдузе хасиятаб рахъ буго умумузул фольклоралъул тIагIамги, тIадегIанал классиказул, МахIмудил, ЧIанкIал кучIдузул асарги.

ГIумру къокъай гIадан йикIун йиго гьей мунагьал рахчад. Рарал соназ борцунаро гIумруялъул кIодолъи, къимат. Аслияб жо – гIадамазе, дурго халкъалъе, хирияб ВатIаналъе кинаб пайдагун гьел сонал тIамуралали. Умарагьин йикIана Дагъистаналъул искусствоялда жаниб цIакъго-цIакъ гвангъараб цIвалъун, гIемерал соназ кучIдузул гъасда бакараб талихIалъул чирахълъун. Гьей гьечIолъи буго бищун кIудияб ками, тIоцебесеб иргаялда гьелъул хъизан-рукъалъе, хадуб Дагъистаналъул миллияб искусствоялъе.

Умарагьин НурмухIамадовалъул кучIдул цIакъго кIудияб хазина гIадин хутIана магIаруллъиялъул тарихалда жанир.

***АхIмад ГIАМИРХАНОВ,***
***композитор, ДРялъул искусствоялъул***
***мустахIикъав хIаракатчи.***

# Харбал

**ГІаишат**
**МАЛАЧИЕВА**



## ЦЦИДАЛ БОРКЬИГИ, РОКЬУЛ ГЬАЛДЕЙГИ

Мокьрол цІураб гьегьги мугъзадаса гІодоб лъун, каранде къан босун букІараб чІепги гьелдаго хьибилцун бахъун чІезабун, шагьранухлул рагІалда, борхатаб рохьибигьародул гъотІол рагІдукь хІухьбахъизе чІана Узлипат. КвенчІалиде щун гІодоре даларал кІазил гІинцаз надалдаса гьоло-гьологІанаб гІетІги бацІцІун, рагІа-рагІалда лъураб кІиго ганчІитІа базабураб, нухлулал гІодорчІезе лъураб ноцІцІаххараб, гьетІа-кІичІараб чІалтІаги кІусун, гьенисан росулъехун унеб цониги машина баккилародаян хьулалъ, добе кьурда нахъе жемун унеб чалугІан тІеренлъунги рикІкІалъунги бихьулеб гьеб нухлул ахаде ялагьун хутІун йикІана гьей.

Сентябралъул авалалъул багІарараб къоялъ сверухъе гьалун бакъ тІолеб бугеб гІадаб хІал букІана. Бугониги, залимаб гьеб гъотІол рагІадалъги, гьениб аскІосанго кІанцІараб иццул лълъеца биччизабураб чІабаралъги хехгого гьогьимизеги лъугьана гьей. Раччи бакІлъиялъ ччукІарабгІанги унтизабулеб мугъги букІана, гьегь баччизе, гІертІида гІадин сверун жемараб цІцІорочиллайдул къвалица къарал ракьандаса гъуждулги, къотІарал жал гІадин ссудулел рукІана. ГІетІуца биччун, мугъзада рекІараб гурдеги, дагь-дагькккун бучІизе лъугьун букІана. «Лъималазе гІоло мегІерги кІкІвине кколин, рокъобейин абидал, рукъгІанасеб къоногицин баччулин чиясилан» абиги ракІалде щвезабун, умумузул рагІул гІакъиллъиялъул хІисабазда йикІарай гьай йиххун тІуркІиледухъ гьаркьалги рахъинарун, хъамун машинагун вачІунев жиндирго вас лъана гьалда. Гьале гьабсагІатго аскІобги лъалхъизабун, машинаялда гьалъул мокьрол цІураб гьегьги лъун, квер цІан жийги рекІине гьес кумек гьабизе букІиналда ракІчІун, кІанцІун гІадин яхъана гьей гІодой чІаралъуса. Йигелъуйго, хъахІаб хІурул накІкІулъ йосун эбелги тун, росулъехун тІерхьана Абакар.

Дагьаб цебеги гІетІ бацІцІунел рукІарал кІазил рагІалазда магІил гаралги цІцІузарун, тІаде чи вачІани, халлъунгутІизеян, зурун, рацІцІун бералгун,

тIад бетараб хIургIаги инабизеян иццул матIуялъуеги къулун, гъумер-кверал чурана гьелъ. Гьелъул цIороялъ пашманлъи бахъун араб гIадин, дагьабго бигьалъиги лъугьун, нахъеги добго бакIалда гIодойги чIун, рекIелъе лъугьунел кьерхарал пикраби хъамизе хIаракат бахъулеб букIана гьалъ. РекIинчIого ине эхедерайги халалъиги гIураб нух букIиналъги бакIаб гьегь гьанжеги мугъзаде борхун гьеб баччизе гIураб хIал гьечIолъиялъги, кигIан балагьун свакараб ракI бугониги, сабру жиндихъего ахIизе кIваралъ хIаракатги бахъулеб букIана алъ.

«ГIадамал аскIор рукIинчIолъиги цо сабаб ккана. Гуребани, сурилаан росдадаго, васасул адабтеялъулги эбелалъул рекIелъбакъвайги бальго хутIичIого, машинаялда хадуб араб хехаб хIурул чIчIва щвелалдего росулъги тIибитIилаанилан» бачIана гьалда нахъеги ракIалде.

«ИчIго моцIалъ чехьалъги, лъабго соналъ мугъалъги раччун, чехь гIорцIизе квенги, черх бацизе ретIелги балагьизе гьитIинго ругеб мехалъ къваригIаниги, жалго рорчIун ккедал, чIахIалъарал лъималазе эбел къваригIинехъинго гьечIогури» абун илбисалъ ялъаргъана гьай нахъеги. «Багъарараб кверги кирилъун хъваги, кквараб мучариги садакъалъаги» абун ракIалде бачIана цойги кицитIами. Щакъраххун, цIидасан зазиххараб гIомо-горо щокъроб къараб гIадаб асар лъугьун, нус-нус васвасди жемана ботIролъ. Тирщун тIадеги яхьун, белъарабгIанги багIараб кIаркьеналъул кангIубиллъун барщараб умумузул тайпаялъул микьир бегизабун гьегьгун, нухлул рагIалдасан тIасагIодобе, гъобе кIкIалахъе чIехьонгIагидай телаян, гIадалал хиялал рештIана гьалъухъе.

Рищалаби тIадран хIалакълъарал кверални гьанжего-гьанже рукIкIалаби рехизе лъугьараб гьурмадаги рахъун, рахъ-рахъалде ялагьана гьай. «Гьадинха букIунеб, кумекалъе лъималги цадахъ рачун айилан, дуцаго щибниги баччуге, гьезда малъе гьабизе кколебщинаб хIалтIи-пишаги, мунгоги цIуне. Дунги бусаде ккарав вугев гIечIого, мунги унтани, щиб нилъеца гьабизе бугеб. Дунали цIа ссунеб кан гIадав чи вугин, дун цеваса индал, ал лъималазда жо малъизе мунгIаги нахъе хутIизе ккола» – ян гIададайищ дида ХIамзатица абулеб. КIияйго ясги лъабавго васги цадахъ рачун ун йикIарайани, ссантIаса гIодобе гъвегъун, тIибитIун тарабщинаб микьирги коконги бищизе тIамизе бегьилаан, рокъобеги киназухъего бикьун, рекъа-рекъараб бакIлъиялъул таргьа-хулжал цIезе бегьилаан. Дирго ккана гIайиб, гьабуларо дица росас малъарабги диего лъикIабги… Гьадин лъикI дие…» абун, ахирги пикрабалъ жиндего ягъулей йикIана. Узлипатица аскIобго эхетараб, такъсир ккараб гIадин, гIодобе къуларaб, амма расги гIайиб гьечIеб гIолохъанаб рицIцIигъотIол тIеренхалатал «гъалал» ретIун ралел рукIана…

Нахъияб къоялъ, гьай тIаде яхъиналдего, рагьдухъе щун ватана Абакар.

– Эбел, ягъулей йигищ дитIе?..

– Ягъулейги йиго, барщунги йиго. ЩайгIаги вачIарав, дурго бахIаралъе ккараб кумекалъе инчIого, адигIан къваригIунарей эбелалъухъе? – ан гьикъана гьелъ, васасда.

– Эбел?! КъваригIунарейги, хIажат гьечIейгийищ эбел йикIуней?! ГIенеккхеха цин, дица бицинегIан.

– ГIенеккизеги бокьун гьечIо духъ! Дун гурей, гьобол, жийго гьардухъан ятун йикIарайаниги, раччиги бакIлъун, кIодол гIадин мугъги къулун, къвагъун бакъуцагун, якъунги холаго нухда гьейгицин гъоркьго тун ине рекъон букIинчIо дуда, махх-мачIалда барахщун вукIинчIев ватани.

– ЯкъичIого йикIине, цадахъ квенги босун, кумекалъе нижги рачун айин

магъилъейилан гурищ инсуца дуда кидаго малъулеб букIунеб. Гьеб – цо. Махх-кIачалда барахщун эбел нухдаго тезегIан хIалихьатав васги гуро дур вугев. Гьебги – кIиабилеб. Лъабабизеги – дирго мурадазе гIоло гурев дун гьедин ине ккарав…

– ГIадада гаргадичIого, а дурго гьаниса… Дун цIакъ ццинбахъунги ракIбакъванги йигин…

– Эбел, кIиго минуталъ дун лъалхъун вукIараваницин, кватIизехъин рукIун руго ниж. МацIги нахъе хъамун ун, цабиги дандкъан, холейгури ятарай СалихIат. «Хехаб кумекилан» абураб жоялъул магIнаго кколелъулха, эбел, хехго тIаде щвезе кколин абураб! Гурони, дунго дидасаго тIасалъугьине кIвелароан дида, нижер гIайибалдалъун, кверг1анасеб кIиго лъимерги нахъе тун, дой хвасар гьайизе кватIаралани… У, валлагь, кIиго минуталъ кватIаралани, кумек гьабун бажаризе букIинчIилан абуна тохтиралъ. ХIалица цабиги цоцаздаса ричIизарун, гъодол гIоркьалъул кумекалдалъун, бахъана мацI къватIибе. Чанго укол гьабуна, дару кьуна. «Вай, нижер баба хвана!» – абун гIоди-чIчIиялда лъималги ратана. Мадугьал ХIасанида рагIун букIинчIебани, иш батIайиса букIинаангури…

– Ва-а-а! СалихIат..? АлхIамдулиллагь, шукру… АлхIамдулиллагь! Аллагьас нуж багьанаде ккун, хвечIого хутIана цинги эй, гьарим. Унго, уйищ?

– У, эбел, у. Киданиги бачIараб, цебеккун букIараб унти гурила, чурараб ретIел бакъвазе тIамулей йикIарай гьей, лъавудаса ун гIодой кколаго, къадал рагIалдасан ккураб тIелги тIун ун, гъоркьияб магълъиялъуегицин йортун ятана. Дагьабго гъванщаги ганчIилъ тункун, бекун бугоан, бох-кверги заз-хъарахъалъ хъас-хъасун, бидухъ ран ругоан. Гьебни кIваричIин, сахлъилеб батилин. Бищунго аслияб, хвечIого хутIана.

– Дуегоги гIумру халалъаги, дир вас, гIумруялдаса ятIалъизе яхъарай дир вацгIаласул яс хвасар гьаюрав! Чара-гIамалищ бугеб, талихIго бихьичIей бестIалай, араб бакI лъачIого росги тIагIун, гIисинал «тIанчIазе» гIоло гIумруги бичун йигей…

– Хвасар гьайизени тохтирзаби рукIиндалха, эбел. Амма, «капитанас гама» кватIизабурабани, тIаса унареб гIайибги, гIадамазул нагIанаги букIинаангури нилъее. РекIинаюн машинаялда магъилъа юссуней ятарай эбелги гьелъул мокьрол цIураб гьегьги рокъобе щвезабизе ун вукIун вугин, гьениса гьев щвезегIан, СалихIатги хун ятун йигилан гаргазе бокьилааницищ дуе росуго?

– Астагъфируллагь, астагъфируллагь! Хехдаризе гIедегIин гIадамасул! Дица дутIе рикIкIинчIеб жоги течIебха, эбелалъул, инсуегицин къварилъахъдана, къваригIиндал ратуларел дур лъимал гIезарулей йикIарай гIабдал йигин дунилан. Дица кинабго абунщинабги нахъе босана, барщунги гьечIо, ццинги била-биххана, – абун, соналдаса нахъе кунчIи чIвачIел Узлипатил накIкIуял берал, гьанже роцIцIарал зобал гIадин, зирххун лъугьана.

– Инсул гурелги, дурги лъимал гурищ, эбел ниж кколел! – абун велъана Абакар.

– ГIумруялъ рекIелъа бахъиляроан дидани гьеб гъалатI. Доба магъилъго лъабго къо базеги рази йикIана дун, гьединаб балагь гьеб гьадингоги талихI бихьичIеб рокъобе бачIинегIан. Дудаса Аллагь разалъаги, дир вас. Тохтур Камилалги кверал щулалъаги! – ян ахIун, гьарулеб букIана гьелъ, васасул бетIералда квералги рахъулаго. Гьимиялъ къалъун, эбел рекъезайизе

кIвеялдаса вохиялъул асаралъ кодов восун вугев Абакарилги разилъиялъе гIорхъи букIинчIо.

– ТалихI ккун буго гъаримазул, талихI ккун буго… Щиб гьабизе букIараб, кингIагидай хIехьелаан унтул бусатIа йигей гьелъул эбелалъги. ХIанчIил тIанчIи гIадал, жеги рухI щвечIей кIияйго ясалъухъгIаги гьей кин ялагьилай йикIарай, жиндихъгоцин балагьизе чи къваригIарай гIадан?.. Гьанже щиб элъул бугеб, эние больницаялдегойищ хъамурай СалихIат?!

– Гуро. Больницаялде ячинчIого тIубалилан, гIиси-бикъинал ругъналги рухьа-къан, кколеб дару-сабабги гьабун, лъикIго лъай-гIакълуялдеги ячIинаюн, рокъойго тана. Ккараб кумек жинца гьабилилан мадугьал ХIабсатги тана долда аскIое ячIун…

– Вай, лъикIин, вай лъикIин, гьедингIаги йорчIарай лъикIин, эй пакъир. Вай, пакъир…

– ХIакъикъатго лъалелде, щайгIагиха, эбел, мун барщизе гIедегIарай? Цо гIиллаги гьечIого, нухдаго мунги тун дун иналан ккезего бегьилищ ракIалде? – абун, тIадувссун гьикъаризе лъугьана вас эбелалда.

– Херлъулей ятилаха, дир вас, херлъулей ятила…

– Ятилила, дуе! Мун дие кидаго бищунго гIолохъанайги бищунго лъикIайги, бищунго берцинайги йиго, эбел!

– Херлъулей йиго, дир вас, херлъулей йиго. Хисизарула херлъиялъ гIадамал. ГIамал мекълъун, гIисинлъизазарула. «ЦоцIул кIодолъулин, кIицIул гьитIинлъулин» абулаан умумуз.

– Дирго гIайиб бацIцIине, жакъа рилълъина, эбел, нилъль магъилъе. БетIизе ккарабги, баччизе бугебги, кинабго дида малълъе. Дун жакъа гIодов вуго. Нолъ, цо талихIалъ, чи унтун, больницаялде ахIи бачIинчIо. Нолъ къаси гурони рогьинегIан кьижизе швараб сордоги дида ракIалда гьечIо. Жакъа макьу гIунги вуго дун, рилълъа, нилъерго ахикье, бокьанагIан пихъмичIги кваназе, баччизе кIварабгIан компот-мурапаялъе, рокъобеги босизе, – ян лъугьун вукIана гьалда Абакар, дагьавго чIинкьа-гIинкьунги лъугьун, кингIагидай эбелалда рекIелъ букIараб квешаб асар инабилаян хIаракатги бахъулаго.

– ГIайиб гьезего гьечIо дуда, дир Абакар! Бихьинабги битIарабги хIалтIи ккола, гьуригIан хехго къварилъи ккараб бакIалде кумекалъе щвезе кIвей. Жакъаго магъилъеги инаро нилъль, дир вас. Жакъа эмен-лъимал цадахъго рахъун, радалго нухда лъунин доре. Дунги мунги жакъа рокъор рукIина. Дуцаги хIалхьи гьабе. Дихъаги, сон бетIерабгицин банкабахъе ккезабун эб баркаманги лъугIун гьечIин. Ма, нусги, кванай дуцаги, радалго яхъун, мачIикьего чехь хвезегIан дицаги кванин, – илан, гьесда цебе хъурщана Узлипатица, гохI гьабун, мокьрол цIураб гъадаро.

ДодигIан гьалагго бахъарабги ццин, чохьол лъимералъул берцинаб, лъикIаб пиша-гIамал бихьидал, кIкIуйлъун тIагIунеб букIун бихьуларищан, жийго-жиндиего гьимулей йикIана, кIарчамго ва гIедерго мокьродаса хъал бахъулев вугев васасухъги гъоркьанго ялагьун. «Огьо-гьой, эбелалъул лъимералде букIунеб бугеб ццидал боркьиги, рокъул гьалдейги!» – абун ахIулеб бугин гьелъул рекIецайилан ккелаан, дагьай цееги кутакалда ракIхун жийго барщун йикIарай васасдаса чIухIун йигей Узлипатихъ, гьеб лахIазаталъ балагьизе рес щварав чиясда.

## ТАМИХӀ ХАДУСА БИЧӀУЛАРО

1. Басриябго хъабарчаги нахъа бан, жиндирго ругьунаб ригьалъ, радакьгӀужалъ

кьурунлъун хIадурун букIараб хъалиян бухIизеян, рагъиде вахъана ГӀамиргӀали. Къаси лъабабилеб сордо букӀана, доба рикӀкӀада магӀардасан тӀаде унел токалъул хӀубаздаса гьалагаб гьороца кварал тӀутӀун, жеги гьелги къачӀачӀого, чанго росулъе канлъиги къотӀун таралдаса. «Гьабнухалъ цӀакъго халатбахъараб лазатбахъи гьабунаха гьал чагӀаз, хасго хасалил заманалда» абун, бецӀлъиялъ щибго бихьулареб сверухълъиялде балагьун, хъалияналда цӀа гъезеги гӀедегӀинчӀого, чӀунхутӀун вукӀана гьав.

Макьид босараб росдал къотӀносан гӀадан-инсанасулищ, хӀайван-жанаваралъулищали рилълъадул сас чӀвалеб букӀана. Мехго иналде гӀисинккун кӀалъалеб, цо-цо хӀалуцун бачӀунеб гаргарги рагӀизе лъугьана. Унгъунго гӀенеккун гьечӀониги, ракӀгъанцӀулеб гара-чӀвариялъул нугӀлъун ккедал, гьеб къацанди-дагӀбаялде гъоркье гӀин кквечӀого хутӀичӀо гьавги:

– Дун чӀвадарухъан гуро… дида кӀоларо, – ян абулеб букӀана чӀужугӀаданалъул соролеб гьаракьалъ. Нилъер магьариги буго, хӀалалаб лъимер… Дида кӀоларо!

– Дида кӀола. Лъимал гьечӀого гуро дица мун ячун йикӀарай. Магьариго гӀадин, гьабги бальго хутӀизе ккола. БичӀчӀанищ дуда? – абун хъирхъидулев рагӀулаан бихьинчи.

– Уха, дур ругони гӀелаха… Ругелги гьечӀеллъун гьаризе кӀолебха БетӀергьанасда… ХӀакъалдасагӀаги хӀинкъа мун, меседил горо гӀадав вас…

– Васалги руго дир, ясалги руго. Дуцайин абуни, кӀал къай!

– Дун росулъа нахъе ина. Лъимерги дунги араб бакӀ лъачӀого, тӀагӀина. ТӀокӀалъ дуда рихьизеги чӀеларо… Дицаго хьихьила…

– Хьихье дуца цойгиясе росасеги ун гьаруни, лъимал. Гьаб иш къватӀибе лъазе бегьуларо. Гьаб дица абухъе букӀине ккола… Гурони, цӀакъаб сайигъат букӀина дир гӀолохъаби гӀурал – цояв Медакадемияда, цояв юридическиялда цӀалулел васазе, гьединго жакъа-метер ригьнаде кьезе гӀолел ясазегиха… КӀикъого сонилъа араб мехальги дие гьанжего-гьанже гьабураб лъимерги батила къваригӀун!..

– Такъсир гьабуни, тамихӀ кибего унаро, Рустам! ЧӀваге лъимер! – илан борхун бачӀана гьанжесалъ, гьариги гӀодиги жубараб, гьей гӀаданалъул гьаракь.

ГӀамиргӀалил кутакалда ццин гьалаглъана, хӀалуцун ракӀ кьабизе лъугьана, риххарал гьаркьал гьаризе дагьаб хутӀана. ГьебсагӀатго жиндиего сабруги кьолаго, щал-кинали лъазегӀан нахъеги гӀенеккизе хиял гьабуна. Амма доб аскӀобго гӀадин рагӀулеб букӀараб гара-чӀвари дагь-дагьлъун рикӀкӀалъулеб, гьез цоцазда абулел рагӀаби рагӀун-рагӀичӀого хутӀулел рукӀана.

ГьабсагӀаталда цо вахӀшилъи ккезехъин букӀинги бичӀчӀун, болъодухъан азбаралде щвезегӀанги, каву ричӀизегӀанги цӀик1кӀун заман инилан, цинги живги кватӀизе гурилан, партӀан, рагъидасанго къотӀновеги кӀанцӀун, бихьинчиги чӀужугӀаданги араб рахъалдехун гӀедегӀун галабиги росулаго, ине лъугьана гьав.

Цинтlаго лъимадул гlоди рагlана ва гьебсагlатго гьоркьоб къотlунги ана.

Гlемирисел гlадамалги шагьаралде гочун ун, росулъ цо дора, цо гьанир – цо-цо минаялъурниги хутlарал гlадамазул, цониги рокъосан рагlараб лъимадул гlоди батилин гьебилан божизе бокьун букlана гьасие.

«Унго-унголъунги, сардилъ дун гуккулел щайтlаби рукlинадай?!» – абураб пикруги бачlана ботlролъе.

Бугониги, кин-щибалигlаги лъачlого нахъвуссине бокьичlо гьасие. Гьасул хехго хlетl босулеб сас чlванищали, жидедаго хадуб халккурав чи вукlин лъанищали, тlокlалъ щибго чlинхъи гьезги рагlизе толеб букlинчlо.

Квешезе гlадин, гьороца цере тlамун унел накlкlаз моцlрол гьадинги мукъсанаб канлъиги бахчана. Росурагlалдасан гъоркьехун – магъилъехунищ, ялъуни тlадехун – рохьорехунищ гьел аралали лъалеб щибго гlаламат хутlичlо. Дагьаб гъоркьегlан чваххулеб лъарал лъимцин кьижараб жо гlадин, инсап гьечlел къасдаз гьусун гlадан-инсанас гьабизехьин бугеб вахlшияб пишаялъухъ гlенеккун бугеб гlадин, гlунун чlун букlана. Гьаб ишалъулъ жиндирги гlайиб бугебгlанги, рохьалги тlаде-тlаде къалел ругилан, кьурабазги гьанже гурев, гьанже живго дандкъалилан кколеб букlана гьасда. Гlадада унев-унев вугониги, жиндихъа бажарулеб кумек хутlун гьечlолъиги бичlчlулеб букlана. ГlамиргIалида ракlалде рачlана:

**«…Унго, дун кватlиладай,**  
**Кумекалъе виччанте,**  
**Ургъелгьечlолъи, дуца,**  
**Чlвазе бегьула лъимер!..»**

– абун, ахlулел рагlун рукlарал кочlол мухъал. Гьелъго къуват кьураб гlадинищали, гьав ахlи тlамизе лъугьана:

– Ле, гlабдалзаби! Тlамуге гьеб вахlшияб гали! – ян ахlдолаго, жиндаго, берал къанщунгицин рекlехъе лъалеб щибаб гамачl-гьецlоялдасан, цин сухъмахъалъ, нахъеги росулъа къватlибе унеб шагьраялдасан цевехун векерулев вукlана, хlухьел хехлъарав Гlамиргlали. – Дие кье гьеб лъимер! Дица хьихьила!.. Дида нужги лъаларо, нужеда дунги лъаларо. Гьелъие нугlлъун гьаб бецlаб сордоги букlина… Дие кье лъимер, Бичасул цlар бахъун гьарула… Дир ясал гурони гьечlо, диего васлъун гьавила. Гьеб дир тlубачlеб ащиб букlана!.. Нуж дидаса хlинкъуге, гьеб бакlалда гlодоб лъун лъимергун, нуж а! Дица лъидаго щибго бицинаро! Кантlе! кватlун ккелалде, кантlе!..

Жавабалъе жиндирго дандерижи кlалъараб гурони, щибго сас бахъинчlо. Гlицlго гъутlбузда кьижарал хlанчlи пархун, роржун унел рагlулаан, гlурумухъдаги нагагьаб, сапаралъ кватlараб машинадулгlаги кан-цlацин бихьулеб букlинчlо. Цо-цо мехалъ, нахъасан ботlролъ жоги бан, живго гlодов ккезавиладай абураб пикруялъги рахlат толеб букlинчlо. Щиб лъалеб, жидер балъголъи къватlибчlвазабизе гьавги гьаниве кивейилан, квер биххизеги нахъе къаларо, мунагь гьечlеб лъимер чlвазе кlолев «эменилан» вугев «жанаварасда» абурал щакдараби рехулел рукlана ракlалъе.

Рикlкlадасан бацlил гlавусди рагlизе лъугьана. Цинги кантlана гьев живго росдадаса гlемерго рикlкlидегlан щун вукlиналъе. Тарабгlан нух нахъа тани,

аскlоб бугеб росулъе щола. Сордилъ вахъун, гьенивегlаги кив вукlаравилан щакдаризе бегьула гьеб росдал гlадамал. Нахъвуссун лъикlилан пикру гьабуна гьас.

Нух кин тарабали лъачlого, гьадабго къадахъа тlадеги ххарун, каву рагьулеб сас чlвани, рукъор кьижун тарал чlужуги ясалги рорчlизе бегьулилан, цинги гlемерал суалал рижизе рес бугилан, живго къотlнове кlанцlараб рагъидал къадахъа тlадеги ххарун, бигьагьавун вегизе ана. Амма гьеб сордо васвасазги суалазги ракlги кlвеклулаго, хис-хисун хьибилгун, бусенги богlунаго, кинабали лъалареб асаралъ кlвеклулаго, бадибе рогьана гьас. Амма квешаб макьугlанги лъадуеги бицинчlого, балъгоги тун букlана…

Рогьалилъго пасатго пузе лъугьана гьури. Гьороца рахъ-рахъалде хъамулаго, рагъидеги хьвагlулеб букlана биччараб гlазу. Къир-къириялда чlалу-рахалго мокърукьа рахъулел ругеб гlадаб сасги, тlаса босун чалтахъ хъамун инин хlинкъараб хlал букlана мина-рохxеналъулги. Нолъ къаси гьабураб такъсиралъухъ тамихl гьабулеб батилин гьаб тlабигlаталъилан кколеб букlана къанго чlезаризе кlоларел нуцlбузде нахъе кlичlалги рахалаго, хважаинасда.

– Лъухьанагlан гlемерлъулеб буго гlазуги, нуцlикlалтlеги гlанси тlамураб хlал буго! – ян абуна гьасда лъадуца, цlорорал квералги цоцалъ лъулъалаго.

Гlамиргlали данде кlалъачlо.

– Бигьаго къатlулеб пуй-чlвай гурилан ккола, росуго цоцахъе балеб гlадал хlал буго, – ян абуна гьелъ нахъеги росасда, стакабахъе бухlараб чайги тlолаго, хlухьлаххинаго ругел панкъалги хlан-нахги столалаго тlибитlулаго.

– Къатlизеги бегьуларо, гьороца росун, балагьалъ рачун инчlого, – ян абун борчlана гьасухъа, пикрабалъ рукlарал ццидалал рагlаби.

– Щал гъарин, элъ росун ине кколел? – абун гlажаиблъун балагьана гьасухъ ГІазизат. Гьалда бичlчlичlо рогьалилъго гьадин вигъине гьасие ккараб гlилла.

Кlиго-лъабго къоялъ гьадабго къагlидаялъ бигъараб гьава-бакъги гьелдаго релълъараб хlал Гlамиргlалил рекlелги букlана. Сардилъ къватlиве арав гьев доб сордоялъ жиндаго лъачlого квачан вукlиналъищали, дагьавго сахлъи гьечlогоги лъугьун вукlана. Инсуе щиб дару кьунги, гьев сахлъизавизе къеркьолел, сверун лъугьун лъабайго ясги йикlана. Гьасги тlокlалъ рагlи абичlо, кьерхине гьумерги гьабун, накlкlулъ росарал гlадал бецlцlахlилал бералъ панманлъиги бессун, гІунун чІун вукlана…

2.

Чанго къоялъ тlатlала бакъги щун, чараб гурде гlадин, бихьулеб букlана гьоркьо-гьоркьоса гlазу биараб росдал гlалах. Дагьабниги кlал гьамизе жоги щвелин, лъим гьекъезеги тира-сверизегиян жиндирго гlиялъажалги къватlире риччан, гьезда хадувго вахъана Гlабдурахlман. Гlазукьан баккараб хlотол сумалги тlотlолаго, цере-цере унел рукlарал чахъаби, цо гохlккалилъан, хlинкъарал жал гlадин, цо течlого кlанцlунго-кlанцlун унел рукlана. Гьабго щиб гlаламатилан балагьидал, гьедин гьел хlинкъиялъе лъалеб гlиллаги букlинчlо. Гlазукьан къватlибеги баккун, загlипабго гьорохъе парпалеб бугеб цо багlараб чlоло гуреб, гьениб сундулго гlуж-куцги гьечlоан. Бихьуда я бацl-церниги, цlум-чудукниги, чахъаби гьедин риххизаризе гlиллаялъе ккараб щибго чlаголъиги гьечlоан.

Жаваб гьечlеб масъала гlадин, жиндаго цебе чlараб гьеб «бицанкlо» рагьичlого рекlее рахlат гьечlого, пикрабалъ восун, чlимирхъурщи гьабулев гlадан, жиндирго тlилиде вегун, рахъ-рахъалде вала-гъалагьулев вукlана вехь.

Щаялиго, доб багӀараб чӀолоялъ тӀаде цӀарав гӀадин, нахъвуссун цо чанго галиги тӀамун, квертӀа жемун, гьеб гӀазугохӀикьа къватӀибе цӀазе лъугьана гьав. ЦӀанагӀан, гӀазуги ракьги жубараб, цо щибалиго хадуб бехъерхъулеб букӀана гьеб чӀолоялъ. Хъирща-хъвадал, къватӀибе загьирлъана хъахӀаб шаршавалъулъ жемун бахчараб гӀадаб жо.  Бича-биххун, халгьабидал, гьенисан баккун бачӀана надалде щвараб лахӀчӀегӀераб расги бугеб, гурги-шушинаб берцинаб гьумералъул, гьанжего-гьанже кьижун ккараб гӀадаб лъимер.

Бадиса канлъи анилан ккана ГӀабдурахӀманида:

– Ле, бусурбаби! Ле, ахӀмакъзаби! ВахӀшизаби!.. ГӀассизаби!.. Гьадингийищ нужеда кӀолеб? Гьадиналги ракӀалищ нужеда ругел?!.

КолотӀаса бакъвараб ххарил магьги цӀун ячӀуней Шарипатги, хъухъадирогӀаштӀигун, рохьил рацӀцӀалъуде раккун рачӀунел эмен-васал ШугӀайбги, ГӀабдухаликъги, ГӀабдумаликги, рекерун гӀадин ГӀабдурахӀманил ахӀухъе аскӀоре гӀагарлъана. Квешаб хабар хехго тӀибитӀулелъул, тӀасан-гъоркьан раккун рачӀун, гӀадамазул руккел лъугьана гьениб.

КинитӀа рущабаз гӀадин, махӀаби-квералги хамил кесказ жема-къан, шаршавалъулъ тӀупун букӀараб лъимер тӀубанго толона гьаз.

– Вас вукӀун вуго!

– Вас! – илан цадахъго гӀадин борчӀана чангоязул гьаракь. Цоцада абизе рагӀиги батуларого, цин-циязухъ балагьун хутӀун рукӀана гӀадамал. ГӀолохъанал ясалги васалги, бигьагьарун, гьениса нахъе ине лъугьана.

– Чуризеги, букӀине кколедухъ мусру базеги, букъизеги босе лъимер, – илан абуна, ШугӀайбица, росулъехун ралагьун унел гӀадамазда, гӀазу лъулъан, хӀарщудаса квералги рацӀцӀад гьарулаго.

– ГӀадада букӀун гьечӀогури гьалщинал къояз балагьалъул гьурал пулел рукӀарал. ТӀаде ралагьарал зобалаздасагӀаги хӀинкъичӀого, гьал сверухъ рукъун ругел щайих-ваализабакьагӀаги къачӀого, кьвакӀарал, жужахӀалъул хӀобокькквелал гӀадал ракӀал ругелги рукӀунел ругогури гӀадамал! – илан ахӀдон кӀалъалей йикӀана, лъуралъубго магьги кӀочон хутӀун, цее-цее уней йикӀарай Шарипат.

**3.**

Январалъул ахиралдехун цӀурцӀури дагьабги цӀикӀкӀине лъугьана. Бугьараб магӀардаса гӀодой хаселалъ дагьабги хӀинкъи кьезе байбихьана. Гьадаб вахӀшияб лъугьа-бахьин ккун моцӀ данде щун букӀун батила, рогьалилъго хӀетӀалда вахъине кӀолевщинав чи мадугьалихъ бугеб росулъе, бухӀараб хвел кккун бугилан, ахӀуд рахъун унел ругоан. ЖамагӀаталдаса тӀоларев ГӀамиргӀалиги хинго ретӀа-къан къватӀиве лъугьана. ТӀела-тӀелал гьарун, бухъулаго гӀазугун,  лъелго щиб, машинаялда  рекӀине бакӀ щварал,  рекӀун щиб, гӀор къотӀун лъураб кьоги бахун, дорехун щинкӀун ана.

Росулъе щведал, къварилъи ккараб мина бугеб бакӀги цӀехон, руччаби азбаралде жанирехун лъугьун ана, бихьинал рукъалъул  кӀалтӀаго лъураб чӀалтӀаги гӀодор рукӀун, кверкьовуда гӀунарал гӀадин рихьулаан.

– Базалиял гӀолохъаби, унта-щокълъунги рукӀун ратиларин, щибгӀаги эзие ккараб, вац? – илан гьикъардулел рукӀана зигараялъ рачӀарал гьалбал, хварал васазул, риччалъ гӀадин вугев инсуда.

– ГьабсагӀат щибго лъалеб жо гьечӀоха… Газил махӀ-жоги рокъоб батун гьечӀо. Гьекъолел, хъалиян цӀалел жалги гьел рукӀинчӀо, рукъ ккураб бакӀалда,

кlиявго хун ватанилан аби гурони, – ян абуна, аскlовго гlодов чlарав гьесул гlагарав чияс, васазул эмен гьалбадерил зигараялъе жаваб буссинабизеги, рачlа-рачlараз гьикъулеб цого суалалъеги жаваб кьезе кватlулев вукlиндал.

– Ахират лъикlаб кьун батаги, вац, Рустам.

«Рустам»? «Рустам»? «Гlусазул тохтир вугилан ккола. Цебегlанго гьас батилин ккола дир гlус къачlан букlараб» – илан пикраби ххенезе лъугьана Гlамиргlалил ботlролълъ.

– Алжан къачlазе арал ратаги, Рустам!

– Нахъе ругезе халатаб гlумруги бихьараб хlехьезе сабруги кьеги!

– Шагьаралдайищха гьел хун рачlарал? – илан гьикъулеб букlана тlаде рачlараз.

– У. Мажид – медакадемиялда, Халид – юрфакалда цlалулел рукlана, – ян риччун чlоларого ругел берал рацlцlана васазул эмен Рустамица. – Дида нужеца гlайиб гьабуге! Тlокlалъ лъалеб жо гьечlо…

Гlадалълъ тlил барав гlадин, тlуркlун вачlана Гlамиргlали ва доб сардил бецlлъукь рагlарабщинабги чанго къоялдасан жидерго росдал гlалахалда гlаздакь тlупун батарабги «мунагь-такъсирги» ракlалде щун. «Кьуралго гlадин, нахъе рачине кlола Бетlергьанасда» абураб, дой гlаданалъул гlодулаго абулел рагlиги цlидасан гlадин рагlизе лъугьана гьасул гIундузда…

Чанго къо иналде, МахIачхъалаялде УЗИ гьабизейилан йитIарай ГIамиргIалил ГIазидат, кенчIолаго бералгун ячIана врачалъул кабинеталдаса къватIие. Коридоралда рахIатхун гьелъухъ балагьун вукIарав росасда бачIинахъего гьелъул магIна бичIчIичIо. Данде вахъун вачIунев гьесул гIинде, тохтуралъухъе иргадал чIун ругел гIадамазда рагIиларедухъ, лъадуца чанго рагIи щурана.

Суалгун бадиве валагьун чIчIарав ро сасда гьабнухалъги рагIун-рагIиледухъ абуна гьелъ:

– УЗИялъ вас вихьизавунилан йигоха тохтир.

Жалго гурони гьечIеб бакI букIарабани, кьурдичIого чIезеги кIвезе букIун батиларо. ГIазизатил бераздасаги дагьалги цIакъ роцIцIун ун кенчIезе бералги лъугьун, «АлхIамдулиллагь, щукру!» абун рохелалъ лъалъараб, гургинккараб гьурмада кверал рахьана ГIамиргIалица.

**НигIаматула**
**НУРМУХIАМАДОВ**



## ГЪОТIОДА ТIАД РОГЬАРАБ СОРДО

Райцентралда микьго классги лъугIизабун, каникулалъул заманалда гIагараб ро сулъе вачIун вукIана Бекпаша. Гъе сие бокьулаан ро сдал клубалде шахматал-шашкаби хIазе ине, гьелъие жиндаса гъунар бугев чи гьенив вукIинчIониги. Амма гьеб нагагь-къад гурони рагьулароан. ТIокIаб чIалгIен бусине гьев ине бакI росулъ букIинчIо. Рокъоб букIараб «Меседил цIваялъул багьадур» абураб тIехьги гьес чанго нухалда цIалун букIана. Мандолина босаниги, кечI-бакъан хирияв чи жив вукIаниги, Бекпашахъа гьеб бачине ругьунлъун бажаричIо. ГIезегIан жигар бахъана гьес инсул вацасул букIараб бихх-биххараб чагур, седон, дандбазеги. Бокьун букIана, бажарани, гьелдегIаги бакъанал рачине ругьунлъизе. Амма гьелъулги жо ккечIо.

Бекпаша вукIана кIиго вацги кIиго яцги хун хутIарав эбел-инсул цохIо вугев вас. ГьелъгIаги батила, гьез гьев гогьдаризавун хьихьун вукIаравги. Бекпаша школалъул гIумруялде вахаравго, араб бакI лъачIого, тIагIана гьесул эмен. Тарбия кьезе рокъов жиндаса кIудияв бихьинчи вукIинчIолъиялъги батила гьев бокьа-бокьараб гурони гьабуларев, лъихъниги гIинтIамуларев лъугьун вукIаравги. Бокьулароан гьесие хIалтIизеги.

Малъараб гьабичIелъул кIудияв инсуца Бекпашае «гIадлу» гьабулаан. Эбелалъул вацасги тIилица вухун, кьабун, Лъанакъуда магъилъ гIодов ккезавунцин вукIана. Пайда щиб Бекпаша, жеги согIлъун гурони, къуркьулев вукIинчIо. Гьев хIинкъулаан гIицIго «шайтIабазукьа». Жеги лъимадул гIуждаго, гIодулеб мехалда, эбел-инсуца вуцIцIадила, гурони шайтIаби рачIине ругилан хIинкъизавулаан гьев. Абулаан гьел рукIунила цIоб гьечIел, гурхIел-рахIму лъаларел. Гьезул букIунила лахIчIегIераб тIом, чIахIиял, кенчIолел берал, халатал ва цIакъго бегIерал гажал. Гьез мун, бецIаб нохъодеги вачун, хвезавизе яги гIасияб кьурулъан, ракъарал аздагьабазул цIураб гъваридаб кIкIалахъе рехизе вугилан.

Росулъ ракIгъечIев Бекпашаца хIукму гьабуна магIарда бугеб, эбел дояркалъун хIалтIулеб колхозалъул гIачиязул фермаялде ине. Гьенибги гьесие ракIгъезе жо щибго букIинчIо. Къо Бекпашаца фермаялда аскIоб бугеб

накIкIирохьоб тира-сверун инабулаан, гьенир рижулел тIагIамал пихъалги кваналаго.

Цо къоялъ къваригIелалъ фермаялде щварав гьениса лъикIаланго манзилалъ тIадегIан бугеб магIарада гIияда вукIарав эбелалъул вацас Бекпашада абуна:

– Къаси нижехъе гьоболлъухъе вачIине ккола нилъер магIарда рии тIамулел цогидаб росулъа гIиязул вехь. Гьев вуго лъикI кечI ахIулев чи. КочIохъги гIенеккизе, гIиял хIанги кваназе, дуего бокьуни, мунги вачIа, – ян.

Гьениве гьоболлъухъе ахIиялъ вохизавурав гьев, бакъанил гIужалдаго имгIаласул къайи букIараб Саашири магIарде щвана. Цоял хинкIал гьарулел, цогидал гьан белъунел ратана гIухьби. Гьез рази-ракиго къабул гьавуна Бекпаша.

КватIичIого киса-кибго тIибитIана гIодонакIкI. ВачIинчIо гьоболлъухъе вехьги. Ракьалде «куркьби» риччана сардил бецIлъиялъ.

– ХинкIалги хIадурун руго, гьанги белъун батила, гьанже кватIараб гIужалъ гьоболги вачIинарилан ккола, нилъ кванан лъикI гурищ, – илан абуна удаманас.

– Валлагь битIараб буго. Гьелдаса лъикIаб жо букIинаро гьанже нилъее, – янги абун, чIарбида тIибитIараб клеенкаялде аскIобегIан хъурщана гIолохъанав гIадав вехьас.

Богогьанас, гIиги парахат гьабун, гIодор чIун рукIарал гIухьбузда цебе, цIеда букIараб хъазмил хьагинисаги бахьун, цIулал кIудияб щурун цIураб гьанги, гIатIал хинкIалги, щивасе ченгел цIун гьагIуги лъуна.

– Къаси нилъехъ гьоболги вугелъул, доб «цIани магIарде» рахинабулебги босе цебе, – ян буюрана удаман богогьанасе.

Къоноги тIаде борхун, аскIобго букIараб гвандиниса босун бачIана гьес чIачIадул цIураб резинадул гор.

Стакан цо гурони букIинчIого, иргаялда гьекъолеб букIана гьез гIаракъи. Бекпашаца гьелдаса инкар гьабуна.

– Дур чан сон бугеб? – илан гьикъана гьесда удаманас.

– АнцIила щуго тIубана, – ян жаваб кьуна Бекпашаца.

– Гьедин батани, мун гIолохъанчи рагIула. Бихьиназда гъолъ рехсезе заман щун буго. Бихьинчиясейин абуни, гьелдаса инкар гьабизе рекъон букIунаро. Цо нусго граммгIаги биччазе ккела, – ян тIамуна гьез гьев гьекъезе.

Квана-гьекъон гIухьби лъикIаланго кеплъараб мехалда, тIадеги вахъун, нужее баркала, сордо лъикI, дун фермаялде ине кколилан абуна Бекпашаца.

– Ма, гъоркь тIамизе буртинаги, цо бакIалдеги лъугьун, вега, фермаялдеги радал ине бегьила, – ян абуна имгIалас.

– Дица унеб бакI лъиданиги бицун букIинчIо. Эбел рахIатхун ятила. Дун ине ккола, – ян тIирун чIана гьев.

– Батани, ма босе гьаб, фермаялде щвезегIан гIела, свине тогеха, – янги абун, рекIинеги гьабун¸ халатаб кан кьуна гьесухъе гIухьбузул цояс, – гьаб сухъмахъ ккун, дове-гьаниве кьуричIого, гъоркье а, битIун фермаялде тIаде ккола.

Амма нухда, хъущтIун гIодов ккедал, бортун араб кан свана. Къосана нух. БецIлъиялъ гьев вачана мугIрул лабаллъуде. Бекпаша, гIодоб квегIаб кверги чIвалаго, цо-цо мехалда ункъида вилълъун, гьеб лабаллъи чIван цевехун ана, бецIлъиялъ щибго бихьулеб букIинчIониги. Циндаго щун ватана полпихун чвахулеб лъарахъе. Гьеб букIана ферма бугеб бакIалдаса кIигогIан

километалъ рикIкIад. Чанго галиялъ гъоркьегIан букIана цебе заманалда росдал жамагIаталъ бусабазда ва къандалъабазда жаниб лъезе бакIарулеб букIараб тамало бижулеб ХуритIараге майдан. Гъел бакIал Бекпашада лъалаан. Лъалаан гъеб майданалъул ракьанчIван гIадин тIадвуссун вилълъани, битIун фермаялде тIаде кколевлъиги. Амма добго бецIлъиялъ, тIадвуссун вачIунаго, квегIаб рахъалдехун вачана гьев. Циндаго гьесул кваранаб хIетIе ганчIида тункана ва кIалагъоркье гIодов ккана. ЛъикIаланго гIодор тункана кIиябго наку, рукьобигун кверал. Чанго минуталъ Бекпаша вегухъего хутIана. Унтиялъ рухIизарулел рукIана накабиги квералги. ЯхI гьабун тIаде вахъана, чанго гали цебехун тIамуна ва эхетун хутIана. Цинги рекIеда ватарав гьес гьаругьинан кваранаб хIетIе цебехун бегьана. Амма гIодоб хъвачIо. Бекпашада бичIчIана гьениса кIикъоялда анцIгогIанасеб метраялъ гъварилъуда чвахулеб гIурулъе балагьараб кьурул рагIалде щун вукIин. ХIинкъиялъ гьев, хех гьабун, нахъе-нахъе цIана. КIкIалахъе вортичIольиялдаса вохарав гьес, гIодовги чIун, ракI парахалъизабуна. Бекпаша, кващулаго, нахъеги майданалде лъугьана. Гьелъул ракьан ккун унаго, мичIчIил «рохьилъе» щвана. Гьесда лъана жив битIахъе фермаялде тIаде балагьараб гьитIинабго майданалде щун вукIин. Гьелъул рагIалдаса гъоркье фермаялде букIана чIедерабго сухъмахъ. РухIизарулел рукIаниги, квераца мичIчIги бикь-бикьизабулаго, Бекпаша гьеб нухде гIедегIана. Чанго гали цебехун тIамураб мехалда бахъана чодул пунхи, гьелдаго цадахъ рагIана щибалиго цо сундаялиго кьабураб гьаракь ва цIад базе лъугьана. Гьелъ хIинкъизавурав гьев, хехго, чанго галиялъ нахъе къана. Гьебго лахIзаталъ аскIобго хIихIидана чу. Бекпаша хIинкъиги кIочон, магь-магьилан абулаго, гьелде аскIове вилълъана. Чу гIодобе буссана. Цинги, габуралда къвалги бан, гьес гьелъул надалдаса гъоркье чанго нухалда квер бахъана. Бекпашада лъана, ракьулъе гьазихъги кьабун, кваназе гьениб бухьараб, фермаялъул заведующий ваччулеб, колхозалъул гIала гьеб букIин.

Бекпаша лъугьана фермаялда гъоркь бугеб доб сухъмахъ байбихьулеб бакI балагьизе. Амма батизе кIвечIо. ХIетIе хъущтIун, гъоркье вортизецин вахъана. Гьениса тIадвуссунаго, гьесул нодо тункана гъотIол гIаркьелалда. Бекпашаца гьеб ккуна. БичIчIана жив фермаялда дандбитIун бугеб доб накIкIирохьил рагIалде щун вукIин. Гьес гъваридго хIухьел цIана. РакI гIодобе биччана… Циндаго, аскIобго гIадин рурудана гIалхул жанавар.

Свакан вукIаниги, гьев хъата-масан гъотIоде тIаде вахана. Жанавар гъотIода гъоркьеги бачIун, лъугьана гъулгъудизе. Гьесда бихьана фермаялъул минаялъул рагъида хIобода дализабураб цIорол чирахъ ва, мацI бекуледухъ ахIдана кумек гьабеян…

Гьесул гьаракь рагIана васасул ургъалида йикIарай эбелалда. Гьелъ вахъинавуна кьижун вукIарав гIачивехь МухIамадрашид. МагIидаса цIорол чирахъги рокъоб къеда бан букIараб чанахъанасул туманкIги босун, гьел Бекпашал ахIи рагIараб рахъалдехун гIедегIана. Щибдай дир васасе ккарабилан гIодулей йикIана Бекпашал эбел Рузлат. Гьел рачIунел рихьигун гьев жеги цIакъ ахIдана:

– Дун гьаб гъотIода тIад вуго. Гьелда гъоркь дихъ балагьун чIун бацI лъаларо, ци лъаларо – цо гIалхул жанаварги буго. Нужеца цIодорлъи гьабе.

МухIамадрашидица туманкI зодобехун кьвагьун балагьизабуна. ГъотIода аскIове вехь щведал, гьелда гъоркь чIун гьесда фермаялъул гьве Аргъут батана. Гьеб букIана фермаялъул заведующиясул гIала цIунун тараб гьве.

– Гъоркье рещтIа, Бекпаша. Гьаниб жанавар гуро Аргъут бихьула. Мунго хIинкъун ватила, – ян абуна МухIамадрашидица, гъотIода чирахъалъул канлъиги речIчIизабулаго.

Бекпаша гъотIодаса рещтIаравго, Аргъут гьесда тIад речIчIизе къачIан букIана. Анкьго къо фермаялда баниги, гьеб Бекпашаде ругьунлъулеб букIинчIо, гьев вихьарабго гъулгъудулаан, жиризарун гажалгун.

– Мун гьанжелъизегIан гьанив щибулев вукIарав?– иланги абун, гьесда тIад хурхана эбел.

– Дун гIухьбузухъе ун вукIана, – ян жаваб кьуна Бекпашаца, хIинкъиялъ сородулеб чорхол хIал бахчизе къасдги гьабулаго, гьеб цIукIалъиялъул асар жиндирго каранзулъе лъугьараб гIадинги ккун.

Рузлатица циндаго васасул гьурмалъ хъат кьабуна ва гьев цIидасан гъотIоде тIаде вахине тIамуна. РогьинегIан гьенив чIаян гьесдаги абун, гьев цIунеян гъотIода гъоркьго Аргъутги тун, гьей вехьгун цадахъ фермаялдехун ялагьун ана.

– Щай дуца гьедин гьабураб? ГурхIичIищ мун васасда? – ян гьикъана нухда унаго МухIамадшарипица гьелда.

– Щибниги букIинаро. ХIинкъуч ватичIони живго вачIина. Бихьинчилъун гIезе заман щун буго Бекпашае.

Гьеб сордо Бекпашаца гъотIода тIад рогьана.

# КучIдул

**Манарша ГIИСАЕВА**



**ЦИЯЛЪ ХЪАМУРАЙ ЯС**

**Цоги цо хIикматаб бицен батараб,**
**Божизе захIматаб, цIакъ тамашаяб;**
**ЦIикIкIараца бицун нахъе хутIараб,**
**Хабарищ маргьуйищ лъазе кIолареб.**

**ХъахIилаб хIет хъвалеб ихдалил гIужалъ**
**ГIадрадул рацуда цо чIужугIадан,**
**ГIебеде цIутIараб чохьол сураталъ,**
**Жиндир ургьиб лъимер буголъи лъалей.**

**Бакъалъ месед щвараб мугIрул каранда,**
**КочIол бакъан буго магIарулалъул.**
**ГIурдада тIегь бараб тIогьол росоний,**
**ТIинай месед йиго квацIул мухъ чIвалей.**

**Кисали лъаларо, кинан лъаларо, Цо**
**чIегIераб рагIад бигъана цебе.**
**ЦинтIаго гьарурал гIасиял гьаркьаз,**
**Кьурабиги тIуркIун, гьабуна жаваб.**

**Гьалде рагIад цIараб гIаданги гуро,**
**ГIаданлъун бахъунчIун цо буriяб ци.**
**Беразулъ недегьлъи, гьалъ гьарулеб щиб,**
**Щибундай тIурилей, киехун иней.**

КвачI бегьулеб буго гьалъ ясалъухъе,
Гьабе кумекилан гьарулеб гIадин.
ГIоди зигарди щиб гьаб залималъул,
Гьалъул накабазда цебе ккола квачI.

КвачIида къан буго зуз бегIераб заз –
Чаржуян абула дир росулъ гьелде –
Хъал чурун, хьверд бацIцIун, чаржу бахъула,
Бихъун чIорто къала цидул квачIида.

Керчаб бетIералда тIад кверги бахъун,
Берцинаб мацI бицун, гьеб беэдула.
Босе дурго квачIги, а нахъейилан,
Ясалъ гьеб циялда буго гьарулеб.

Хапун йосун, ясги гарбиде рехун,
Хехаб гьури – гьанже циялъул лъути.
РухI тIун чIчIичIчIидулей ясалъул гьаркьал,
Кьурул хъархъалазда рагьун хутIула.

АхIуд рахъаразда хъархъазда бараб,
ХъахIаб кIаз гурони щибго батичIо.
Гьелъул гIагарлъиялъ магIирукъги лъун,
МагIу бахъун моцIал тIаде сверана.

Цо рогьалил гIужалъ росу бихьуда
Руруди рагIула гIасияб цидул,
Заралалъе бугин гьеб бачIунилан,
Росдал гIадамазде ургъел бегула.

Гьедин хьвадун буго щибаб къоялъ ци,
ГIалам хIикмалъараб цо цIогь ккезегIан –
Гьелъ кету кинигин, росулъе бачIун,
Кини-рущен бикъун ун батизегIан.

ТIокIалъ гьеб бихьарав чи вукIун гьечIо,
Чанахъаби хадур къойил аниги.
Ургъел бегун буго росдал халкъалде
Циялъул жинс бугеб жен батилилан.

Бицен гIемерлъула гIадамазда гъорлъ,
ГIалхуде гьаз араб чед бикъунилан.
Къаде квине араб тIохол къабацин
ТIагIун батанилан буго бицунеб.

ГІакІа ахІун халкъги данде бакІарун,
Циялъе къор гъолеб гІакълу дандбала.
Бай рохьил тІарада тІоххол цІун късвачІа,
Аххада каратІ те мухъил лъалкІ чІвалеб.

Гъедин хадурлъарал росдал васазда
ХІикматаб цо сурат цебе тІамула –
Балагьун бераца борцине кІвечІеб,
КІудияб цо кьурул гъурмада нохъо.

Нохъоде харулеб борохь кинигин,
Квер базе бакІ гъечІеб цо чІедераб нух.
Нохъодул кІалтІаги цо берцинай яс,
Ясалъул кодобги гьитІинаб лъимер.

Циялъ кІалдиб ккураб таргъаги босун,
Берцинай яс кванда квалквалей йиго.
КвачІазда гьоркьобе лъимерги бачун,
Басандизабулеб циги бугила.

Биччараб мацІ бахъун, квачІица тункун,
Квасул цІокоялда гиргидулила.
Гунгуни васасул, бубуди цидул,
Цоцазул мацІ лъалел гІадин ругила.

ХІикматаб хІакъикъат якъинлъун ккараз
Яс хвасар гьайизе хІилла ургъула.
Ци чанабе индал, гІарщалги риччан,
ГІедерлъи гьабеян ахІула гьелде.

Цин, кинида бущун, лъимер бахъула,
Бакьулъан жиндаго хадуб бухьуна.
Ясалъул гьариги, халкъалъул сасги,
Сверухълъи тІад босун, тІибитІун уна.

Гьеб рагІун циялъул ццин гьалаглъула,
Гьурилъун харула нохъодул кІалтІе.
Яс кквезе хапулел квачІалги тарун,
Тирщун лъола гьеб ци кьурул аххада.

Аби хутІун буго ци хведал гІодун,
ГІадаллъун кІкІалахъе хьваданила яс.
Жинда риханиги, хведал ракІ гурхІун,
ХІеренай ясалъул тІагІанила ццин.

## ГIАБДУРАХIМАНОВ ГIАБДУРАХIМАНИДЕ

**ГIаданлъи, яхI борхатал**
**ГIадамал чанги руго,**
**ГIадамазулъ хIикматав,**
**ГIабдурахIман, мун нижер.**

**ГIумру бацIцIад тIамурал**
**Васал – Гьочор гIемерал,**
**ГIумру-гIамал роцIарав,**
**РакI хIалимав инсан – мун.**

**Наслу гьечIел улбулги**
**Дуца руго хьихьулел,**
**Улбул хварал лъималги**
**Дуца тIаде росула.**

**Росдал херал хинлъулеб**
**Хабар гьуинав инсул,**
**Инсул гIакълу босарав**
**ГIажизазул сабабчи.**

**ГIумруялъ беццал чагIи**
**Больницалде рачунев,**
**Беразе канлъи кьеян**
**Тохтирахъе кIанцIулев.**

**Тату хварал, щокълъарал,**
**Чиякъал гIадамазе**
**Рокъоб индомги рагьун,**
**Хъулухъалъ хъизан чIарав.**

**Росдал щибаб рукъалъул**
**Рохел дуе гIахьалаб,**
**ГIадамазул къварилъи**
**ГIахьал тIаса босулев.**

**ТIадегIанаб лъаялъул,**
**ГIалим мун вугониги,**
**ГIорхъолъа борчIун ккараб**
**ЧIухIи чорхолъ тIатинчIев.**

**Универиситеталъул**
**ГIакълу гвангъарав гIалим,**
**ГIаламатав инсан мун,**
**Иман рекIелъ щулияв.**

**Дур гIадинаб хIеренаб**
**ХIабибасда релълъараб,**
**ХIадисалда беццараб**
**ГIамалги гьарзалъаги.**

**ГIажизазда квер чIварав,**
**ГIакъилав ГIабдурахIман,**
**Ахираталде унеб**
**Дур бечелъи анищ дий.**

**Дуниялалъул рокъов**
**Къадру-ассалъ ворхарав,**
**Рохел лъугIугеги дуй,**
**Лъимал лъикIал гIеги дур.**

**Лъимал гьечIел улбузе**
**Наслъун чIарав мубарак,**
**МугIрул ияхI цIунарав**
**ЩIар халалъун таги дур.**

# Вацлъиялъул адабияталдаса



*70 сон тIубана табасараназул цIар рагIарав шагIир, прозаик ва переводчик Шагьвелед Шагьмарданов гьавуралдаса.*

*Шагьвелед гьавуна 1948 соналда Хив районалъул Яргиль росулъ. ЛъугIизабуна Дербент шагьаралъул педагоглъиялъул училищ е. Шагьмарданов ккола Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институт лъугIизабурав табасараназул тIоцевесев хъвадарухъан.*

*ХIалтIана гьев Хив районалъул Хоредж росдал школалда учительлъун, Хив районалъул «Октрябралъул канлъи» газет алъул жавабияв секрет арьлъун, ГI.Тахо-Годил цIаралда бугеб педагогикаялъул гIелмиябгун цIех-рехалъул ва Учительзабазул махщел камиллъизабиялъул институтазда жавабиял ишазда, табасаран мацIалда бахъулеб «Лачен» журналалъул редакторлъун, ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул табасараназул секциялъул нухмалъулевлъун. Шагьвелед ккола Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Правлениялъул членги. Гьев СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалде восана 1990 сонлда.*

*Ш.Шагьмардановасул тIоцересел асарал рахъана Хив районалъул «Октябралъул канлъи», Табасаран районалъул «Табасараналъул рогьел» газетазда, «Литературияб Табасаран» «Дагьистаналъул чIужугIадан», «Лачен» журналазда, чанго гIахьалаб тIехьалда.*

*«Ругьалаби» абураб тIоцебесеб кучIдузул тIехь Шагьвеледица Дагъистаналъул цIалулгун педагоглъиялъул издательствоялда къватIибе биччана 1979 соналда. Хадубккун Дагъистаналъул издательствабазда рахъана гьесул «Жиндирго кьерал», «Сордоги къоги», «Генул гъветI», «ЦIвабзазазул расалъи», «Солдатасул эбел» абурал ва цогидалги кучIдузулгун поэмабазул ва харбазалгун къисабазул – кинабниги къогогIанасеб тIегь. Шагьмарданов ккола «Ихдалил куркьбазда гъоркь» абураб пьесаялъул авторги.*

*Ахирал соназда хъвадарухъанас къватIире риччана табасаран ва гIурус мацIазда жиндирго ва Дагъистаналъул мацIаздаса руссинарурал асаразул чанго тIехь.*

*Шагьвеледил поэзиялъулгун прозаялъул асарал руссинарун руго гIурусго гIадин Дагъистаналъул киналго мацIаздеги. Гьел батIи-батIияб заманалда рахъана миллиял газетаздагун журналазда ва гIахьалал тIахьазда. Гьес табасаран мацIалде руссинаруна А.Пушкинил, В.Маяковскиясул, МахIмудил, Батырайил, С.Стальскиясул, ЦIадаса ХIамзатил, Э.Капиевасул, Р.ХIамзатовасул, Ф.ГIалиевалъул, А.Абу-Бакарил ва цогидалги Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асарал.*

*Хасаб бакI ккола Шагьмардановасул хъвадарухъанлъиялда табасараназул адабият халкъалда гьоркьоб тIибитIизабиялъе гьабулеб хIалтIиялъги. Гьес данде гьарун къватIире риччана табасараназул гьанжесеб поэзиялъул антология, «МугIрузул тIугьдул», «Нух битIаги» абурал ва Манаф Шамхаловасул, Юсуф Базутаевасул, Ибрагьим Шагьмардановасул тIасарищарал асаразул тIахьал.*

*Шагьмарданов ккола Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъанги, кьун руго гьесие цогидалги шапакъаталги.*

*Шагьвеледида юбилейги баркулаго, гьесие гIемерал соназул сахлъиги, тIадеги творчествоялда бергьенлъабиги гьарулаго кьолел руго нижеца хъвадарухъанасул «Генул гъветI» абураб къисаялъул цо-цо бутIаби.*

**Шагьвелед**
**ШАГЬМАРДАНОВ**

# ГЕНУЛГЪВЕТІ

* * *

Дие бокьун буго нужее бицине нижер хурул ссанда бижараб генул гъветІалъул. Гьедин, нилъеца чІун гурел, жалго хурир- магъилъ рижарал гъутІбузда абула гІалхуда рижаралилан. Амма, гьедин бижараб букІаниги, дида кІоларо, гьеб кутакалда диеги дир хъизаналъеги хирияб генул гъветІ гІалхулабилан абизе, щай гурелъул, щиб лъалеб гьеб цо кидаялиго лъицаялиго чІараб батизеги бегьулелъулха!

Генул гъветІ бижун буго битІахъе нижерги мадугьаласулги хурзазул гІорхъода. Гьелда цІарги лъун буго ГІамирханил гъветІилан. Цо нухалда дица суал кьуна 113 сон барав дирго кІудадае гъотІол хІакъалъулъ:

– Дун дунялалда вугебгІанаб мехалъ буго гьадаб бакІалда гьадаб генул гъветІ, – ян жаваб кьуна гьес дир суалалъе. – Амма, гьебго суал кьуна цо кидаялиго дица дирго инсуеги. Гьес дида абуна жив гьавураб, лъай лъаралдаса нахъего бугила гьеб гъветІ гьенибилан.

БитІарабха, росуцоязги абула гьелде ГІамирханил гъветІилан. Нижер гьединаб гІадат буго: цо лъил бугониги хуриб, ссанда, азбаралда гъветІ бижун батани, нижеца гьелъие кьола гьелъул хважаинасул цІар. Мисалалъе бицинин: нижер магъилъ дандчІвазе бегьула Мирзаханил генул гъветІ, ГІусманил цІулакьодул гъветІ, Байбутил гІечул гъветІ ва цоги-цоги батІи-батІиял пихъил гъутІбиги. Гьелдалъун нилъеда бичІчІула цо кидаялиго гьел гъутІби рижарал бакІазул хважаинал гьел чагІи рукІараллъи. Инсухъе квен яги лъим босун вас витІулев вугони, эбелалъ васасда абула: «Инсуца хер бецулеб буго Байбутил гІечул гъветІ бугеб бакІалда» – илан. Гьеб мехалда кигІан гьитІинаб лъимералдаги бигьаго батула гьеб бакІ.

Дун нахъе-нахъеги гІажаиблъула: кисандай нижер хурул ссанде генул гъветІ ккарабилан. Гьеб цо лъица бугониги чІараб букІарабани, гьев чиясул цІар, цо гІелалъ цоялъухъе кьун, нахъе хутІилаан, яги жибго бижараб батани щайха аскІоб-гІагарлъуда цониги гъветІ гьечІеб?.. КІудадаца абулаан генул гъотІол гІумру кІинусго соналде бахунилан.

Дие, гьитІинав чиясе, цІакъ бокьулаан гьеб гъотІодаса гени кваназе. Узухъда, барщараб мехалда! Гьеб гІисинаб гІахул генул «жанисеб ракІ» букІунаан тамахаб ва гьуинаб, гьединлъидал, гени кІалдибе рехизе бегьулаан нахъаса магъги тІун, тІубанго.

– Гьаб алжаналъул пихъил нахъе рехизе жоцин букІунаро, – ян абулаан рази-ракиго кІудадаца. – Унгоха гьалъул тІагІам, доба алжаналдацин бижулеб батиларо гьадинаб гьуинаб пихъ.

Гени барщула батІи-батІияб къагІидаялъ: цоял тІогьиллъула, цогидал бецІхъахІилаллъун лъугьуна, лъабабилел – расги кьерги хисичІого ртула гъотІодаса, ункъабилел абуни, гъотІодасаги ретІун, рокъореги росун, рагъида, ялъуни тІохда, бакъ щолеб бакІалда тІиритІун лъезе ккола, цинги тезе ккола гьеб гени барщизегІан.

Нижер гъотIода гени барщулеб мехалда тIогьиллъизе байбихьула. Гьел ротиялъухъ ралагьун рукIуна цохIо ниж гурелги, росдалго лъимал. Нижер генул тIагIам лъалаан цохIо нижеда гуребги, киналниги гIисинал лъималазда, чIахIиял гIадамаздаги ва хасго хIанчIаздаги. Гени барщулеб гIужалъ, гьез, рахъ-рахъалдасан роржунги рачIун, сверун кколаан генул гъветI. ХIанчIаз бащдал кванарал генидул бащалъаби хутIулаан гъотIода, яги гьез картIалги гьарун, бакьулъа ракI кваналаан гьезул.

Нижер генул гъотIодаса цо километрагун бащдаб манзилалъ рикIкIада, Агъада хур абулеб бакIалда букIана цоги батIияб тайпаялъул генул гъветI. Гьелда бижулаан цIакъго къвакIараб, чIахIилгIанги тIагIам гьечIеб гени. Росуцоязда гьоркьоб хабар ккараб мехалда гьеб генул хIакъалъулъ абула – загьругIан кьогIаб генийилан. Нижер росдал лъималаз кочIол мухъалцин гьарун рукIана гьеб гениялде:

**Гьабни гени гуро – изаган буго,**
**КъвакIи буго гьалъул ганчIил гIадинаб.**
**Нагагь тушманасда речIчIизе ккани,**
**Гьаб изаган буго нилъей къваригIун.**
**ГанчIал щай нилъее? Изаган гIела!**
**Изаганалъ чунтби цIезе гьаруни…**

КIудиял чагIаз, гIунараб гьумералъул яги ццидалав чи данде чIвани абулаан: «Мун Агъада хуривейищ щун вукIарав», – илан. Ялъуни «Щай дур гьумер гьедигIан кьерхун бугеб? Агъада генулгъотIол генийищ дуца кванараб?» – илан.

Гьанже нужеда бичIчIанаха кинаб батIалъи букIарабали нижер хурул ссанда бижараб генугъотIолги Агъада хуриб бугеб генугъотIолги?.. Нижер генул гъветI – гьеб буго гьоцIо, Агъадиийин абуни – загьру.

– Нилъер генугъотIол гIамал берцинаб буго, – ян абулаан кIудадаца, – хIеренаб ва ракIлъикIаб.

КIудадал гьел рагIаби рагIидал, дун гIажаиблъана ва ургъана: «ВахI, кингIаги гъотIол жиндирго гIамал-хасият букIунеб? ГъветI буго гъветI, цогидаб ракьулъан бижулебщинаб гIадаб…» Гьанже дида бичIчIула кIудада битIарав вукIин: гъутIбузулги, чIахI-хералъулги, хIинчI-хIайваналъулги, гIадамазулго гIадин, буго жиде-жидер гIамал-хасият. Руго гьезда гьоркьорги лъикIалги-квешалги, берциналги-сурукъалги, ццидалалги-хIереналги.

Нахъойги бачIуна ботIролъе пикру: цин ургъани, кисаха гьаб хурул ссанде генугъотIол гага ккараб, кибгIаги аскIаб-гIагарлъуда цониги гьединаб гъветIги гьечIеб мехалда. Нагагьлъун ссанда тIасан боржун унаго цониги хIанчIил гозоялъукь букIанадай генул гъотIол гага: цинги бортанадай гьелъухъа гьеб гьаб бакIалда гъоркье?.. Гьедин абула нижер биологиялъул учителас…

* * *

Щулаго кьалбаз ккун буго нижер ссанда бижараб хераб генугъветI. Нижерги нижер рикIкIадисеб гIагарлъиялъул чагIазулги хурзазул ссанда дагIба-кьал ккезе биччалареб хъаравуллъунги нугIлъунги букIана гьеб. Гьединлъидал батила нижеда гьоркьоб цониги нухалда ккечIо, цоцазул ракIал сукIулеб хабар, абичIо цоцазда цониги хъачIаб рагIи. Нижеда, хурзазул

бетIергьабазда, ракIчIун лъалеб букIана нижер хурзазул гIорхъи, тIадкIалъай гьечIого.

ГIамирханил генугъветIалан абуниги, нижеца рикIкIунароан гьеб гъветI цохIо нижераблъун. Гьеб нижеда кIияздаго гьоркьоб гIорхъода бугелъулха! Ниж, лъимал, ялъуни нижер эбел-эмен цониги нухалда кIалъачIо кинасул цIикIкIун генугъветI бугебали. Гьеб, хабар тун, букIана нижее кIиязего гIахьалаб. Дир ракIчIараб буго хадусеб гIелалда гьоркьобги гьеб гъветI сабаблъун кинабгIаги дагIба-рагIи ккезе гьечIеблъиялда.

Югалъул рахъалдасан нижер генугъотIол цо гъоркьияб гIаркьел бекун буго. Гьелъухъ балагьараб мехалда бихьула гьеб гIаркьел я гIаштIиялъ кьотIун гьечIеблъи, ялъуни хъухъан гьечIеблъи – гьеб бекун буго. Нижее, гъотIоде тIаде рахунелъулги, гъоркье рещтIунелъулги, гьеб бекараб бакIалъул кIудияб квегIенлъи букIуна – гьениб тIад хIетIе чIезе бегьула.

Дун, гьеб гIаркьел бекараб бакIалъухъги балагьун, гIемер ургъулаан лъицадай гьеб беканаян. Ахир-къадги цо къоялъ дица эбелалда гьикъана гьелъул хIакъалъулъ. Дир суал рагIарабго эбелалъул гьурмал кьер хисана. Гьей гIаркьел бекараб бакIалде сихIкъотIун ялагьун чIана. Гьей цо сундаялиго ургъулей йикIана, цинги гьелъ дир кваралда тIада квер бахъана ва абуна:

– Дир вас, гьеб буго цебего бекараб гIаркьел… Жакъа къоялъ гьебги букIинаан гьал цогидал гIаркьелалго гIадин кIудияб ва бижилаан гьелда тIад пихъги. Амма… – эбел нахъойги юцIцIухIун чIана. – Доб, нагIана батаял немцазулгун рагъул заман букIана. ЖужахIалъур рухIулел ратаги, я Аллагь, дол фашистал! Ниж рукIана доб къоялъ хурир рецарулел. БугIа бецулеб букIана. Гьеб букIана къалъудаса хадуб заман. Зоб циндаго бецIал накIкIаз цIуна. Ниж, цIад балилан хIинкъун, гIедегIана хутIараб хур лъугIизабизе ва бецараб бугIаялъул гулал дандеги ракIарун, гьелъул гIарахъ гьабизе. Нижехье кумекалъе рачIана яцгIалзабиги гьезул лъималги. Гьезда цадахъ йикIана Сельмиханги. Гьей лъимаде йикIана. ЗахIматго росулел гьелъул хIатIазухъги ялагьун, дица абуна: «Сельмихан, мунгIаги щай ячIарай?» – илан. Дир рагIаби рагIарай кIодоца, махсародего гIадин, абуна: «Йиччанте гIемер йилълъанхъизе, жиндиего лъимер гьабизе бигьалъи букIина. Дуца, дир яс, лъихъниги гIинтIамуге, дихъ гIенекке, дун йиго гIумру арай чIужу», – ян.

Сельмихан йикIана нижер цебесеб гIагарлъиялъул бищун гIолохъанай нус. ЛъагIелцин ун букIинчIо гьей Мусае росасе аралдаса. Хасалихье букIана гьезул бертин, ихдал Муса фронталде ана. Щуго моцI ана гьев аралдаса нахъе. Гьев цин Тифлисалде вачун ана рагъде ине хIадурлъизе, цинги гьениса ана фронталде немцалгун вагъизе. Нухда вукIаго хъван бачIана гьес кагъат. Гьеб букIана гьесул ахирисеб кагъат…

ГьитIинабго бокIон хутIун букIана хурул лъугIизе. Ниж мех-мехалда зодоре ралагьулел рукIана, цIад баладаян хIинкъун. Нижеца лъималазда гьарана гулал данде ракIареян ва Сельмиханица гьезул гIарахъ гьабулеб букIана. Гьеб лахIзаталъ нижеда йихьана хобал ругеб рахъалдасан, гIодулаго-чIвадулаго екерун ячIуней мадугьал Жарият. Гьелъул ботIрол рас щущан букIана, чIегIераб кIаз бетIералдасаги бортун ун, ракьда хъвалеб букIана. Гьей ячIуней йикIана гьороца добе-гьанибе хьвагIулеб гъветI гIадин, тартадилаго. Гьелъ цо щибалиго абулеб букIана, амма нижеда гьелъул рагIаби ричIчIулел рукIинчIо. Хадуб нижеда рагIана гьелъ рехсолеб, кIиго моцIалъ цеве рагъда чIварав жиндирго росасул цIар. Ниж гьелъухъ ралагьун, цIоро-гъорон,

рахъун чIовухъе хутIун рукIана. Киназдаго бичIчIулеб букIана рохалилаб хабаргун гьей ячIуней гьечIеблъи. Нижеда гьоркьоса лъабгоялъул россал рукIана фронталда: дур эменги, вацгIал Рзаханги ва Мусаги. Гьей аскIое гIагарлъулаго нижер хIинкъи тIадеялдаса-тIаде цIикIкIунеб букIана: лъида аскIоедай гьей ячIиней абураб пикруялъ. Нижеда аскIое щварайго гьелъул чIегIераб кIаз ракьалде бортун ана ва гьелъ ахIана: «Сельмихан!» – илан. Гьей гьелда тIад хурхана. Сельмихан, цин щибго бичIчIуларого хаган хутIана, цинги байбихьана ахIдезе, чIчIичIчIидизе. «Йохъ! Йохъ! БукIине рес гьечIо! Дун гьелда божуларо!» – янги абулаго, гьей, Жариятги нахъе тункун, генул гъотIохъе екерана, ракI кьватIулел гьаркьалги гьарун, гъотIода къвал бана. Цинги гьелъ байбихьана зараз гъветI буххизе, бетIер гьелда кьабгIезабизе, ботIродаса рас бетIизе. ТIоцее гьелде аскIое кIодоэбел ана. Амма Сельмихан гьелъухъ гIенеккичIо, гьей циндаго гъотIол рохтиялдехун сукIун ана. Гьелъул гьурмадаса би чвахана ва гьелъул гьаракь къотIана, ракIалде кколаан гьей гьеб бакIалдаго ганчIиде сверанилан. Цинги, бигьагьаюн, гьей тIаде йорхана ва бугеб къуваталъ кIиябго квералъ ккуна гъотIол гIаркьел. Щиб гьабилебали лъаларого гьалгъан ниж хутIараб лахIзаталъ гIаркьел бекулеб гьаракь бахъана…цадахъго бахъана лъимадул гIодулеб гьаракьги…

Гьеле гьедин гьавуна, гьитIинав, инсул цIарги лъурав Муса. ГьабсагIат гьес гIумру гьабулеб буго Каспийск шагьаралда. КигIан гьараниги Сельмихан тIокIалъ росасе инчIо. Васасе кьуна гьелъ гIумруги, жанги, гIолохъанлъиги. ГIезавуна гьев магIнаяв инсанлъун, вукIине кколев бихьинчилъун.

Гьеле, дир вас, дур суалалъе жаваб, – ан лъугIизабуна эбелалъ жиндирго хабар. – Доб пашманаб къоялъ бекараб буго генугъотIол гIаркьелги, – ян тIаде жубана гьелъ сасараб гьаракьалъ.

* * *

РикIкIадасан балагьарав чиясда генигъветI бихьула кIудияб гIурдахIаналда релълъун, ялъуни вехьасул гъалараб тIагъуралда релълъун. Гьеб цIакъго берцинлъула, беричлъула ихдал тIегьараб гIужалъ. Гьел къояз гьелда тIад рещтIуна аза-азар на. ТIегьараб гъотIол тIогьол махI тIагIинегIан гьел нахъеги унаро гьениса. Гьединго гъветI беричлъула хасалихъеги. Цоги гъутIбузул гIадин гьелъул тIанхал тIогьиллъуларо, гьезул букIуна багIараб ва гIубилаб кьер. Хассаб берцинлъиялда гьел кенчIола, гьезда тIад бакъул чIорал чIвараб мехалда. Хасалоян абуни генугъотIол кьер хисула. Гьеб тIубанго гIицIлъула. ГъветI пашманго гIадин букIуна. Дида ракIалде ккола гьелъ абулеб бугин: «Щай нужеца дун цохIо дунго гьаниб янгъизго тараб? Пулеб гьуриялъги балеб гIаздацаги дун квачалеб буго гьаниб…» – илан.

Хасало дун гьелъухъе гIемер щоларо. ГIемерисев нижерго рукъалъул рагъидасан валагьула гьелъухъ. Цо-цо мехалда гъветIалда тIад тIупун накIкI лъола ва дида гьеб бихьуларо. Цинги накIкIал нахъе аралго дун гьелъухъе гIедегIуна. ГъотIода кIаркьенги цун, гIенеккун чIола гьелъ бицунеб хабаралъухъ.

* * *

Гьаниб абизе ккола ,цо нухалда дун генугъотIоца хвасар гьавунин хвалдасаян…

Доб букIана дица щуго класс лъугIараб заман. Ахирисел бакъул чIоралги ракIа– рахарун, бакъ гохIде нахъе тIерхьунеб букIана. КIудадаца дун витIана

Тахришидил иццухъе паччиги босун лълъел цӀезе. Гьесие бокьулаан гьеб иццул лъим, гьениса лъим гьуинабги тамахабги букӀунилан абулаан гьес. Росдадаса гӀезегӀанго рикӀкӀад букӀаниги, гӀемерисел росуцоял унаан лъим босизе гьенире. ТӀагӀамаб букӀин гуребги, Тахришидил иццул буго гӀажаибаб жиндирго тӀабигӀатги: риидал гьеб цӀорола, килщал жанире регьизе кӀолареб хӀалалъ, амма хасалойин абуни гьеб хинлъула. Босун цадахъ шагӀил парччигун дун вилълъана ицц бугеб рахъалдехун. Цо-кӀиго рагӀи абизе бокьун буго шагӀир паччиялъул хӀакъалъулъги. Гьеб букӀана цохӀого-цо цӀорораб лъим жанибе тӀезе рокъоб хутӀараб шагӀил цӀа-рагӀ. ЦӀакъго латазаб тӀагӀам букӀунаан лъадал гьеб паччиялъуса гьекъолеб мехалъ. Щибаб нухалда парччиги босун иццухъе унесда, кӀудададаца лъазабулаан: «Ворегиха цӀодорлъи гьабе! Парчи цо сунда бугоники кьабгӀизе гурин. Гьеб буго рокъоб цохӀо хутӀараб парччи. Гьанже тумазги гьел гьарулел гьечӀелъул, кверал хӀарщулъ квализе бокьулареб батилаха гьезиеги. Замана хисун бугелъулха…» – абун.

Дун, парччиги къвалакь къазабун, иццухъе гӀедегӀана. Кин щварав лъачӀого щун ватана дун Тахришидил иццухъе. Щай гурелъул, дир тӀолалго пикраби рукӀана жакъа росулъ бихьизабизе бугеб «Коммунист» абураб кинофильмалда тӀад. Бакъанида ине рукӀана киналго гьелъухъ балагьизе. Кино бихьизабулаан клубалда цебе, клубалъул жиндирго тӀох гӀодобе ун букӀана, лъиениги гьелъул ургъелги букӀинчӀо…

ГӀадада заман иццухъги бачӀого, лълъел парччиги цӀезабун, росулъехун унеб нухде вахаравго, циндаго рагӀараб гьойдул хӀапиялъ дун тӀуркӀизавуна. Дир ботӀролъ паркъана: «Цагар!» – илан. Нижер росулъ гьитӀинасдаги кӀудиясдаги лъалаан гьелъул гьаракь. Колхозалъул гӀиял цӀунулел киналниги гьабзаздаса Цагар бищун гӀедерабги бахӀарчиябги букӀана. Абулаан гьелдаса бацӀалгицин хӀинкъулилан. Цо нухалда гьелде тӀаделъун буго чияр росулъа ункъо гьой. Гьеб гӀассияб рагъулъ Цагар бергьун буго, амма хӀетӀе рекъаблъун хутӀана…

Гьале гьанже гьелъул хӀапи рагӀидал дир хӀатӀил роси гӀедерлъана, берал рахъ-рахъалде ралагьана гьеб балагьулаго. Дида рихьана лъарал рагӀалда парахатго кваналел гӀиял, амма кивниги вихьулев вукӀинчӀо гьезул векь. Кутакалда Цагарикьа хӀинкъарав дида ракӀалде щвана гӀемер рикӀкӀада гьечӀеб нижер генулгьветӀ. Цогидал киналгӀаги гьутӀби аскӀор рукӀинчӀо. Гьале циндадго дида гьве бихьана. Цагар кваналел гӀиязда цебе гӀурдаллъуда бегун букӀана. Дун цин цӀорон хутӀана, цинги бугеб рухӀалъ генугьветӀ бугеб рахъалдехун векерана. Цо бакӀалда гӀодоб лъун парччиги тана, цоялда хадуб цояб рортун хьиталги ана. «Киведай гьазул векь тӀагӀарав?» – абун, рахӀатхун, векерун унагоги, дун рахъ-рахъалде валагьулев вукӀана. Абула, хӀинкъарав чи чодаги гьойдаги рикӀкӀадасанго лъалилан. Цагаралда бичӀчӀун батила дун жиндаса хӀинкъун вугеблъи. Дица рекӀелъго гьарулеб букӀана гьелда бачӀунге диде тӀадеян, амма гьелда дир рекӀел гьари рагӀилищ?.. Гьеб циндаго тӀаде бахъана, цӀабуцӀахъдана. Цинги бетӀерги борхун, дун вугеб рахъалдехун балагьун чӀана. Щаялиго гьеб диде хӀапдезе лъугьана ва дун вугеб рахъалдехун балагьун къокъана. Гьале дун генугьотӀода аскӀов щвана. ГӀедегӀун, гьотӀоде харана. Цагар, аскӀобегӀанги бачӀун, кӀохӀалго дихъги балагьун, гьотӀода гьоркь бегана. Дир тӀубанго тату хвана гьанже. ХӀакъабжо, гьанже дун кватӀила киноялдеги… Бакъул чӀорал тӀуранго гохӀде нахъе тӀерхьун ана. Дун сабру тӀагӀун валагьун вукӀана кидадай Цагар дунги

чIалгIун нахъе ина абун. «ВахI, киведай вехь ана? КватIич1ого дунялги рукIкIина… Дунги киноялде кватIила…» Дун хIалуциналъ гIодизе къачIан вукIана. Дида цебе чIана клубалда цере ракIарарал дир кьерилалги чIахIиялги, кино байбихьиялъухъ ралагьун шавкъалда кIалъалел, дагIбадулел, гьурмада разияб гьимигун дорехун-гьанирехун хьвадулел. Гьанже дир цIакъго ццим бахъана гIиял вехьасда. Дунялги рукIкIунеб букIана, додинго гьотIода гьоркь багъаричIого дун цIунулеб Цагарги букIана. Гьелъие дир ургъел букIинчIо.

Дица хIалбихьана гьелдаречIчIизе бакъвараб гIаркьел балагьизе. Цо цIакъго гьитIинаб, пайда гьечIеб жо щвана кодобе. Дица гьеб Цагариде рехун ана. Амма гьелъул кинабгIаги пайда ккечIо. Цагарица кIохIалго бетIер гьанкIана ва нахъойги гьеб жиндирго квачIазда тIад бетIерги лъун чIана. Хадуб дида батана цодагьаб биццараб гIаркьел. Гьебги ана дица гьойде хьвагIун. Гьеб гьелъул габуралда щвана. Цагарида гьеб квеш бихьана. Гьеб щцидалго гьулгьудана. Щиб гьабилеб? Циндаго дида гьотIол кIиго гIаркьалида гьоркьоб къараб гамачI бихьана. Кин гьеб гьенибе ккарабали лъаларо, амма дун цIакъ вохана гьеб бихьидал. ХIинкъадго, гьотIодаса гьоркье вортизе гурилан, дир кверал ганчIиде гIунтIана. Цин дица гьеб щулаго кодоб ккуна, цинги, ишанги босун, Цагариде хьвагIун ана. ГамачI гьведул рачIалда щвана. Унтиялъищ лъаларо, ялъуни ракIалдаго гьечIого рачIчIалде тIаде бортун бачIараб гамачIалъ тIуркIизабунищали лъаларо, Цагар кIанцIун тIаде бахъана, цинги нахъе-нахъе балагьулаго, добегIан ана.

Дун гьотIодаса гьоркье кIанцIана. БецIулъун букIаниги, дида хехго ратана хIатIаздаса роpтарал хьитал. Цинги дун хIинкъадго парччиялде аскIове вилълъана. Гьеб кодобе босана. ТалихIалъ парчи бекун гьечIоан, амма лъим гьелда жаниб бащдаб хутIун бугоан. Рокъове тIадвуссине нухдехун гали босулев дида цебелъун бихьулеб букIана клубги, гьенире ракIарарал гIадамалги. Циндаго гьениб чирахъ свинабуна ва кино байбихьана. ГIедегIун нухде вахун унев дида рагIана вехьасул пештIолеб гьаракь. Дир ракI гIодобе биччана. Цагаридаса букIараб хIинкъи тIагIана. «Нагагь кIудадаца гьикъани щай парччиялъуб бащдаб гурони лъим гьечIебилан, дица абила данде ккаралщиназ гьекъезе гьарун, кьезе кканилан. Гьеб мехалда гьев диде вагъизе гьечIо…» – ян пикруги гьабулаго, дица росулъехун балагьун гали гIедерго босана.

* * *

…Цойги бокьун буго нужее бицине, генугьотIол бицунаго, гьелъул мадугьалзабазул – цIунцIрабазул.

Цо чанго галиялъ гьотIодаса рикIкIада букIана кIудияб цIунцIрабазул гохI. Нилъеца – гIадамаз абун тола гьелде гохIилан, амма цIунцIрабазе гьеб буго кIудияб шагьар. Гьеб шагьаралдаса рахъ-рахъалде уна чанго нух. Гьел нухал уна цогидал цIунцIрабазул гохIазухъе. Дица кидаго гIажаиблъи гьабулаан цIунцIарбазухъги гьезул хьвада-чIвадиялъухъги балагьун.

Бицинин нужее дир гьитIинав вацасулги цIунцIарабзулги ккараб «лъай-хъваялъулги» хIакъалъулъ. Нижер хъизан доб къоялъ хуриб картошка бахъулеб букIана. Генул гьотIода гьоркь жоги тIамун, гьенив мугъалдаги вегун, жиндирго соска цIункIулев вукIана бищун гьитIинав нижер Рамазан. Цогидал лъимал гьенир сверухъе расандулел рукIана. Сасараб гьороца шуршудизарулел рукIана тIанхалги херги. АхIи-хIуралда расандулел рукIарал

лъималазда цо лахIзаталъ кIочон тана Рамазан. Гьев абуни, хьибилалдехунги тирун, хъурщунго хъурщун гъотIодаса рикIкIалъана. Циндаго балагьидал, гъотIода гъоркь нижеда гьев ватичIо. Ниж рихха-хочана, гьев валагьизе лъугьана.

– Нилъер Рамазан цIунцIарабаз кваналев вуго! – ян ахIдана гьоркьохъев вац Рустам.

Эбел, гьаракьги гьабун, цIунцIрабазул гохIалъухъе гIедегIана. Щущазе гохIги гьабун, гьелда тIад, чехьалтIеги вегун ватана Рамазан. Гьесул гьумерги, бетIерги, квералги, бохдулги чIегIерлъун рукIана гьесда рекIун чIарал цIунцIрабаз. Гьел ццидахун рукIун ратилаха гьитIичиде, гьединлъидал гьез рахIму-цIоб тун хIанчIулеб букIана гьесда. ГIодулев Рамазанги вукIана. Эбелалъ, елъанхъулаго, хапан вас кодове восана. Хадур гьезухъги ралагьун нижееги щвана гIураб кеп.

Анлъго сон барав Мухтарица, тIилги кодобе босун, цIунцIрабазул гохIалда щвезабуна:

– Щай нужеца нижер Рамазанида хIанчIараб? – иланги абулаго.

– Мухтар! – ян гьаракь гьабуна гьесде кIудадаца, – те дуца гьеб цIунцIарабазул гохI, Рамазан живго хъурщана гьезухъе, гурони гьез гьесие щибго гьабизе букIинчIо. ХIанчIаниги гьез зарал гьабуларо, пайда гурони, – янги абулаго, гьев михъилъе гьимана.

ЦIалдохъан, дуца киданиги халккунищ цIунцIрабазда хадуб? Нужеда ратулел рукIанищ гьелъул тIогьир къарал тIеренал тIилал, сумал гIучIал? Нижедани гьел гIемер ратулаан. Дир росуцояз абула гьел тIилазде балагьун лъазе кIолин къинай гIадаманлъе вас гьавизе вугев яги ясищали. Нагагьлъун цониги цIунцIра тIилал тIогьибе бахани, гьелъул гIаламат ккола вас гьавизе вугилан, тIогьибе цониги бахинчIони – яс гьаюлилан.

Цо нухалда нижер хурибе борчIараб бече нахъе къотIизе арав дун, рокъове тIадвуссунаго, цIунцIрабазул гохIида аскIосан ине ккана. Дир эбелги йикIана доб мехалда лъимер гьабизе хIадурлъулей. Дие бокьана лъазе дир вацищ вукIине вугев яги яцищали. ЦIунцIарабазул гохIилъ цо бицатаб гIадаб сумал гIучIги къазабун, халккун чIана дун. Дорехун-гьанирехун рекерахъдулел цIунцIрабаз кIварцин гьабулеб букIинчIо дир гIочIол. ГIезегIан мехалъ чIезе ккана дун гьенив. Бохдул свакан рукIана. Ахир-къадги цо гIемер кIудияб гьечIеб цIунцIра, гIемер ургъичIого, тIадагьаб рилълъиналда, тIогьибе харана. Дун, гIемер мехалъ вахъун чIун свакарал махIабиги лъулъалаго, вохуца холаго росулъехун векерана.

ЦIунцIраца гьереси бицинчIо. Цо моцIгин бащдалдаса дир эбелалъ гьавуна вас – Рамазан.

* * *

Гьанже, дир хириял цIалдохъаби, нилъ нахъойги тIадруссинин доб нижер хурул ссанда бугеб генул гъотIохъе. БукIана цо гIажаибаб гIаламат: чан нухалда ниж гьеб гIезегIанго кIудияб гъотIодаса гъоркье ротарал, дунгоги вортана цо чанго нухалда, амма цониги нухалда, нижер цонигиясе кинабгIаги зарал ккечIо: рукь бекичIо, махIу бекичIо, бетIер ялъуни гьумер кьабичIо.

– Нилъер генугъветIалъ нилъ цIунулел руго, гIажаибаб баракат букIун буго гьалъулъ, – ян абулаан эбелалъ.

– Гьебни битIарабха, – ян разилъулаан кIудада, – амма кин букIаниги цIодорлъи гьабизе ккола…

Цо къоялъ рагъида гIодорги рукIун чай гьекъолел рукIана ниж.

– Нилъер генул гъветI бухIулеб бугин ккола! – ян гьурмал кьерги тIун, рагъиде екерун ячIана эбел.

– Кинаб генугъветI? – ан циндаго бичIчIичIо инсуда.

– Нилъер хурул ссанда бугеб…

Эбелалъул ахирисеб рагIи рагIарабго, ниж киналго, гIисиналги чIахIиялги, цоязда хадур цоял хурире рекерана.

КIкIуйдуца тIубанго бахчун букIана гъветI. Нижер мадугьал Аслимица бакун батана гьеб цIа.

– Гьалъул магIна щиб?! – ан цIакъго ццидахун абуна инсуца.

Гьес хIатIица щущазабулеб букIана добехун-гьанибехун цIа.

Гьелъ цIобтун бухIулеб букIана аскIоб бижараб бакъвараб хер, гьединго лъикIаланго рухIун ругоан генугъотIол гъоркьияб рахъалда ругел гIаркьалабиги.

Гьеб параялъ аскIое щвана эбелги.

– ТIубанго яхI-намус тIагIун буго гIадамазулъ, – ян къварилъахъдана гьей.

Балагьараб мехалъ, генугъотIол битIахъе ракI гурхIараб хIал букIана.

– Рорч1ами! – ян щибго лъугьинчIеб гIадин нижеда аскIове щвана мадугьал Аслим.

– Дуца гьабулеб щиб? – ан ахIтIана эбел гьесде, данде жавабги кьечIого.

– Щиб ккарабжогIаги? – ян гIодове виччан гьикъана гьес.

– Дуца нижедайищ цIехолеб бугеб, Аслим?! – эбелалъул сабру тIагIунеб букIана.

– ГIела, гIела, – ян гьоркьойкъотIизаюна гьес дир эбел. – Гьаб гъветI нужерго гIадин, бащдаб дирги кколелъулха. Гьеб кIочонге нужеда, – ян хъачIлъана Аслимил калам. – Дир рахъ бухIун батаниги, гьоле балагье гьоре, нужер рахъалда цIа хъванцин гьечIо.

Эмен вуцIцIухIун чIун вукIана. Цинги гьес эбелалъул гъежалда тункана.

– Рилълъа рокъоре…

Гьеб къоялдаса нахъе цо ричIчIуларел, гьабан абизе мухIканлъи гьечIел, лъугьа-бахъинал ккезе байбихьана нижерги мадугьаласулги рокъор. Балагьараб мехалда кинабго букIана цебего гIадин: ниж цадахъ рагъида гIодорги рукIун кваналелги рукIана, махсаро-хочIги букIана, цадахъ хIалтIулелги рукIана, амма цо цебе букIараб ракI-ракIалъулаб аваданлъиги, гьурмазда рохелалги сасана. Хисараб жоги букIинчIо, амма цебе гIадаб бацIцIалъиги рекIелгъейги букIинчIо… Цо кинабалиго тIадагьаб пашманлъи рещтIун букIана.

* * *

Аслим унтун вугилан рагIарабго, гьесухъе раккизе ана дир эменги кIудадаги. Гьев бусада вегун вукIана. Гьесул хIалакълъиялъги, цIакъго босараб гьурмал кьеральги бицунеб букIана, гьес мех базе гьечIеблъи…

– Нуж тIасалъугьа дидаса, – ян гьарана гьес, ракъварал кIутIбузда мацIги бахъулаго, – дица цIакъ гIантаб жо гьабуна доб къоялъ доб цIа баки…

– КIваричIо, Аслим, гьанже гьелъул бицинаро нилъеца… – ян абизехьин вукIарав кIудада гьес гьоркьовкъотIизавуна.

– Йохъ, Жангут, дица гIантаб жо гьабуна… УргъичIого… Чанги ракIбухIана дир доб къоялдаса нахъе. Сахлъиги лъалаго мигълъана, баракатги тIагIана… Васасцин гьабуна бадибчIвай: «Дада, дур ракI лъикIаб гьечIо», – ян абуна гьес дида…

– Дур вас Керим цIакъ лъикIав вас вуго, магIнаяв, иман-яхI бугев бихьинчи лъугьина гьесул, – ян абуна кIудадаца, бусадул рагIалда лъураб, хIалакъаб Аслимил квералда тIад кверги лъолаго. – Иншаалагь, мунги сахлъилев кватIичIого, нилъ цадахъ кьурдилел Керимил берталъ.

– Керимил берталъ кьуридизегIан дун хутIиларо… дие кIиго-лъабго къо хутIун батила… Аллагьасе гIоло, гьарула дуда, Жангут, рекъон рукIа нуж, дир васас дир гIайибазул жаваб кьезе кколаро…

КIиго къойидасан Аслим хвана…

* * *

ГенулгъветI жагъаллъун букIана. Гьеб цебе гIадин гьанже беричго тIегьалебги букIинчIо, гениги гIемер кьолеб букIинчIо.

– КъотIун лъикI гурищ гьанже нилъеца гьаб генулгъветI, – ан абуна цо нухалъ хуриве щварав инсуца пашманго, цо сундаялиго ургъулаго, цин гъветIалъухъ, цин нижехъги валагьулаго. – ТIокIалъ тун гьалъул пайда гьечIо. Цебехун гIадин тIокIалъ пихъги кьолеб гьечIо гьанже гьалъ.

– ГIадамаз щибилан абилеб? – ан гьесухъ ялагьун чIана эбел.

– Щибго абиларо. Нилъеца рокъоб къваригIелалъе хIалтIизабила гьаб…

КъотIи гьабуна бачIунеб ихдал гъветI къотIизе.

Цо къоялъ хурибе кваназе бече бачун арай эбел гIолохъанай ясалъул гIадаб тIадагьаб рилълъиналда, разиго гьениса тIадюссана.

– Нилъер генулгъветI тIегьан буго! – ян ахIана гьелъ болъодухъа тIаде яхунаго.

– Батиларо, гьарин?! – ан гIажаиблъана эмен.

– Унгойищха? – ян разиго цояб рокъоса къватIиве ваккун вачIана кIудадаги.

– Гъоркьиял рухIарал гIаркьалабиги тIогьисаги, тIубанго тIогьолъ босун буго гъветI, – ян абуна эбелалъ.

Дун жеги бусадаго вукIана, гьеб кIалъайги рагIун, дун бусадаса гъоркье кIанцIана ва рагъиде векерана.

Цо чанго минуталдасан дунги кIудадаги генулгъотIода аскIоре щвана.

– ЦIа жанибе, рекIелъе щун букIун батиларо гьалъул, – ан абуна кIудадаца, гьесул гьурмада рукIкIалаби ритIа-рищун ана.

КватIичIого тIаде щвана рокъор хутIаралги.

– Нилъеца къотIизе хIукму гьабидал хIинкъун батилаха гьаб, – ан махсара гьабуна инсуца. Бихьулеб букIана гьев разиго вугеб куц.

…Нижер генулгъветIалъ кинабго хIехьана: цIоройги, бухIиги, цIадги, гьуриги, цIаги… Амма гьеб къуркьичIо. Гьеб бергьана. Нижги чIухIун рукIуна гьелдаса.

Гьанже гьелъ щибаб соналъ гьарзаго кьола нижее жиндирго пихъ. Ва щибаб нухалда хуриса тIадруссун рачIунаго, ниж щола Аслимил хабадеги, тола гьенир лъун цо чанго гениги.

Нижер гьениб гIадат буго...

***Буссинабуна П.ГIАБДУРАХIМАНОВАЛЪ.***

# ГIолохъанал хъвадарухъабазул мажлисалъул гIахьалчагIи

ПатIимат МУХIАМАДОВА



## КIИГО ХЪАХIМИККИ

Дир шигIрабаз дуе
Асар кьечIони,
АхIила дица дуй
БухIулеб ракIалъ,
МахIмудги Муиги
Цоцада лъараб
Лъоб ХъахIабросулъе
Сапарги бухьун.
Гьабила зиярат
Дозул хабаде.
Квералги цере ккун
Гьарила дица:

Нужер ирсилазул
МугIрул яс йигин,
Нужей кьечIеб талихI
Дида батеян.
Мурад тIубаялда
Дир ракIчIей буго,
Дир карандалъидал
Дир гьаб ракI бугеб.
Бицен хутIизе те
Дозул гIадинаб,
КIиго хъахIмиккидул
Мурад тIубараб.

* * *

Рокьула, рокьула дий магIарулал,
Къварилъи борхулел, рохел бикьулел.
Рокьула, рокьула гьезул гIадатал,
Щибаб мегIералда магIна гъваридал.

Зобал гъугъалелъул тIох цIехоларел,
Нужер релълъинго щиб гьал кьурабазда.
Кьолораб чуялъухъ рагIи кьоларел,
Дол умумуздаса, унго, чIухIула.

Тарихги кIудияб, цIарги борхатаб,
Гьаб миллаталдаса йикIун – дир йохи.
Дагъистан кибего рагIизабурал
МагIарул яс яти – дир талихI буго.

*Шамил район, Зивуриб росу.*

**Зайнаб ХIАЖИЕВА**

## УНКЪМУХЪИЛ КУЧIДУЛ

* * *

**Къаси сардидаги сунаро чирахъ,**
**Дун дур хиялазда – урхъараб сагIат.**
**Дир рекIел тIиналда духъ ккараб хIасрат,**
**ХIинкъиялъ къвал бараб талихIаб лахIзат.**

* * *

**Бице дуца дие гьаб рокьул маргьу,**
**Гьелъул гьунар гIолин гIищкъу рагьизе.**
**Абе, дир хирияв, хирияйилан,**
**Хиралъун вугин мун нусабго логой.**

* * *

**АхIе, гьудул, дие цо хIасратаб кечI,**
**Муий МахIмудица ахIараб гIадаб.**
**Абе, йокьулилан, кьалда вугилан,**
**КьечIони, кьурунги яхъизе йигин.**

* * *

**С餌 лугбазе сабаб хъвай, гьудул,**
**Сабру дир рекIее кье дуца, гьудул,**
**Дун гьаб гIазабалда тоге, дир гьудул,**
**ТалихIалъ къалъараб къвал жеме, гьудул.**

* * *

**Дие хинлъи кьечIев, хирияв гьудул,**
**Хвалил гIазабалде щай дун тIамулей.**
**БатIияб росулъа маргьу гIадав вас,**
**МагIил цIезаруна дуца дир берал.**

* * *

**Рокьи духъ ккунилан буго дий гIазаб,**
**ГIагараздагицин гьечIо йичIчIулей.**
**Гьабилеб жого щиб гьаб дунялалда,**
**Дуда бер чIвачIони чIобоголъулеб.**

* * *

**Дун дур пикрабаца квегъулей йиго,**
**Кидаго дун духъе ахIулей йиго.**
**Дур гьаракь рагIизе дун гIащикъ йиго,**
**ГIумругIан ракьалда вокьун вуго мун.**

* * *

**Гьал дир хиялазул хвалилал къасдал Къо**
**бухIиялъ дица хIехьолел ругин, ХIасратав,**
**дир гьудул, дир жавгьар-якъут, Къоял дир**
**гвангъизе щай кIалъаларев.**

* * *

**ГIолиллъул гIужалда дир рокьи ккарав,**
**Дуда халлъулареб гьаб балай кинаб.**
**Гьаб дир гIумруялъул гIолохъанаб жан**
**Жавгьарлъун бищизе щай вачIунарев.**

* * *

**Дир рекIел тIиналда тIегь бижун бугин,**
**ТIогьол сагабазде кверккун яче дун.**
**Дудаса нечеялъ чара хун бугин,**
**Хирияв, бице цо берцинаб рагIи.**

* * *

**Къуръан-хIадисалъул хIукмаби лъала,**
**Лъазего кIоларев мунго кинав чи.**
**Киналго урхъарав малаикищ мун,**
**МакьилъгIаги щайзе дихъе щоларев.**

* * *

**Жакъа вокьулесул кьогIлъани жаваб,**
**Гьереси дие щай, хвелго бокьила.**
**Хинлъи дир рокьуда чIвалеб гьечIони,**
**Гьаб бакъул дуниял дие бецIлъила.**

*Буйнакск район, ЧикIаб росу.*

## ФатIимат ТIАГЬИРОВА



### НИЛЪЕРАБ ЧИЯРЛЪИЯЛЪ

Нилъераб чиярлъиялъ,
Чияраб хиралъиялъ,
Хун лъугIун унел руго
Умумуз кьурал цIарал.

МугIруз куцараб къартIги,
Къадруялъулаб сиги,
Синьоритаби цIикIкIун,
ЦIер гIадин щущан буго.

Шамилил баркатаб цIар
Шомаде сверун буго,
ШафигIасул исмуги
Истильный лъугьун буго.

Мага черный гIадинал
Чанги цIаралцин ругел,
ЦIаруе намус тарал
Умумузул васазда.

ФатIиматгун ГIаишат,
Расуласул Хадижат –
Хадя, Патя, Айкайин,
Инжит гьарун ругел куц.

Киндай хабалъ чIун ругел
ЧIухIарал дол умумул,
Хъурмал-щакъалазухъе
ШаригIатги кодоб кьун.

Лъан букIа, гъаримзаби,
Гъазаватин ахIидал,
Шомаби хIалай рахъун,
ХIал нилъер бохиларо.

Батулил къадру гьечIелъ
Къавулъ яхI баччиларо,
Къо ккедал кьварунги чIун,
Кьурулъан кIанцIиларо.

ЦIикIкIаги нилъеда гъорлъ
Исламалъул бахIарзал,
БахIарчиял умумул
Къулизе гьаруларел.

Къойилго гIемерлъаги
ГIолохъанал гIелазулъ
Иманги, яхI, намусги,
Исламиял цIаралги.

## РАЧIА ЦОЛЪИЗЕ

Килщал данде къанани,
КъвакIараб зар букIуна,
Къаларел кинал данде
Дагъистаниял тIолго?

Жагьлу хIатIикь лъунани,
ХIакъаб бакъалда лъола.
ХIалкъай щай гьабулареб
Шамилил гьал наслабаз?

Намус кепкихъ бичарал
Бечелъунги рихьичIин,
Бичулеб киндай дунял
Дин гьечIел хъачагъаца.

Хъарчигъагун къеркьолеб
Къункъра жеги рагIичIин,
Къаге нуж нахъерехун,
Нахъ заманалъул васал.

РачIа вацлъи цIунизе,
РачIа гьудуллъи кквезе,
РачIа цоцазда гьоркьор
Гьуинго нилъ рукIине.

Гьудулзай чарлъугеги,
Чидакълъи бихьугеги,
Чи тIаде вачIунареб
Къо тIаде бачIунгеги.

*Гъизилюрт район, Нечаевка росу.*

### Саида МУХIУМАЕВА




## РАГЪДА ЧIВАРАЗУЛ ГЪАРАКЬ

Ниж руго гIолилал – рагъда хутIарал,
РикIкIада рукъарал, рокъоре щвечIел.
Ниж руго гIолилал, гIумру тун арал,
Ракьулъги турарал, кIочонги тарал.

Ниж рагъда рилана, хобал тIагIана,
ТIаде бомбаби щун щущазаруна.
Рижи-рижи нижер батIа гьабуна
БетIер тIаса аял дол фашистаца.

Хъизанал хутIана магIил гIор тIолел,
Ниж нахъруссинегIан, рагьдухъ рахъун чIун.

ГIисинал лъималги, дадайин абун,
Азбар бакьулъ щущан, пашманго тана.

Ниж гIемерал руго, нахъе руссинчIел,
Рагъда лъукъаралги дагьал рукIинчIо.
Цо-цо гIакълу гьечIел гIадалал бутIруз,
Чан миллионазул къисматал чIвачIел.

**ДИР РОКЬУЛ КIИГО ГIАРКЬЕЛ**

Дирни рокьул буго кIиябго гIаркьел:
Цо - кьурулъ бижараб, цо - ракьулъ бугеб.
Дир чорхолъан буго чанго бидурихь –
Берда рихьуларел, рекIелъан унел.

Дирни рокьул буго кIиябго гIаркьел:
Цояб - ватIаналъе, цо - гьудуласе.
ГIумрудулги буго цогояб анищ:
Гьеб кIиябго рокьи рекIелъ хутIизе.

Гьеб кIиябго рокьул кIиябго гIаркьел,
ТалихIалъе гIоло гIолеб буго дилъ,
ГIумруги, талихIги, цадахъ сабурги –
Сунареб рокьулаб цIалъун букIине.

*Хунзахъ район, Харахьи росу.*

**Рамазан ХАЛИДОВ**



**ЭБЕЛ**

Хъвалеб буго гьаб шигIру
ГIазизай эбелалде,
Дие гIумру кьуралде,
Дун гIезе гьавуралде.

Гьабулеб буго хIурмат
Бищун дий гIагаралъул,
Гьунар жиндир кIудияй
Хирияй эбелалъул.

ХIалхьи рекIей гьечIого,
Сардал-къоял лъачIого,
Дун гIезе гьавулаго,
ГIумру жинца тIамурай.

Лъималазе гIололъун ЯхI
жиндир чучуларей,
Чармил гIадинаб ракIалъ
Бихьанщинаб хIехьарай.

Рихьуларищ нилъеда
Эбелалъул гьал кверал,
Нилъее дунял гьабун,
Ракъван тIагIунел ругел.

Алжан бокьанщинаца
Гьаре гьелъул адабал,
ТалихI бокьанщинаца
ЩIуне гьелъул къадру-асс.

Я Аллагь, рачIунгеги
Эбел камурал къоял,
Гьабе наку чIван хIурмат
ЧIаго цее йикIаго.

Дун гьитIинав чи вуго,
Дир рагIаби гIеларо,
КIоларо киданиги
Гьелъул тIубан бицине.

## УНГО ГЬАБ РАКЬАЛДА ГУРХIЕЛ ЛЪУГIУНИЩ?

Вай кумек щоларищ, Шамалъул ракь, дуй,
Щущахъ балеб бугин хирияб уммат.
Берал щай къанщулел къиралзабаца,
Гъанкъулеб бугин халкъ бидул хIориниб.

ХIенехI тIаде щвачIел, мусрал жемичIел
Жаназаби рукъун къваридго гIалам.
Аллагь кумекилан, кверални рорхун,
Къойилго гьардолел диналъул вацал.

Унго гьаб ракьалда гурхIел лъугIунищ,
ГурхIуларел щайдай бусурбабазда?
Ялъуни тIубанго иман тIагIунищ,
Исламалъул агьлу инжит гьабулеб?

Рагъул кьогIлъиялъул кьер-кьераб гIазаб
ГIемерал сонаца чIамизе ккарал,
ЧIалгIаде ургъараб сиясияб рагъ,
Сирия, бежула ургьиб гьинал ракI.

ГIакълудай тIагIараб тIадчагIазулъа,
ТIагIунареб кин кьал, кьолел буйрухъал.
ГIорцIичIищ кинго нуж чIегIернартица –
ЧIезе те гьаб рагъ-кьал, кьвагьуге вацал.

Къанабакь улбул лъун, лъай арал лъимал,
ГIазаб кин баччулеб гIисинал тIанчIаз.
Хабалъ лъимал рукъун, гIодулел улбул,
ГIумру кин тIегьалеб гьанжеялдаса.

**Я хирияв Аллагь – халкъалъул МагIбуд,**
**Шамалъул ракьалда ракълил байрахъ чIвай.**
**Балагьал, гIазабал тIасаги росун,**
**ТIагьал хиряб уммат бохизе гьабе.**

*Буйнакск район, ЧикIаб росу.*

**Мадина НУЦАЛХАНОВА**



**ЭБЕЛИН АБУРАБ РАГIУЛ ХIАЛКIОЛЪИ…**

**БахIараб гIумруги лъимадуй бичун,**
**Чанги сардал-къояз кьижичIей эбел.**
**Чорхол хирияб рухI гьезий гIоло кьун,**
**Заман щвелалдего херлъарай эбел.**

**Лъимадуй тIолабго рекIел хинлъи кьун,**
**ХъахIлъи бетIералде рещтIарай эбел.**
**Чохьол лъимералъул сахлъиги цIунун,**
**Унтабаз кIвекIарай гIагарай эбел.**

**Ракъи-къеч лъимада бихьилин хIинкъун,**
**Гьезда хадуй чIарай гIазизай эбел.**
**ГIадамазда гьоркьоб лъикIаб рахъалде**
**Жиндир лъимал цIалей хIеренай эбел.**

**Эбелин абураб рагIул хIалкIолъи**
**ХIалкIолеседа лъала лъидасаго лъикI.**
**Эбелалъул къимат лъаларел лъимал,**
**Алжан гьелъул хIатIикь букIин кIочонге.**

## ЗАМАН ХИСУН ГЬЕЧIО

Дир кIодоца абула
БатIияб мех щванилан,
Сундулго къимат гьечIеб
ГIасру бачIун бугилан.

ХIалихьалъи цIикIкIараб,
ЩIукIаял гIемерлъараб,
ГIадлу гьечIеб замана
РещтIун бугин ракьалде.

Чи чIварасе суд гьечIеб,
Закон гIарцухъ бичулеб,
ЧамгIаллъигун хIалхъублъи
Халкъалъе гьуинлъараб.

ХIайван гIадин чи чIвалеб,
Чилъи долларахъ кьолеб,
Чинал кIудияв хIаким
КъотIнов кьвагьизавулеб.

Халкъалъул гIадлу хвараб,
Хиянатлъи бергьараб,
Бергьарал гIалимзаби
ГIужие росун чIвалеб.

Дин–исламалда гьоркьоб
Рикьалаби лъугьараб,
ЩIар лъезе цIакъ захIматаб
РещтIанин тIаде гIасру.

*ГIахьвахъ район,*
*Изано росу.*





**Шамсият ГIАБАСОВА**

## АНИЩАЛЪУЛ БАГЪА

***(хабар)***

Саният гIолей йикIана кIудияб, аваданаб, лъикIаб, гIадамазе къимат бугеб…амма мискинаб хъизаналда. Гъалъие рухIгIан рокьулаан жиндирго вацалги яцалги, эбел–эменги. Школалда цIалулаан бищунго лъикI, ясалъ киналго щуйилал росулаан. Жийгоги цIакъ берцинай, асилай, разияй, цIодорай, йокьилесей яс йикIана гьай. Амма гьелъул цIакъ ракI бакъвазабулаан хис-хисун ретIизе цIия-цIияб модаялда бугеб хирияб ретIел босизе рес гьечIолъиялъ. ГIемерисеб гьалъ ретIулеб ретIел букIана кIудияй яцалдаса бахъараб. ЧIахIиял классазда цIалулаго ясалъул рекIелъ рещтIана анищ: бечедав васасе росасе ине. Саниятида лъалеб букIана гьеб гIемер тIубазе захIматаб гуреб анищ букIин. Берцинай ва цIодорай яс йикIиналъ, гьай анлъабилеб классалдасаго жиндаго цадахъ цIалулев васасе йокьулаан. Гьалда ракIалде ккана, цо бечедав васасул дихъ рокьи ккезе кколин ва гьес ячине жинца хIаракат бахъилин.

Дагъистаналдаго бищун бечедал ва цIар арал хъизаназул лъимал цIалулеб университет буго ДГУ. Жиндиего хIажатав васасулгун лъай-хъвай ккезе ва гьесие йокьизе жий ДГУялде цIализе ине кколин пикру гьабуна Саниятица. АнцIабилеб классалдаго гьей ЕГЭ цIикIкIарал балазда кьезе хIадурана. ГIемер цIалдана, репититорал ккуна, тIокIаб сундулниги тIалаб гьечIого, ЕГЭялде хIадурана яс кIиябго соналъ. ЕГЭ Саниятица цIакъ лъикI кьуна, цIикIкIарал балалги щвана… Амма ракIалда букIараб ДГУялъул юристазул факультеталде гьай йорчIичIо, гьалъулалдасаги цIикIкIарал балал ругел чагIи гIемерал ратана. Гьеб мехалъ яс лъугьана къватIисел мацIазул факультеталде, щай гурелъул, гьеб юристазул факультеталда аскIоб букIана.

Гьение лъугьиналдаса ясалъул хеккого ракIбухIана. БатIиял мацIазде гьалъул гъира букIинчIо. Юристазул факультеталда цIалулел студентазулгун гьалъул гьудуллъиги лъугьинчIо, гьай рекIее гIурав гIолилавги вахъинчIо. Саниятил анищ бекана ва жиндирго бекараб анищалъул бегIерал кескал жиндир рекIелъ къан ругилан кколаан. ГьедигIан захIмат букIана ясалъе жиндир анищ щущан араблъи.

Лъабабилеб курсалдаса хадуй ясалъ босана заочно. Гьай лъугьана хIалтIуде. Гьадин гьабуни, жиндиего бокьараб босизе рес букIинин пикрабазда йикIана гьей.

Умумузул аби буго: «Анищ сварабго гьеб тIубалин». Гьединго Саниятилги ккана. Гьалъул анищ тIубана, тIубазе гьалда ракIалдаго букIинчIеб бакIалда.

Гьай хIалтIуде лъугьана ретIел бичулеб тукаде. Гьеб букIана хирияб, италиялдаса ва франциялдаса бачIараб ретIел бичулеб тукен. Гьелъул бетIергьан йикIана Барият Арсланалиевна. Щибаб къоялъ рада-радал ячIунаан гьай жиндирго тукада бугеб ахIвал-хIал цIехезе. Гьелъие рекIкIее гIезе ва гьей разилъизе цIакъ захIматаб жо бугин абулев. Саниятие гьей цIакъ рекIкIее гIуна. Бариятги ясалдаса рази йикIана. Бича-хисиялда гьоркьой квер тIадагьай, баракат бугей гIадан ятана гьей. Гьединлъидалин, Барият ясалдаса разияй, йохарай йикIарай. Гьелъ ясалъе сайигъатал кьолаан, учузаб багьаялде гьалъие бокьараб бичулаан.

Цо къоялъ тукаде вачIана гIезагIан жанив цIурав гIолохъанав вас. Гьес абуна: Жив вугин Барият Арсланалиевнаялъул вас, цIарги жинда бугин Марат.

Лъабго къоялдаса Марат вачIана тукаде шоколадалъул плиткаги босун, ва цо анкьидасан Саният хIалтIул къо лъугIарабго рокъое щвезаюна. Цо заманалдаса Марат вачIана тIугьдулги росун, ва Саниятида абуна мун дие цIакъ рекIее гIун йигин, духъ рокьи ккун бугин. Маратица бицана жиндие бугин 27 сон, жив компьютеразул мастер вугин, ва эбелалъе бизнесалда кумекги гьабулин.

Марат Саниятида берцин вихьун вукIинчIо, гьев вукIана гIезагIан жанив цIурав, битIахъе абуни, виццатав, кьарияв. ГIолохъанчиясда гьеб кьаралъи цIакъ рекъон букIинчIо, цо щиб бугониги унти батилинцин кколеб букIана.

Амма Саният ургъана, Барият Арсланалиевналъул бугеб-гьечIеб лъазабуна. Гьелъ жиндирго Маратидехун букIараб рокьукълъи рекIел бищунго гъварилъуда бахчана, ва васасда мунги дие цIакъ рекIее гIун вугин абуна.

Заманго иналде гьабуна кутакаб бертин. Ячана Маратие Саният. Саниятги Маратги гIумру гьабизе рахъана кIудияб, берцинго къачIараб рокъоре. Марат цIакъ лъикIав вас вукIун вуго, ва цIакъ гьай йокьулев, гIамал берцинав, лъадул адаб-хIурмат бугев рос вахъана. Саниятиеги жиндирго рос гьесул берцинаб гIамалалъухъ, жиндехунго бугеб хIасратаб бербалагьиялъухъ, вихьизе сурукъав вугониги, вокьана. ЛъагIалидаса гьавуна гьазие вас, кIиго лъагIалидаса яс. Гьазул цIакъ разияб хъизан букIана, берцинаб, рес бугеб яшав букIана. Буголъиги бизнесги санал анагIан цIикIкIунеб, гIемерлъулеб букIана. Саниятил гьитIинго, школалдаго ккараб анищ тIубан букIана. Заманалдаса хъизаналда лъабабилебги лъимер – вас гьавуна. Гьедин разиго, бечедго унеб букIана хъизаналъул гIумру. Амма халатаб букIун гьечIо Саниятил талихI. Кьурабго гIадин, расги ракIалда гьечIого ана гьалъул талихI босунги.

Саният щалъана жиндир росасул цоги чIужугIаданалъулгун хурхен букIиналда. Гьел пикрабаца цIакъ рахIатхвезабун йикIана гьай.

РукIана байрам къоял. КIудияв вас, гьесие букIана 10 сон, кIодо–кIудадахъ вукIана. Саниятги Маратги гIисинал лъималги рачун паркалде инеян рукIана. Циндаго Маратихъе телефоналъ цо щивалиго кIалъан вачIана, ва гьев къачIа-кIатIан, щибниги лъадудаги бицинчIого, рокъоса ана. Саниятида гьеб захIмалъана, гьай ццидаххана, гьалда ракIалде ккана жиндир рос, цоги чIужугIаданги кIалъан, гьелъ жиндихьего ахIун ун ватилилан. ХантIан кIиябго лъимерги бачун гьай росасда хадуй хал ккveзе къватIие яхъана.

Лъималги рекIинарун, машинаги бачун, гьесда хадуй ана. Жиндирго машинаялдаги рекIун унев вугев Маратида йихьичIо жиндир чIужу, машинаги

бачун, жинда хадуй ячIуней йикIин. Маратил машина МахIачхъала бахун къватIибе ана, заманаялдаса щвана Буйнакск шагьаралде. Гьениб цо къотIноб машинаги тун, кIудияб минаялъул цо подъездалда жаниве тIерхьана. Гьесда хадуй ячIуней йикIарай Саният щиб гьабилебали лъаларого хутIана. Лъимал жидерго гизмаялда рукIана. ГIемер заманго иналде, Марат цо чIужугIадангун подъездалдаса къватIиве вачIана, гьейгун машинаялъув рекIана, ва цадахъ киреялиго ана. Саният жиндирго беразда божичIо. Гьай машинаялъуса къватIиеги яхъун дол рачIарал подъездалде ана. Гьений гьелда гIодой кIусун ятана цо ригь арай чIужугIадан. Гьей чIужуялда цIехана гьадал подъездалъуса къватIире рачIарал чагIи щалилан. Гьей херай гIаданалъ бицана: гьадай йигин жидер яс Эльмира ва элъул рос. Эльмира цIакъай, цIакъ гIадамасе кумек бугей тохтур йигин, амма кIиго лъималги рукIаго росос рехун танин, гьанже гьадав цIияв рос вугин.

Саниятида цindaго жиндир бадиса канлъи анилан ккана. Жий кий йигеяли цо лах1заталъ кIочона. РекIелъ речIчIараб пириялъ гIадин, гьей ригь арай гIаданалъ абурал рагIабаца йиххизаюна. Циндаго гьай машинаялъуе яхана, гьебги бачун ана. Буйнакск тана, Махачкалаялде унеб нухде щвана. Саниятил черх сородулеб букIана, берал магIил цIуна. Гьалда нух лъикI бихьулеб букIинчIо, амма машина цIакъ хъамулеб букIана. Жинцаго гьабулеб жо бичIчIулеб букIинчIо. Лъимал хIинкъун, сихIкъотIун цоцалъ хурхун чIун рукIана.

Циндаго машина свериги босичIого, борхатаб кьурса гъоркье ана. Яс гордухъа къватIие рехана, васасеги кIудиял тунка-гIусиял ккана. Саният хIинкъигьечIолъиялъул подушкабаз хъвасар гьаюна. Саниятица гIемераб заман больницаялда бана. Жиндир лъимал хванин абураб жоялда божизе Саниятица инкар гьабулеб букIана, гьезул хобал рихьизегIан. Гьел хвараблъи бичIчIарабго, гьалъул гIакълу хисана, гьел жинца чIванин, жиндие гьанже тIасалъугьин гьечIин. Гьай кидаго гIодилей йикIунаан. Ахирги Саният ккана психиатриялъул больницаялде. ЧIаго хутIарав вас, гIагарлъи, яги рос гьалъ жиндего раккизе гьенире риччачIо. Гьел рихьаралго гьай чIчIичIчIидизе гIодизе лъугьунаан. Саният гьездаса нечон йикIана, жинцаго гьабураб вахIщияб ишалъ...

***Хунзахъ росу,***
***Сивухъ росу.***

# ГІакълуялъул дандерижи

## Хадуб ругьунлъула

БукІанила мискинал цІакъго ракъараб, бечедал цІакъго гІорцІараб шагьар. Къарумлъиялъул цІар арал бечедаздаса мискинзабазе кумек щвеялдеги кинабгІаги хьул букІинчІила. Гьебго шагьаралда букІанила сверухълъиялдаго цІар рагІараб гІелму-лъай малъулеб бакІги. Гьенир ругел цІалдохъабиги гьезул мугІалимги мискиназулъа мискинал рукІанила. Цо соналъ ракъдаллъиги ккун, хурисан бекьараб жоцин бачІинчІила гьезие. МугІалимги гьесул цІалдохъабиги цІакъго язихъаб хІалалде кканила. Цо къоялъ цІалдохъабаз мугІалимасда гьикъанила, кидаллъизегІан нилъ гьаб хІалалда рукІинелилан.

– КІикъого къоялъ, – илан букІанила гьесул жаваб.

– Хадуб щиб?

– Хадуб ругьунлъула, – ян абунила гьес.

## Балагьалъулъ батараб хвасарлъи

ГІатІидаб ралъад къотІун лъедон унеб букІанила гІемерал гІадамал тІад рекІараб гама. Кин, щиб ккарабали, цо чІинкІиллъиялде аскІобе щвараб мехалъ, гьениб кьурдаги тункун, гама бихха-хочун, щущан анила. Гьеб чІинкІиллъуде харун вачІарав цого-цо чи хутІизегІан, гамида рукІарал кигалго гІадамал ралъдалъ гъанкъанила. ЧІаго хутІаралъухъ Аллагьасе щукру-реццги гьабун, гьев чияс рагІаллъуда хутІарал гамил река-чІинкъарал жал ракъдаллъиялде рахъанила. Ва гІазу-цІадалдасаги, гьури-бакъалдасаги живго цІунизе гьезул хьош гьабунила.

Батаралъуса чІахІ-хер кванан, щваралъуса лъим гьекъон, къаси вегун, къад вахъун, хадуб Аллагьас хъвараб бихьилилан къоял тІамулев вукІанила гьев чи. Цо къоялъ свера-тирун гьав вуссиналде, гІари гІадаб цІаги рекІун, бухІулеб хьошги бугила, зодобе щолеб гІадаб кІкІуйги бугила гьениб.

Гьанже тІубанго талихІ къанин жиндирилан, хьош бухІун хутІараб рохьдодеги кьулун, гІодизе лъугьанила гьев чи.

Циндаго цо гьаракь рагІун балагьидал, бугилаха чІинкІиллъиялде аскІобе гІагарлъулеб цо гама. Векеранила гьелде данде гьадав чи. Гьикъанила гьес гамихъанасда кинин дуда дун гьанив вукІин лъарабилан.

– Дуца бакараб цІаялъул зодобе араб кІкІуялъ, – илан абунила гамихъанас.

Гьеб мехалда бичІчІанила чІинкІиллъуда хутІун вукІарасда цо-цо балагьалъулъги хвасарлъи батулеблъи.

## МацІ буго, ракІ гьечІо

Жиндирго нухккун унеў йикІанила цІакъ берцинай яс. Хъващи рагІун, нахъ ялагьарай гьелда вихьанила аскІове щун гІезегІан куц-рахъ бугев гІолохъанчи.

– Щай мун дида хадув вачІунев? Щиб дуе дидаса къваригІараб? – илан гьикъанила ясалъ.

– Дун дур берцинлъиялъ пана гьавуна. Гьаб сверухълъиго дур нуралъ гвангъизабун буго, – ян гьелъие рецц-бакъ гьабун, дунялалда рукIунелги ругелцин лъаларелги берцинал рагIаби абунила гьес. Ва тIадеги жубанила:

– Гьаб сверухълъиялда ругелщинал ясал дихъ рокьи ккун холел руго, дунин абуни духъ рокьи ккун холев вуго.

Яс дагьаб мехалъ ялагьун чIанила гIолохъанчиясухъ ва абунила:

– Дуда берцинай яс жеги йихьунцин гьечIо. Дир гьитIинай яцалда аскIой чIараб мехалъ дун гьадингояй маймалакалда релълъуна. Гьей ячIуней йиго, гьабго нухккун, дида хадуй. Дудаго унго-унгояб берцинлъи бихьизе гьей ячIинегIан чIа, – илан гIолохъанчиясдаги абун, яс цеехун анила.

ГIолохъанчиги гьей ясалъул гьитIинай яц ячIинегIан гьенив чIанила.

ГIемер мехго бахъилалде йигилаха ячIуней, гIансаги гIунтIун, кIулгIадин къуларай, цояб бох хабалъ лъурай гIадай нусилъе сонал рахарай херай кIодо.

ГIолохъанчи, гьелда берчIварабго, дой ясалда хадув векеранила.

– ГьедигIан берцинай дуца дие гьададигIан кIудияб гьереси бицине бегьилаанищ? – илан гьикъанила ясалда гьес.

– Дуца дие дагьабги кIудияб бицана гьереси, – ян абунила ясалъ. – Дихъ рокьи ккун холев вугиланги абун, мун цоги яс ячIинегIан чIана. Рокьул бицине дур цIакъ пасихIаб мацI буго. Амма рокьи ккезе жеги дур ракI гьечIо.

Гьединги абун, чIаралъув гIолохъанчиги тун, яс цееса тIерхьанила.

## Мун лъикIав гIужихъан вахъина

ВукIанила гIужда чIор речIчIизе лъикIаб махщел бугев чи. Гьебго махщалие гьес ругьун гьарулел гIолохъабиги рукIанила.

Цо къоялъ гьев чияс чIор щвезе кколеб гIужги бихьизабун, гъотIода банила хъарщи. Ва гьикъанила гIолохъабазда щиб нужеда гьаниб бихьулеб бугебилан.

– ГъветIги, хъарщиги, гIужги, – ян абунила цояс.

– ГъветIги, гъотIол гIаркьалбазда чIичIидулел хIанчIиги, бакъги, хъарщиги, – ян цоясги тIаде жубанила.

Лъабабилес абунила дида рихьулел ругин мунги, нижги, гъветIги, хъарщигиян.

Гьединалго рукIанила цогидазулги жавабал.

Цо гIолохъанчи щибго рагIиги абичIого гьез бицунелъухъ гIенеккун чIун вукIанила.

– Мун щай кIалъаларев? – абун гьикъанила гьесда гьадав чияс.

– Лъаларо жакъа дир бераздаса канлъи бо сунищ бугебали, дида хъарщиялъул бакьулъ бугеб чIегIераб тIанкI гурони бихьулеб жо гьечIо, – ян абунила гьес.

– БитIараб буго, чIор щвезе кколеб тIанкI гурони, цоги жо бихьизеги кколаро, – ян абунила чIор гIужда речIчIун ругьунав чияс. – Гьал цоял лъаларо, амма мун лъикIав гIужихъан вахъине вукIиналда дир ракIчIола.

## ЛъикIлъи кIочене бегьуларо

МугIалимас, жиндирго цIалдохъабазе кьолел дарсал дуруслъизе, гьезда гьел лъикI ричIчIизе, щибаб нухалъ гIумруялдаса мисалалги рачунаанила. Цо къоялъ гьес гьадин бицанила:

– ВукIун вуго ракIал журарав кIиго гьудул. Гьоркьоб щиб букIарабали, тира-сверизе къватIире рахъарал гьел, дагIбадизе ккун руго. ЦIакъго дагIба боркьидал, цояс дандиясул гьурмалъ хъат бан буго. Гьесги данде кверцин багъаричIого, салуда тIад хъван буго «гьудулас жакъа дир гьурмалъ хъат бана» илан. Тира-сверулаго гьел щун руго гIурул рагIалде. ХIукму ккун буго гIурулъ чвердезе. Цо заманалдаса дов гьудуласул хъат гьурмалъ щварав карачелаз вачун лъадалъ гъанкъизехъин вукIун вуго. Гьудулас хвасар гьавун вуго гьев. Гьеб мехалда гьес гIурул рагIалда букIараб кIудияб ганчIида рикIун руго гьадинал рагIаби: «гьудулас жакъа дун хвасар гьавуна».

Гьеб хабарги бицун мугIалим, гьезие кинаб асардай гьабунаян балагьун чIанила цIалдохъабазухъ.

Заманалдаса цо цIалдохъанас гьикъанила:

– Кинаб насихIатха, мугIалим, гьеб биценалъулъ бугеб? – илан.

– Гьудуласухъа ккараб гъалатI, салудаса гьороца доб хъвай-хъвагIай гIадин рекIелъа бацIцIине ккколин, гьабураб лъикIлъи, доб ганчIида рикIарал рагIаби кинигин, кидаго кIочон тезе бегьуларин абураб насихIат буго гьеб биценалъулъ, – илан цIалдохъаби кантIизе суалалъе жавабги кьун хабар къокъ гьабунила мугIалимас.

## Бищун кIудияб талихI

ВукIанила лъикIаб ресалда вугев цо чи. ВачIанила гьесухъе цо къоялъ кьварун вакъварав мискинчи ва абунила Аллагьасе гIоло дур бечелъиялъул бащадаб жиндие кьеян. Аллагьасе гIоло кьелиланги абун, гьадав чияс мискинчи мурадги тIубан витIанила.

Гьоркьоб цодагьаб заман арабго, гьединавго цоги мискинчи вачIанила дов чиясухъе. Гьесги гьадабго куцалъ, Аллагьасе гIоло, дур бечелъиялъул бащалъи жиндие кьеян абунила. Аллагьасе гIолойин абулеб бугелъул, хутIараб буголъиялъул бащалъи гьесиеги кьунила дов чияс.

Цо къоялъ лъабабилевги мискинчи щванила дов чиясухъе. Гьесги абунила, Аллагьасе гIоло, дур рокъоб бугеб кинабго магIишат жиндие кьейилан. ХутIарабги жоялдаса ватIалъизе кигIанго захIмат букIаниги, Аллагьасе гIолойилан абулеб бугелъул, тIубазе кканила гьесулги мурад.

Киндай гьанже жинца гIумру гьабилаян кIудияб ургъелги тIаде бегун вукIаго, вачIанила гьесухъе гIадамасул сураталда малаик ва абунила, Аллагьасе гIоло дуца дол мискинзаби рази гьаридал, Аллагьас дур бокьараб гьари тIубазе бугин, бицейин дурго мурадин.

Щиб Аллагьасда гьарилебали ургъизе цо къо кьезе бегьиларищан абунила гьев чияс. ЛъикI бугин дун метер вачIинилан анила малаик.

ГьебсагIатго гьадав чи анила сверухълъиялда цIар рагIарав гIакъиласухъе, щибдай Аллагьасда гьарун лъикIилан гIакълу данд базе.

ТIаде гьобол вачIаравго, дов гIакъилас чIужуялда абунила нижее кваназе хъарпуз босейилан. БачIанила гьелъ хъарпуз. Гьеб лъикIаб гьечIин, цогияб босейин абунила росас. Цоги хъарпузги босун ячIанила гьей. Гьабги лъикIаб гьечIин, батIияб босейин абунила росас. БачIанила лъадуца цоги хъарпуз.

Гьеб заманалда гIакъиласе гьадав чияс щибго гьоркьоб течIого жиндирго кара-тарабги, хадубго гьесухъе вачIиналъе гIиллаги бицанила.

– Дуда гьаниве жаниве лъугьаралдаса дир рокъоб батIияб цIияб жо щиб бихьараб? – илан гьикъанила гIакъилас.

– БихьичIо гьаб абун бицинегIадаб жо, – ян дов чиясги абунила.

– Балагьея, гьудул, – ян абунила рукъалъул хважаинас, – нижер къавулъ цо гурони хъарпуз букIинчIо, чан нухалъ нахъюссун йитIаниги, калам тун, щибго хIал лъазе течIого, гьадабго хъарпузги босун ячIана дир чIужу. Гьединай йиго гьей цоги хутIанщиналъеги. Дир хIисабалда, дунялалъул рокъоб чиясул бищун кIудияб талихI буго иман-яхIги сабру-гIаданлъиги бугей чIужугIадангун гIумру гьабизе щвей.

ГIакъилас бицаралдаги разилъун, гьесие баркалаги кьун, метер малаикгун дандчIвайдал, Аллагьасда щиб гьарилебалиги мухIканлъун, рокъове тIадвуссанила гьадав чи.

## Мун битIараб нухда вуго

ВачIанила гIолохъанчи гIакъиласухъе ва гIарз бахъулеб гIадин абунила:

– ХIурматияв мугIалим, дица кидаго хIаракат бахъула гIадамалгун лъикI вукIине, щивав чиясе дидаса бажарараб кумек гьабизе. Амма гIадамазин абуни дун гIабдаллъун рикIкIуна, гьел дида тIад релъанхъула. Гьеб кинабго хIехьезе дие цIакъ захIмат буго. Гьабе дие кумек гIумру хисизабизе, гьаб гIазаб-гIакъубаялдаса дун ворчIизе.

ГьабсагIат дун дуде регIун гьечIин, дица тIубазе кколеб цIакъ кIвар бугеб иш бугин, гьелъие кумек гьабуни, дур мурад дицаги тIубалин абунила гIакъилас.

– ЛъикI буго, – ян абунила гIолохъанчияс, гьав чиясги жив хIалевго гьечIилан ракIалдеги ккун.

ГIакъилас жиндирго килщидасаги бахъун, гьесухъе баргъичги кьолаго, абунила:

– РекIун чугун мун гьабсагIат базаралде а гьаб баргъич бичизе. Амма лъица щиб абуниги, меседил гъурущалдаса гIодобегIанаб багьаялдеги кьоге дуца баргъич.

Анила гIолохъанчи чуги рекIун базаралде баргъич бичизе. ГIолохъанчияс багьа бициндал, гьелъухъги балагьун цо-цоял кьурун руссанила, цогиял релъанхъанила. Цого цо ригь арав базарганас абунила, гьаб баргъичалъухъ пахьул гъурущ гурони лъицаниги кьоларилан, цIакъго сахаватав чи дандчIвани, гIарцул гъурущги кьезе бегьулилан.

ЦIакъ ракIбакъван щванила гIолохъанчи гIакъиласда аскIове. Биценила ккарабщинаб гьесие. ГIакъилас гьесие ракI-макIги гьабун абунила, гьанже мун гьебги босун месед-гIарацалъул устарасухъе айин баргъичалъул багьа лъазабизейин. Аммахайин, кигIан гIемераб гIарац гьес кьуниги, гьесие баргъич бичугейин тIадеги жубанила.

Анила гIолохъанчи, месед-гIарацалъул устарасухъе. Гьес, чIахIа гьабулеб цIералдаса балагьун, бега-битIизабун, лъикIалан заманаялъ хал-шал гьабунила баргъичалъул. Цинги цIадирабаздаги лъун цIанила ва гIолохъанчиясда абунила:

– Дида гьабсагIат дуе гьаб баргъичалъухъ лъабкъого меседил гъурущ гурони кьезе кIоларо, цо анкьалъ дуца яхI гьабуни, лъабкъоялда анцIгоги кьела. Жакъа дихъ гьединаб гIарац гьечIо, – ян.

ЦIакъ воханила гIолохъанчи. Амма баргъичалъул бетIергьанас кигIан гIемераб гIарац кьуниги бичугеян абун букIиндал, устарасе баркалаги кьун, тIадвуссанила.

Биценила гІакъиласда жиндирго гьеб сапаралъулги хІасил.

– Гьелеха, дир гьитІинав вац, – ян абунила гІакъилас. – Базаралда дуе гьаб баргъичалъухъ пахьул гъурущ гурони кьолеб букІинчІо чан чиясулгун даран гьабизеян мун лъугьаниги. Кьолеб букІинчІо, щай гурелъул, гьезда баргъичалъул хІакъикъияб багьа лъалеб букІинчІелъул. ХІакъикъияб багьа гьелъул чІезабизе кІолев устарасин абуни, баргъич меседил лъабкъоялда анцІго гъурщидеги босулеб букІана. Гьедин букІуна гІумруялдаги. ГІаданлъи-яхІги намус-иманги бугел гІадамал ричІчІулел чагІиги цІакъго дагь гурони рукІунаро, нусгояздa гьоркьор цоцин ратуларо. ГІемерисез гІаданлъи гІадаллъилъун рикІкІуна, иман-яхІ тохлъилъун тола. Гьединлъидалин дуе гІумруги бакІлъун бугеб. Амма мун битІараб нухда вуго. КигІан захІмат букІаниги, хІехье, гьеб нухдасан таруге. Кида-къадги дуда дандчІвазе руго гІемеразда гьоркьоса дагьал рукІаниги, мунго гІадал сахал гІадамал. Гьеб мехалда дур гІумруги бигьалъизе буго.

## МаслигІаталъе сабаблъараб мисал

РукІанила данделъараб къоялдаса дагІба-рагІи къотІичІел рос-лъади. ЛъагІел данде сверилелде цоцазда хІехьезе кІвеялдаса ун, ратІалъиялде кканила гьезул иш. Жакъа-метер ригьин биххизеян рукІаго, росасда рагІанила, кивалиго вугин цо гІакъилав чи, кигІан кІудиябги дагІба-рагІи, рагъ-кьал маслигІаталъул нухде бачун, тІубазабизе кІолев.

Абунила гьес лъадуда, ригьин биххизегІан цебе цо гьев чиясухъе рилълъун лъикІин нилъ. Амма гьей чІанила дие мунги дур гІакъилги къваригІун гьечІин, гьаб жакъаго жинда цІар тІамейин. Росас лъикІаб бицунги, вагъун–семунги ахирги рази гьаюнила чІужу гІакъиласухъе йилълъине.

ГІемераб нухги нахъа тун, свакан татуги хун щванила гьел гІакъиласухъе. Мун сахай йикІараяни гьаб къо дида бихьилароанин рос лъадуде ахІданила, дур баракат гьечІолъиялъ чІван лъунин дунилан росасдеги семулаго, чІужу гІоданила. ГІакъилин абуни, гьезул ахІи-хІур жинда рагІулебго гьечІеб гІадин, гІодове виччан гьимулев вукІанила. Цинги, гьезул дагІба-рагІи гІодоцараб мехалъ, гІакъилас рос-лъади цо кІудияб рокъоре рачанила. Бугилаха гьениб рукъ бакьулъ кІудияб столги, столалда тІад махІалъго гІорцІилеб гІадаб тІагІамаб квен жаниб бугеб кІудияб хьагги. Столалда сверун гІодор чІун ругила, кьерхинарун гьурмалгун, анкьго бихьинчиги анкьго чІужугІаданги. Гьезул щибазухъ ругила цІакъ халатал гъудалги. Регьулила гьез хьагинире гъудал, рачІунила гьел кунеб жоялъулги цІун, амма гъудазул халалъиялъ лъихъаго бажаруларила квен жиндирго кІалдиб лъун. ХІасил-калам, холесги кваналеб гІадаб тІагІамаб кванида нахъа гІодорги чІун, ракъуца холел ругила гьел гІадамал.

Дагьаб мехалъ гьезухъ балагьизеги тун, гІакъилас рос–лъади цогидаб рокъоре рачанила. Бугилаха гьенибги добго гІадаб кІудияб столги, столалда тІад махІалъул берцинлъиялъ ракІ тамахлъулеб гІадаб квенги жаниб бугеб кІудияб хьагги. Столалда сверун гІодор чІун ругила доб цояб рокъорго гІадин кодор ккун халатал гъудалгун анкьго бихьинчиги, гьедигІанго руччабиги. Амма гьел ругила цІакъ рази-ракиго, хабар-кІалалда, махсаро-хочІалда.

Регьулила гьезги хьагинире гъудал. РачІунила гьел тІагІамаб кванилги цІун, бихьиназ руччабазул кІалдиб лъолила жиде–жидер гъудазухъе бачІараб

квен, руччабазги бихьиназул кIалдиб лъолила. Гьеле гьедин кванил лазат босулел ругила гьел гIадамал.

Рос-лъадуда кинабго бичIчIанила. ГIакъиласе баркалаги кьун гьел рокъоре тIадруссанила. Гьелдаса нахъе, росас лъадуе кумек гьабун, лъадуца росасе квербакъун, доб цебесеб ахIвал-хIалги цебего кIочон тун, лъималазул рукъги цIун, гьаб жакъаги гIалам бахилаб гIумру-яшавалда ругила гьел.

## Дарслъун хутIила

Сапаралъ унел рукIанила цо херав, цо гIолохъанав – кIиго чи. Циндаго гьезда вихьанила, гIетIуда восун, хур бухъулев цо чи. Нухлулал рихьизе регIараб хIалги хIалтIул бакIлъиялъ гьесул букIинчIила. Нухлул рагIалда, хурул ракьанда ругоанила гьесул тIутIу-хъухъурал, басриял чарухъалги.

ГIолохъанчияс абунила, нилъ рихьулеб хIалги гьадав чиясул гьабсагIат гьечIин, рачIайин досул гьал чарухъал рахчизеян. Гьел ралагьулев гьесда хадуб халккун нилъееги кеп букIинин.

Херас абунила, жинда берцин бихьулин дов чиясул хьитазда жаниб гIарацги лъун, щибдай гьеб батидал гьес гьабилебали, рахчун халкквезеян.

Гьабизеги гьедин гьабуна.

Хурги бухъун лъугIизабун, рокъове инеян хьитал ретIизе вачIанила гьадав чи. Босанила кодобе цояб чарухъ. Бугила гьелда жаниб гIарац. Гьабго щиб хIикматилан гIажаиблъанила гьев чи. Босанила цоябги чарухъ кодобе – гьелда жанибги бугила гIарац. Гьаб жо макьуцин гуребдайилан, щибго бичIчIуларого, дагьаб мехалъ хаган хутIанила гьев.

Хадуб гьеб макьу гуреб, хIакъикъат букIин бичIчIидал, чвахулаго бадиса рохалил магIугун, Аллагьасе рецц гьабунила гьев чияс.

– Я, БетIергьан Аллагь, Дуе рецц буго, Дуца хвасар гьавуна дунги дир хъизан-лъималги. Жакъаги кваназе жо щвечIебани, ниж ракъун хвелаан.

Зодихъе квералги ритIун, гьев чияс Аллагьасе гьабулеб щукруги, гьесул бадисан чвахулеб магIуги бихьидал, гьелъ асар гьабун гIолохъанчиясулги бадиса магIу кIанцIанила. Гьесухъ валагьун херас гьикъанила:

– Дов чиясе къварилъиги гьабун, гьесда тIад велъанхъидай лъикIаб букIинаан дуе, яги гьабсагIат дуда вихьулев къагIидаялъ дов вохизавийищ лъикI ккараб? – илан.

– Баркала гIакъилав чи, – ян абунила гIолохъанчияс. – Жакъа ккараб гьаб лъугьа-бахъин дие гIумруялъего дарслъун хутIила.

## Баркалаялъухъ гуро лъикIлъи гьабизе кколеб

ВукIанила цIакъ гIакъилав цо мугIалим. Гьесул гIемерал цIалдохъабиги рукIанила. Гьездаса цо цIалдохъанасда ракIалде кканила мугIалим, лъикIаб квен-тIехги гьабун, гьоболлъухъ ахIизе. Разилъанила мугIалимги гьесул пикруялда. ВачIанила гьев ахIараб къоялда. ХIанчIил рахьгицин, камураб жо гьечIеб бечедаб стол хIадур гьабун бугоанила гIолохъанчияс мугIалимасе. Квана-гъанан вахъаравго, мугIалим къватIиве вахъанила, жиндирго цIалдохъанасда щибго рагIиги абичIого. ГьадигIан лъикIаб гьоболлъи гьабураб мехалда баркаланиги кьечIо дие гьав чиясилан ракIалде кканила гIолохъанчиясда.

КъватIиб цIад балеб букIанила. ЦIалдохъанас мугIалимасухъе ботIрода тIад кквезе чадир кьунила. Гьеб мехалдаги гьес щибго абичIила. ГIолохъанчиясда ракIалде кканила мугIалимасухъе рокъове щвезегIан рекIине инсул чу кьезе. Гьеб мехалданиги гьес жиндие баркала кьелилан ракIчун букIанила гIолохъанчиясул. Амма мугIалим щибго абичIого, чодаги рекIун анила.

ГIолохъанчиясул рахIатхванила. Гьабщинаб лъикIлъи дица гьабураб мехалда баркалаян абураб рагIиниги абичIин гьадав чиясилан мугIалимасда цIакъ ракIхванила гьесул.

ЦIад къотIарабго, чуги бачун, чадирги босун гьесухъе мугIалимасул вас вачIанила. ГIолохъанчияс гьесда гьикъанила инсуца щиб букIаниги абунищан. АбичIин букIанила гьесулги жаваб. Гьеб мехалда мугIалимасда цIакъ ццим бахъанила гIолохъанчиясул. ГьадигIан баркала лъаларевгийищ гIадан вукIуневин гьалаглъанила гьев. Гьадав чияс малъараб жоги щайин, рес ккарабго хIакъаб рагIиги абун, тIокIав досда цеве цIализе инарин хIукму кканила гьесул.

Кканила цо къоялъ гьединаб рес.

ЦIалдохъанасул бадибчIваялъухъги гIенеккун, гьев кIалъан лъугIаравго, гIодове виччан мугIалимас абунила:

– Дур гIаданлъиялъухъ баркала кьезе лъаларого гуро дун вукIарав, дир гьитIинав вац. Дица гьеб дидаго жанисан, рекIеца чамго нухалда кьуна дуе. Гьабщинаб заманаялъ дида цеве цIалулевги вугелъул, кIалалъ абичIониги, дуда гьеб бичIчIун батилин, дир дарсал дуца росун ратилин вукIана дун. Гьединлъидал, ургъунго тун букIана, рагIизабун, дуе баркала кьечIогоги.

Гьеб цо.

КIиабизеги, дир гьудул, чияс гIадамасе лъикIлъи баркала яги гьелда рекъараб рецц-цIар щвезелъун гуреб, ракI-ракIалъго гьабизе ккола. Гьедин гьабураб лъикIлъиялъухъ чиясе Аллагьасул рахъалдасан кириги щола, Гьесул баракат камунги хутIуларо. Гьебги букIана дица дуеги цогиязеги кьолел дарсазда жаниб лъураб магIна. Балагьараб мехалда дуе гьел дарсазул пайда ккун бихьуларо.

Гьединги абун, кьезе жаваб батуларого, пикрабалъ гIолохъанчиги тун, вахъун нахъе анила мугIалим.



# Гьабги, добги, добцоябги

### БАКЬАГЬЕЧІИСА ГЪАЛБАЦІХІАЖИЛ МАХСАРАБИ

*БакьагьечIиса ГъалбацIхIажи вукIун вуго хIежги борхарав, диниял парзалги мухIканго тIуралев, кIал пасихIав, махсаро-хочI гIемерав чи. БетIербахъиялъе гьабулеб гIиси-бикъинаб даран-базарги камулеб букIун гьечIо гьесул.*

*Гьавун вуго ГъалбацIхIажи 1883 соналда. Гьабун буго гIезегIан соназ росулъ дибирлъиги. МагIарул росабалъ гьев лъалев вукIун руго гьудул-гьалмагълъи гIемерав, рагIи-калам бегIерав чи хIисабалда. Хун вуго гьев 1974 соналда.*

*ГъалбацIахIажил ккарал цо-цо кепал лъугьа-бахъинал руго гьал.*

### НАХЪЕ ВИТІАНАХА

Жиндирго къваригIелалъ ГьоцIалъе щварав бакьагьечIисесда годекIанив вукIарав цояс гьикъун буго:

– ГъалбацIхIажи щиб гьабулев вугев? – илан.

– Хванагури дов, – илан махсаро гьабун буго гьев гIоркьилас.

Нахъисеб къоялъ, ГъалбацIхIажил зигара гьабизе хIарисезул хьундаса къокъид нухалъ вачIунев гьоцIалъесда данде ккун вуго, цере хIамулги къотIун, вачIунев ГъалбацIхIажи. Виххун ккарав гьес:

– ВахI, ХIажи, мун хун гурищ вукIарав? – илан гьикъун буго.

– Хун вукIана, амма гьал хIамузул гIадлу гьабизе чи гьечIилан нахъе витIанаха, – абун жаваб кьун буго ГъалбацIхIажица.

### ГЪАЛБАЦІХІАЖИГИ ХЬИТАЛГИ

Цо нухалъ, Шурагьиве унаго, ГъалбацIхIажи сордо базе жиндирго гьобол Хасайида ТIасажунгуталда рещтIуна. Гьобол, гьабизе кколеб хIурматги гьабун, квана-гьекъезеги гьавун, къаси нахъарокъов вегизавула.

Радал вахъаравго, рогьалил какги бан, гIодов чIарав ГъалбацIхIажил пикраби рукIуна басралъун, тIутIун арал хьитазда нухда вахъиналде щибдай гьабилаян. Циндаго гьесул бер речIчIула горда тIад лъун рукIарал рукъалъул бетIергьанасул цIиял хьитазда. Гьанже лъана гьесда гьабулеб жо. Циндаго, тIадеги вахъун, босун жиндирго тIутIураб цояб хьит гьоболасул азбар тун къватIибе, къелракьанда бижараб мичIчIилъе рехун уна. Цоябилан абуни, азбаралъуб бугеб гьвел рукъалда цебе речIчIула. Радал кваназе вахъаян гьобол вачIиндал, ГъалбацIхIажи жиндирго «хьитал» ралагьизе лъугьуна. Гьоболасдаги ургъел чIвала, рагъидеги вачIун, гьесул басриял хьитал росулев чи щив вукIуневан. Гьвел рукъалда цебе цояб хьит батидал, гьобол квешго вагъула гьведе. КигIан гьелде вагъаниги, мичIчIилъе рехараб хьит кодобе щвечIелъул, цохIо хьитги ретIун гьобол Шураве витIизе бегьилищ? Кьола гьесухъе ретIине горда лъун рукIарал жиндирго цIиял хьитал. ХIажица рагIи кьун букIуна жиндиего цIиял хьитал росаралго, гьоболасул хьитал ТIасажунгуталде ритIизе. Уна къоял. Шурагьиб жиндирго къваригIелги

тIубан, тIад ретIухъе гъолго хьиталгун, довго гьоболасухъе ТIасажунгуталде щола гьев нахъеги. Хабар-каламалда гьоркьоб гьоболас ракIалде щвезабула:

– Мун кьотIуе хилиплъанагури, ГъалбацIхIажи? Хьитал рачIинчIогури дуца? – ян.

– Валлагь вац, Хасай, доб къоялъ ТIасужунгуталде унел файтончагIазул цо чангоясда гьарана дица гьал хьитал духъе кьезе росеян. Амма гьез дун гIад-хочI гьавуна. Мун гIадав чияс ретIарал хьитал ретIунев чийищила жидер Хасай вугеван.

Хасайие гьел рагIаби цIакъ рекIее гIола ва чанго нухалъ тIамула гьобол гьел такрар гьаризе. Гьелдаса хадуб, хьиталги хIалал гьарун, гьесие тола.

## ТIАСАЛЪУГЬИНАРО

ГъалбацIхIажи гIемерал соназ хьвадана КIуяда росулъе дарам гьабизе. Гьелъго буго гьесул гIемерисел махсарабиги гьеб росдада хурхарал ругел. Цо къоялъ, дибирлъун вугониги, кIуядерил мугIрузда бижараб гIалхул пихъил бахъараб чагъирги гьекъон вукIун вуго гьев. Гьеб гьатIан къоялъ, Кьодабазаралде уней, гьав жанив чIараб рукъалъул бетIергьаналъ, гьекъарав ГъалбацIхIажиги вихьун, гьикъун буго:

– Я вацха ХIажи, бусурбанчияс, хасго росдал дибирас, гьекъезе бегьилищ, гьеб хIарамаб бугилан тIехьалдаги рагIула, – ян.

– Мун кинниги Къородисезул кьода базараладе уней йигелъул, дуда гъова ГьоцIалъа ХIамзатхIажияв ватани, гъосда дуца гьадинан гьикъе: «Бугищ тIехьалда хъвараб бакI, БакьагьечIиса ГъалбацIхIажица кIуядерил кIулкIунадул бахъараб жа гьекъезе бегьиларин?» – абун.

Бакъанида базаралдаса юссун ячIиндал, ХIажица гьелда гьикъула:

– Ватаравищ гъова ХIамзатхIажияв?

– Ватана. Гьеб дуца абухъего тIехьалда хъвараб бакI гьечIин абуна. ТIасалъугьа, ХIажи.

– Валлагь лъугьинароха, яц, хъаба цIураб жа босун ячIинчIого, – ян тIирун чIун вуго ГъалбацIхIажияв.

## ГЬАБИХЪЕ БАЧИНЕ БИЧИЧIО

Кидаго ГъалбацIхIажи хIамузул даран-базаралда вукIунаан. Цо нухалъ гьесул хIама босизе вачIарав Къородаса гьоболасдаги гьесдаги гьоркьб гьадинаб накъит ккун буго:

– ХIажи, бичулеб хIама бугилан вачIун вуго дун духъе? – ян абула гьоболас.

– БитIахъе бицани, бичизе ракIалда букIинчIо дида гьаб, – илан азабаралда бугеб хIамихъ валагьун вуго гьев, – кинигин тIаде вачIарав мун нахъчIвазеги кIвезехъин гьечIо.

– Бегьулеб батани биче, ХIажи, гьабихъе-корохъе бачине жоги гьечIого малъкъосун вугин.

– ЛъикI буго, дица дуе гьаб хIама бичила, дуца дие кьотIи гьабуни, лъикI чури-лъимги кьун, кваназабизе.

ЛъикI бугилан, рачун квералгун, гьабула кьотIи. Бичула хIама. Амма цо анкь инелдего, хIалица билълъунеб хIамаги цебе кьотIун, къородисев ХIажил бакIалде вачIуна.

– ГъалбацIхIажи, гьабихъе бачинеян тIад раччи лъолаго, кIусун унеб рухIдакъаб жо батана гьаб хIама, гьале нахъе бачун вилълъана, – ян абула гьес.

– Я вацха, – ян кIалъала ХIажи, – дица дуе гьабихъеги корохъеги бачинейищ хIама бичун букIараб, чуриги кьун кваназабизе гурищ кьотIи букIараб?

## ЖУЖАХIАЛЪУЛ ЦIА ХIЕХЬЕЗЕ

БухIараб бакъул къоялъ, рии бакъулъ, тIад тIимугъги ретIун, годекIанив ГъалбацIхIажи вихьидал, тIаде вачIарас гьикъула:

– Щиб, ХIажи, гьадигIан багIарараб къоялъ тIимугъги ретIун вугев?

– ЖужахIалъул цIа хIехьезе кIолищали хIал бихьулев вуго, – ян жаваб кьола гьес.

## ГЬОБОЛ ВАТАРАВ КУЦ

КъулецIма росулъе щведал, сардилъ рещтIине бакI балагьизе лъугьана ГъалбацIхIажиги гьесул гьалмагъ ХIажимурадги. БакьагьечIиб колхозалъул гIияда вехьлъун вугев гьалмагъги ракIалде щун, ХIажица гьесул бакIалде рилълъаян абуна.

– Дуда гьесул бакI лъалищ, ХIажи? – ян гьикъула ХIажимурадица.

– Лъаларо.

– Кинха нилъеца гьесул бакI балагьилеб?

– Кавуги гьечIеб, къедги биххараб бакI балагье.

ТIаде ккана кавуги гьечIеб, азбаралъул къедги биххараб ригьалде. Батизеги гьеб батана гьоболасул бакI.

– КингIаги дуда лъараб? – илан тамашалъана ХIажимурад.

– Азбаралъул къедги гьабизе, рукъалда кавуги гъезе рес бугев чи чияр росулъе вехьлъун вачIинарилан пикру гьабун букIана, – ян абуна ХIажица.

## ВАЛЛАГЬ ГУРОХА, МАДУГЬАЛ…

Росулъго барахщарав мадугьаласул гвавулъе ккарав ГъалбацIхIажиги хIалае рукIарал гIолохъабиги хIалтIи лъугIун хадур кваназе гIодор чIедал, гьитIинабго хIарччинире рарал хинкIалги кIиго чиясе гIолелгIанал гьанал кескалги цере лъола гьезда. Кваналел гIемерлъун квен дагьлъунищали, хIерчч хехго чIобоголъула.

– Нужеца бисмилла бахъун батиларо, барактго лъечIо гьаб кванда, – ян абула мадугьалас.

– Валлагь гуроха, мадугьал, бисмилла бахъулел гIемерлъун, хIерччги гьитIинлъун ккана, – ян мадугьал гIодове виччазавула ХIажица.

## ДУН ГIЕДЕГIУН ГЬЕЧIО

Цо нухалъ къарумав мадугьаласул бакIалде щварав ГъалбацIхIажи, белъунеб гьанал махIги чIван, кидадай гьес цебе бахъилаян чIана. Гьев инародаян мадугьалас абуна:

– Хераб цIцIел гьан тIамун букIана, жакъа белъунеб жо аб гуроха.

– КIваричIин, – илан абуна ХIажица, – дунги херав чи вуго, чIаралъуса сордо бащалъичIого вахъун бажаруларо.

## МИСКИНЛЪИ КИБЕ ИНЕБ?

ГъалбацIхIажил букIана кIудияб хъизанги мискинаб рукъги. Гьеб мискинлъи чIалгIарав вас Камалица инсуда абуна:

– Дада, гьаб мискинлъи нилъеда тIаса ине бегьулареб жойищ?

– Алъие щай дир вас, нилъедаса тIаса ун, – хIеренай эбелги нужер, лъикIал лъималги нилъер, росулъго лъилниги ракI бакъвазе гьабуларев эменги нужер, лъица къварид гьабунха гьаб мискинлъи нилъер рокъоса къватIибе инеб? – абун сабурго жаваб кьуна ГъалбацIхIажица.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

## Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

